12

2010


НАРТЫ КАДДЖЫТÆ



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**
Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**
Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ,
Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2010

# МАХ ДУГ

**12**

**2010**

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**
Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли, НÆКУЫСАТЫ Наирæ,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2010

## НОМЫРЫ ИС:

**ДЗАДТИАТЫ ТОТЫРБЕГ: 100 АЗЫ**

*ДЗАДТИАТЫ Тотырбег.* **Диссаджы сæн.** Радзырд 7

**ДАУЫРÆ: 75 АЗЫ**

*ДАУЫРÆ.* **Дуджы улæфт.** Æмдзæвгæтæ 33

*ЧЪЕРДЖИАТЫ Умархан.* **Æцæг цаутæ** 40

*ХÆМЫЦАТЫ Албег.* **Мæ цардвæндаг — уæззау.** Æмдзæвгæтæ 55

*САУТÆТЫ Тамилæ.* **Новеллæтæ** 61

*КЦОЙТЫ Астемыр.* **Мысинæгтæ** 67

**АБАЙТЫ ВАССО: 110 АЗЫ**

*АБАЙТЫ Вассо.* **Сталин.** Уац 76

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 89

**РÆСТÆГ — РÆСТÆВЗАРÆН**

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* **Хъæстытæй хъæзтытæ? Документалон æрмæг** 95

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

*МАМИАТЫ Изетæ.* **Аивад — удварны рæзæн** 122

**«Мах дуг» 2010 азы ныммыхуыр кодта** 137

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*





*Тотырбег Мамсыраты Хаджы-Умар ӕмӕ Дӕбеимӕ.*



*Тотырбег йӕ чызг Зӕлинӕ ӕмӕ уый хъӕбул Тимуримӕ.*

*ДЗАДТИАТЫ Тотырбег*

# ДИССАДЖЫ СÆН

*Радзырд*

Кавказы хæхты тæккæ астæу бацыд тынг арф нарæг ком. Ком куыд арфдæр цыди, афтæ къабæзтæ уагъта фæйнæрдæм. Комы къæдзæхтæ æмæ дуртыл йæхи хойгæ цы дон цæуы, уый куыд дæлæмæ стырæй-стырдæр æмæ фыдуагæй-фыдуагдæр кæны, уымæн æмæ йæм комы къабæзтæй кæлынц цæугæдæттæ. Дон комæй коммæ куыд хæццæ кæны, афтæ йыл алчидæр æвæрдта æндæр ном. Æппынфæстагмæ быдырмæ ‘ввахс йæ бындурон ном сси Леуахи.

Ацы стыр комы æмæ йæ къабæзты уæд уæрдонфæндаг нæ уыди, – комы æмæ йæ алы къабæзты кæд тынг бирæ адæм царди, алы къуыппыл æмæ алы цыргъыл дæр хъæу, – уæддæр цыдысты фистæгæй, хор хастой æккойæ Чъребайæ, Гурæй, кæнæ та суанг Калакæй дæр. Химидæг цы зæххы гæбæзтæ уыд, уыдон Мачабелтæ байстой адæмæй, æмæ зæххытыл цæрджытæн сæ афæдзы куыстæй мæй-дыуумæ мæйы фаг дæр хор не ‘взæрд. Уымæ гæсгæ хорагур ацы кæмттæй алы ранмæ дæр æфтыдысты, æмæ æвæндаг ком дæр æнæтуг æргæвст кодта адæмы.

Иннæ хъæутæй уæлдай рæсугъддæр ран царди Дæллагхъæу. Раджы кæддæр бафтыдысты ардæм адæм, æмæ сæхицæн

дыууæ комы астæу, хæхтæй цы къуылдым æрхаста, уый тæккæ тигъыл æрфысым кодтой Дæллагхъæуы бындурæвæрджытæ, хъæуы бынат ахсгæйæ, раст бацыдысты хъуыддагмæ: хъæуы бынат æрцахстой ахæм ран, æмæ йын, фыццагдæр, зæй фæласынæй тас нæ уыд: дыккагæй, æцæгæлон тыхгæнджытæн æрбахъуызæн ничердыгæй уыд, къуылдыммæ алы æрбацæуæнтæ дæр хорз зындысты. Æцæг æм дон дард уыд æмæ хъуыды кодтой: «Сылгоймæгтæ уымæн сты, æмæ дон дæр хæссой, куыроймæ цæуой, хæдзары куыст кæной». Æртыккаг æмæ сæйрагдæр хъуыды та уыд уый, æмæ ацы ран хуымгæнды, хосгæрсты æмæ сæрвæты зæххытæ, стæй хъæд дæр уыд æвæджиау хорз. Æмæ сæ цалынмæ æлдар йæхи нæ бакодта, уæдмæ зæххытæ уæрст уыдысты хæдзаргай, алчидæр йæ хайы алыварс самадта æмбонд дойнаг дурæй, – искæй фыс знаггад куыд ницы кодтаид хуымтæн. Афтæ байуæрстой уыгæрдæнтæ дæр. Хъæд æмæ сæрвæттæ та ныууагътой æхсæны пайдайæн. Хæдзæрттæ та се ‘ппæт дæр сарæзтой ставд дойнаг æмæ къæдзæхдурæй. Уæлхæдзæрттæ та кодтой æлыг сыджытæй – тъæпæн сæртæ. Уæлхæдзары астæуæй-иу ныууагътой хуынкъ рудзынджы бæсты, рухс мидæмæ цæмæй цыдаид, фæздæг та æддæмæ, уый тыххæй.

Фæззыгон хурбон.

Хъæбæрхоры хуымтæ фæбур сты æмæ сыгъзæринау хурмæ цæхæр калдтой, дымгæйы уылæн сæ рæвдыдта æмæ æфсиртæ сæ тæлмыты хъазыдысты. Суадоны сæрмæ фæхстыл, цъæх кæрдæгыл, хызтысты уæрыччытæ æмæ родтæ. Хъæдысæры фæтæнты та-иу апырх сты лыстæг фос. Сæ алы фæрстæй бæрзонд къæдзæхты айнæджытæ æвзистау дардмæ æрттывтой.

Ахмæт Цъалайырдыгæй донбылтыл æрбацыд тыртыйы пыхсбынты иу къахвæндагыл æмæ, йæ тулдз лæдзæгыл æнцой кæнгæйæ, ссыди хуымты астæуты хъæумæ. Фаджыс æмæ хуыры бын цы нарæг уынг уыдис, уым æрлæууыдис æмæ афæлгæсыд комы æрдзон рæсугъддзинæдтæм – рагæй сæ нал федта. Стæй бацыд сæ дойнаг дурæй амад хæдзары размæ, æнæ иу сыбырттæй сабыргай æрбадт æмæ лæдзæг йæ хъæбысы æрæвæрдта. Иннæ сисрæбын хурварсы та бадт йæ мад, нымæтыл цыдæр архайгæйæ. Ахмæты нæма федта мад æмæ дарддæр кодта сабырæй йæ уынгæг хъарджытæ. Ахмæты фæндыд сусæгæй мады хъарджытæм байхъусын, фæлæ йæхи зæрдæ дæр сæнкъуысти йæ ныхæстæй æмæ йæхи нал баурæдта:

– Цы та кодтам, нана, цы та ныл ӕрцыд? – бафарста Ахмӕт ӕмӕ мадмӕ хӕстӕгдӕр бабадт. Мад йӕ хуыйын фӕуагъта, раздарӕн аивӕзта ӕмӕ асӕрфта ӕмпылд рустыл дӕлӕмӕ уайгӕ цӕстысыгтӕ, стӕй сдзырдта:

– Берд та дӕ агуырдта, мӕ хъӕбул. Райсом, дам, мын мӕ хӕс куы нӕ бафидат, уӕд сӕгъ акӕндзынӕн. Уый фӕстӕ та хъалонисджытӕ дӕр ам ӕрбалӕууыдысты. Мах, дам, йӕ бӕрзонддзинад стыр кънйазӕн йӕхицӕй ӕрвыст стӕм, хъуамӕ, дам, Ахмӕты немӕ акӕнӕм ӕмӕ йӕ салдат радтӕм, хъалонмӕ ӕхца чи бафида кънйазӕн, уый бӕсты. Уӕд мӕ удӕгасӕй баныгӕн, Ахмӕт! – Мад йӕ хъӕлӕсы дзаг ныккуыдта ӕмӕ йӕ тихалӕджы хуызӕн цӕнгтӕй Ахмӕты ӕфцӕгыл ӕртыхст. Ахмӕт ӕрсабыр кодта йӕ зӕронд мады, ныфсытӕ йын авӕрдта, стӕй йӕхи зӕрдӕ дӕр куы суынгӕг, йӕ хъизӕмар цардыл ахъуыды кӕнгӕйӕ, уӕд сыстад ӕмӕ фырмӕстӕй ӕхситтӕй зарыныл схӕцыд, афтӕмӕй хӕдзармӕ бахызт. Уым та федта ноджы зӕрдӕхалӕндӕр ныв: хӕдзары иу къуымы сӕгъы фӕздоны бын дӕйгӕйӕ сӕнықк ӕмӕ чысыл сывӕллон тохы бацыдысты: дыууӕ дӕр, зӕххыл ӕнцайгӕйӕ, ивазынц сӕгъы фӕдджытӕ дӕйынмӕ. Лӕппу сӕныччы асхуыста ӕмӕ сӕгъы фӕдӕг зыдӕй рацъырдта. Сӕнықк дӕр фӕмӕсты, йӕхи дард фӕхаста ӕмӕ йӕ дыууӕ чысыл сыкъайӕ лӕппуйы ныццавта: сывӕллон сӕгъы бынӕй ратылд ӕмӕ ныккуыдта. Ахмӕт ӕм фӕлӕбурдта, айста йӕ йӕ дӕрзӕг къухтӕм ӕмӕ фӕстӕмӕ дуармӕ рахызт, йӕхинымӕры мады ныхӕстӕ дзургӕйӕ: «Сӕгъ Берд аласдзӕн, дӕу та кънйаз салдат ратдзӕн, ӕмӕ мӕ уӕд удӕгасӕй баныгӕн». Фӕстӕмӕ та ӕрбадт ӕмӕ ӕнӕдзургӕйӕ каст сывӕллонмӕ, стӕй бахудт ӕмӕ сдзырдта:

– Сӕнықк дӕ йӕ мадмӕ нал уадзы, нӕ? Цӕмӕн дӕ бауадза? Дӕхи мад кӕм ис? Уый дзидзи цӕуылнӕ дӕйыс, мӕ хур?

Ацы ныхӕстӕ кӕнгӕйӕ та Ахмӕт ӕрбаймысыд йӕ бинойнаджы ӕмӕ цӕстытӕ донӕй айдзаг сты, афтӕмӕй ныхъхъус. Мад уый фембӕрста ӕмӕ сдзырдта кӕуын хъӕлӕсӕй:

– Хъусын дӕм, мӕ хъӕбул, дзур, цы ног хабӕрттӕ ӕрбахастай хистӕй?

– Хабӕрттӕ хабӕрттӕ сты, нана, фӕлӕ та ӕз абон ахӕм стыр хисты дӕр уайдзӕф райстон, ӕмӕ мӕн дарддӕр ахӕм цард ницӕмӕнуал хъӕуы. Кӕнӕ мӕлӕт, кӕнӕ та ном, кад.

– Цы кодтай мӕ хъӕбул, цы уайдзӕф?

– Мæ фыдæн афæдзы хист нæма скодтам, цырт ын нæ ныссагътам, æмæ амæлæт хуыздæр у, фидиссаг фестæм.

– Омæ дын урс уæрыкк æрбауон, Хуыцау дæр æмæ адæм дæр хорз куы зонынц нæ мæгуырдзинад, уæд ныл кæй зæрдæ хъуамæ фæхуда; æгæрмæгуыр бæрæгбоны нæ дзуарæн, табу йæхицæн, æртæ кæрдзыны скувын нæ бон куынæуал у. Уæд ма афæдзы хист та цæмæй скæндзыстæм!

– Ныууадз-ма æдзух дæ мæгуыры кой кæнын. Адæм нæ хæдзарыл нымайынц æмæ дæ мæгуыры хъуыддаг никæй ис, – фæмæсты Ахмæт. – Стæй мæгуыр дæр цæмæй стæм? Адæммæ ма акæс, цас дзы ис махæй хъæздыгдæр? Хæстæджытæ, æрвадæлтæ нын бирæ, æмæ куы фехъусын кæнæм, уæд нæм нæ хæстæджытæй алчидæр, æгъдаумæ гæсгæ, хъуамæ æрцæуа сабæттаджимæ, кæд ма ирон стæм, уæд. Стæй дæ рох ма уæд: дæ чындз æмæ ме 'фсымæр Калачы кæй сты, æхцайы куыст кæй кæнынц, уый.

– О мæ хур, æмæ ма уæд цæргæ та цæмæй кæндзыстæм? Дæ хъалон æмæ Берды хæс та? Стæй дын райсом æз куы 'рбамæлон, уæд та куыд, цæмæй ныгæндзынæ дæ мады мард? – Мады кæд тынг фæндыди йæ мойæн афæдзы хист скæнын, уæддæр нæ разы кодта Ахмæты ныхасыл...

– Уæдæмæ æз Калакмæ ацæуон, сæ дыууæйæ дæр æхца райсон æмæ, хистæн цы хъæуы, уыдон дæр æрбахæссон. Ау! Ныр уæдæй нырмæ нæ хæстæ æмæ иу хисты фаг дæр нæ бакуыстаиккой дыууæйæ?

– Гъеуый дын мæ зæрдæмæ цæуы, мæ хъæбул. Ныффардæг у Калакмæ, фен дæ бинойнаджы æмæ де 'фсымæры. Стæй, дæ къухы цы бафта уыдон куысты мыздæй, уымæй цы хъæуы, уый сараздзынæ, – фæныфсджындæр уæвгæйæ, загъта зæронд мад.

– Хорз æрхъуыды у, нана, фæлæ мын фæндаггаг куы 'рцæттæ кæнис, уæд æз цæуин Калакмæ, – сæрыл бæрзонддæр схæцгæйæ æмæ цыбыр сау рихитæ адаугæйæ, загъта Ахмæт.

– Баппа мæ хъæуы, Æбо! – ссыди сывæллоны кæуын æмæ зæронд усмæ йæхи баивæзта.

Зæронд ус дыууæ къухæй æрбавнæлдта, æвзалытæй ахуырст сывæллоны йæ хъæбысмæ сласта, хъæбæр риумæ йæ æрбалхъывта æмæ загъта:

– Нырtæккæ, ныртæккæ, мæ хуры чысыл...

Ахмæт дзыпмæ нывнæлдта, систа дзы сур фых дзидзайы карст æмæ дзулы кæрдих æмæ сæ бадардта йæ мадмæ:

– Мæнæ йын хай, дæхæдæг дæр дзы ахæр. Хæрнæджы мын сæ Габе аивæй мæ дзыппы афсæрста, «дæ сывæллоны дзы арæвдау», зæгъгæ. Йæхæдæг сыстад, хæдзармæ бацыд æмæ, фырмæстæй æхситтæй заргæйæ, къуымтыл афæлгæст.

Арты сыгъдысты ставдгомау бæрз суггæ, къонайыл цырагъдарæны бын хуыссыд хъулон гæды. Артдзæстмæ хæстæг тæрхæгыл афтид арынг. Арынджы фарсмæ лыстæг уисæй быд хордон къуту. Ахмæт базылд къутуйырдæм, рахъил æй кодта æмæ дзы ныхситт ласта.

– Нæ къутумæ мыст дæр нал цæуы, мыст, – сдзырдта мад...

Ахмæты мад хъæуыл ссад æфстаугур куы разылд бæлццонæн фæндаггагæн, уæд хъæуы се 'ппæт дæр базыдтой ацы хабар æмæ æнхъæлмæ кастысты, цы рауайдзæн Ахмæты балцæй, уымæ. Фæлæ уырнгæ бирæйы нæ кодта, Ахмæт Калакмæ ацæудзæн, уый.

Мад ацæттæ кодта цæхджын доны тылд хъæбæрхоры кæрдзынтæ, хуырхы гуымбылимæ сæ дзæкъулы сæвæрдта æмæ сын сæ ком фидар бабаста. Цас йæ бон уыд, уымæй скуывта «Лæгты дзуарæн» Ахмæты фæфæндарасты тыххæй. Ахмæт араст йæ дард фæндагыл.

– Дæ хъæбысы мын-иу сæ акæн мæ фырт æмæ мæ чындзы, – фехъуыст ма йæм фæсте мады ныхас. – Æнæ хор æмæ-иу æнæ сæн ма 'рбаздæх!

– Афæндараст у, Ахмæт. Уастырджи дæ хæрзтыл æмбæлæг фæкæнæд, – зæгъгæ, раарфæ кодта Габе, уынджы Ахмæтыл амбæлгæйæ.

– Хорзæй баззай, Габе. Фæлæ мын уыцы хъалтæ мæ хæрд, мæ нозт, мæ цард куыд фенад кодтой! Æгас хисты адæмыл куыд ныхъхъæр кодтой, мæ фыд мæрдты æххормагæй дзыназы, зæгъгæ. Не 'рхæсдзынæн мæ сæрмæ ахæм фидисы хъуыддаг, хъуамæ мæ фыдæн скæнон сыгъдæг сæнæй хист, æмæ се 'ппæты цæсты фиутæ дæр куыд батайой...

– Цы кæны, хист дæр æгъдауы ис.

– Дæ Хуыцауы тыххæй, Габе, курын дæ æмæ уыцы цъæх хæрæг Берды фæсабыр кæн, æмæ мын мæ иунæг сæгъ йæ хæсмæ куыд нæ аласа, мæ сывæллон æххормагæй ныммæлдзæн. Стæй куы ссæуон, уæд ын йæ хæс пайдаимæ бафиддзынæн. Кънйазы фæсдзæуинтæн дæр-иу зæгъ, зæгъгæ, кънйазæн хъалон фидынмæ ацыд Калакмæ; æз ын сæ уым бафиддзынæн.

Хæххон адæммæ кæд Калак дард каст, уæддæр Ахмæтмæ фæкаст хæстæг. Адæмы уайдзæф, йæ хæсты мæт æмæ йæ сывæллоны катай йын йæ зæрдæ сыгътой, æмæ йæ фæллад дæр нал æмбæрста.

Æртыккаг бон сихор афонтыл ын йе 'мвæндаггонтæ куы загътой, фæхæццæ кæнæм Калакмæ, зæгъгæ, уæд æй фыццаг нæ бауырныдта, стæй йæ фæллад зæрдæ уæрыккау скафыд, цæнгтæ сæхиуыл схæцыдысты, сæр фесхъæл, æмæ сау цæстытæ ныррухс сты, сæхи саразтой стыр горæтмæ. Фæлæ йæм горæт чысыл йеддæмæ нæ зынд. Цыма Афинæт горæтмæ бацæуæнырдыгæй кæроны лæууыд ног дари къабайы, сызгъæрин донытылд æвзист риуæгънæджытæ æмæ ронæй нарæг астæу æлвæстæй, афтæ касти Ахмæтмæ. Ахмæт афтæ схъæлдзæг, æмæ ма йе 'рчъитæ зæхмæ чысыл хæццæ кодтой, фæллад къæхтæ нал æвзæрстой, кæуылты уадысты, уый.

– Æмæ куыд уыд, уый куы зонис, мæ хæлар, куыд ыл бауæндыдтæн ардæм рарвитыныл, – дзырдта Ахмæт йе 'мбалæн. – Мæ фыд куы амард, уæд нæ муртæ хистыл хардзгонд æрцыдысты. Хæдзары бахæринаг ницыуал уыд. Райстон æхца хæсы хъалон фидынæн, æмæ уыдон дæр фыст нæма сты. «Сыдæй мæлынæй худинагдæр ницы ис», зæгъгæ, ме 'фсымæры бацырен кодтон, æмæ сæ мæ сылгоймагимæ рарвыстон Калакмæ æхца бакусынмæ.

– Уымæй раст бакодтой, Ахмæт, – сразы йе 'мбал дæр. – Фидынц!

– Тынг æппæлыдысты, æхсырджын æрыгон устытæн кънйæзтæ хорз мызд фидынц, зæгъгæ. Æмæ раст у, суанг нæм мидæмæ байхъуысти – хорз бынæтты ныллæууыдысты ме 'фсымæр æмæ мæ ус дæр. Ус къняазмæ ныллæууыд, æфсымæр та æфсæнвæндагыл кусы. Хорз дзы æппæлынц. Нæ комæй æрыгон устыты ракодтой комкоммæ къняæзтæн кусынмæ. Дзидзидай сывæллонæн тарстæн – мады æхсырæй куы фæцух уа, уæд амæлдзæн, зæгъгæ, фæлæ фервæзт, мæ мад æмæ нæ сæгъы руаджы. – Ацы ран та Ахмæты зæрдæ суынгæг æмæ, цыма йæ хъуыры исты фæбадт, уыйау йæ ныхас фæуагъта...

Бахæццæ сты горæты кæронмæ. Ахмæт йæ цæстытæ нæ хицæн кодта горæты нывæй, цыма йæм Афинæт горæты кæрон æнхъæлмæ каст, уыйау.

Хорхæссæгимæ фæхицæн сты горæты кæрон фыццаг

цæхгæрмæ уынджы. Ахмæт алы æмбæлæджы дæр фæрсы, кæцы ран ис, «Собачовка» кæй хонынц, уый. «Собачовка» хуынд, йæ кæстæр æфсымæр кæм цард, уый, – Калачы мидæг кусджыты сых. – Сабачовка зын ссарæн нæ уыд, стæй йын уæд ирæттæ бацамыдтой йе 'фсымæры цæрæн бынат дæр. Стыр горæты кæрон ныллæг чъизи къуымтæ, нарæг æмæ хуырджын цъыф уынгтæ. Мæнæ зæххы къахт, дойнаг дуртæй амад скъæтгонд хæдзар. Ам цæрынц æфсæнвæндагыл кусджытæ, ам цæры Ахмæты 'фсымæр, æфсæнвæндаджы кондукторы æххуысгæнæг Хъырым дæр.

Ирон кусджытæ Тоборзаты Ахмæтыл сæмбæлдысты цинимæ. Дыууæ æрдæгхафт фæйнæгæй стъолыл уайтагъд февзæрдысты сæны æвгтæ, хæринаг. Кусджыты фарстытæн, сæнæй йæ фæллад уадзгæйæ, Ахмæт лæвæрдта дзуапп, стæй мæсты дæр кодта, куыд æрæгмæ йын дзурынц, йæ ус кæм ис, куыд цæры, уый тыххæй. Бафæрсын та цæсгом кæм хъæцыд.

– Уыцы дардæй æхсызгон хъуыддаджы фæдыл æрцыдаис? – бафарста кусджытæй иу.

Хъырым куы базыдта, мад æмæ чысыл лæппу æнæниз кæй сты, уый, уæд уырдыг слæууыд æмæ æнцад, æнкъардæй хъуыс-та. Ахмæт не схъæр кодта, фидиссаг æй кæй фæкодтой, йæ фыд мæрдты дзæнæты бадыны бæсты мæгуыргур зилы, зæгъгæ, уый. Стæй йæ кънйаз салдатмæ уæй кæны, йæ иунæг сывæл-лонæн мады бæсты чи баззад, уыцы сæгъы йын Берд йæ хæстæм кæны, уый. Фæлæ уæддæр загъта:

– Нæ фыд ныл бирæ фæтухæн кодта æмæ йын кæд уæлæуыл хорздзинад фенын нæ бафæрæзтам, уæддæр мæрдты хъуамæ йæ кад бæрзонд уа. Æмæ йын сæ зæрды сыгъдæг сæнæй хист скæнын ис. Афтæ, нæ, Хъырым? – афарста Ахмæт йæ кæстæр æфсымæры.

– Афтæ, о, Ахмæт, – æвæндонæй цыбыр дзуапп радта Хъырым.

– Чи 'мбæлы, ахæм хъуыддаг у, – æнæбары сразы ис кус-джытæй иу...

– Уазæг, фæллад дæ æмæ уал аулæф, стæй та фендзыстæм, – зæгъгæ, сдзырдта Хъырымы æмдзæрджытæй иу. Ууыл бадт райхæлд. Хъырым æнкъардæй æнкъарддæр кодта. Ахмæтæн та йæ хъуыдытæ сæрæй нæ хицæн кодтой:

«Ныртæккæ фендзынæн Афинæты, йæ уадултæ хурау ныр-рухс уыдзысты, цæстытæ цæхæр акалдзысты, фæлмæн былтæ, худгæйæ, æндзæвдзысты сæнæйдзаг фæллад былтыл æмæ афæрсдзæн: «Цы фæцис мæ чысыл хъæбул?»

Хъырым ницы дзуапп лæвæрдта Ахмæты цæстæнгасæй фарстæн Афинæты тыххæй. Æппынфæстаг Хъырым сразы Ахмæты акæныныл Афинæты фенынмæ.

Цæуынц Калачы уынгты, æмæ Хъырым йæ хæххон æфсымæрæн æмбарын кæны горæты цард, куыд æй æмбары, афтæмæй; дзуры йын, кусджытæ куыд тыхджынæй-тыхджындæр змæнтынц хицауады ныхмæ, се знæгты ныхмæ, уый. Амоны йын горæты хорздзинæдтæ, фæлæ дзы Ахмæтмæ æрмæст хæрзчысыл цыдæртæ хъардта. Бахæццæ сты иу стыр цæхæрадонмæ, йæ алыварс хорз быру арæзт, мидæгæй дзы алыхуызон бæлæстæ, бандæттæ æвæрд, бирæ алыхуызон дидинджытæ. Хæрзарæзт адæм тезгъо кæнынц, дæларм-уæларм хæцгæйæ.

«Гъе, уæ бон ныссæрфат, цы тæхудиаг стут, цы, хист кæныны мæт дæр кæй нæй», – загъта йæхинымæры Ахмæт.

– Цом-ма Хъырым, мах дæр æм бацæуæм, уыцы адæмтæм бакæсæм!

– Уырдæм афтæ цæуæнтæ нæй, – загъта Хъырым. – Кæс-ма уæлæ йæ дуарыл куыд фыст ис. – Æмæ Хъырым хъæрæй бакаст:

*Солдатам, собакам и*
*черни вход воспрещен.*

Ацы фыст Хъырым куы бамбарын кодта йе 'фсымæрæн, уæд Ахмæт йæ сæр банкъуыста æмæ йæ дæндæгты къæс-къæс ссыд:

– Уыдонмæ гæсгæ куитæ, салдæттæ æмæ «сау адæмæй» хъауджыдæр нæй, и?!

– Афтæ, Ахмæт. Уый рагæй афтæ у, зæххыл паддзах æмæ уæздæттæ куы равзæрдысты, уæдæй нырмæ. Фæлæ сын ныр ам, Калачы, кусджытæ се уæнгты тас бауагътой... Цом фæлтау æндæр цæхæрадонмæ, – уырдæм цæуæн ис.

Бацыдысты «Александровский сад» кæй хуыдтой, уырдæм. Æрталынг, æмæ фæйнæрдыгæй скалдис цырæгъты рухс. Æфсымæртæ цыдысты цæхæрадоны лæгъз фæндæгтыл, дидинджыты дзæбæх тæфмæ смудгæйæ. Уым Хъырым сфæнд кодта Ахмæтæн радзурын Афинæты хъуыддаг, фæлæ та йæ ныфс нæ бахаста.

– Цæй тасы кой кодтай, цæ, Хъырым, цы тас уадзынц Калачы кусджытæ кънйæзты уæнгты?

Хъырым дзырдта Ахмæтæн, кусджытæ куыд сыстадысты сæ мызд фæфылдæр кæныныл, куысты сахæттæ фæкъаддæрыл æмæ сæрибардзинадыл. Фæлæ адон се 'ппæт дæр Ахмæтæн

уыдысты ног хабæрттæ æмæ дзы сæрмæ бирæ нæ хызт. Уæд ын Хъырым цæхгæрдæрæй загъта:

– Æгас Уæрæсе дæр сыстад паддзахы ныхмæ æмæ хъуамæ йæ бынатæй æппæрст æрцæуа.

– Ныууадзут уæ митæ, æнæ паддзахæй – зæххон хуыцауæй – цæрæн нæй. Æрхъуыды кæнут исты, цæмæй нын æлдар мауал уа, уымæн.

– Паддзах куынæуал уа, уæд æлдар дæр нал уыдзæн. Бæстыл стырдæр æлдар уый у...

Бахæццæ сты кæроны иу къордмæ. Лæг урс халаты сгары æрыгон устыты: кæмæн йæ дзидзитæ уыны, кæмæн йе 'хсырмæ кæсы, кæмæн та йе 'взаг уыны... Йæ алыварс зилынц бирæйæ æмæ дохтырæн лæгъстæ кæнынц: «мæнон тагъддæр фен», зæгъгæ. Иннæтæ базар кæнынц, хъуысынц сæ ныхæстæ:

– Туман мын фид мæй, ахæм æхсыр ам иу сылгоймагмæ дæр нæй, – фехъуыст Ахмæтмæ дзимыраг лæджы ныхас.

– Мæ бон нæу фондз сомæй фылдæр. Уый дæр хатырæй, мæгуыр лæг кæй дæ, уый тыххæй...

– Бафидауæм. Хорз мызд у...

Ахмæт фыццаг æнхъæл уыд, ам фос уæй кæнынц. Фæлæ йын Хъырым радзырдта: ацы ранмæ алы рæттæй тыхст адæмтæ, уæлдайдæр та мæгуыр Чысаны комæй, кæнынц се 'рыгон чындзыты æмæ сæ 'лдæрттæм æххуырстыты дæттынц, – сæхи сывæллæтты дзæгъæлы ныууадзынц æмæ кънйæзты сывæллæттæм зилынц, уыдонæн дзидзи дарынц.

Ахмæт джихæй аззад æмæ ма афарста:

– Уæдæ дæ чындзы дæр ам лæвæрдтай æххуырсты?

– О, мæнæ ацы бандоныл æнæхъæн бон фæбадтыстæм мæгуыр Афинæтимæ, æмæ йæ ничи æххуырста: «Ныр, дам, æй йæхи сывæллон цыппар мæйы куы фæцъырдта, уæд ма йæм цæй æхсыр баззад», зæгъгæ, йæ фаудтой уыцы тугцъиртæ. Фæлæ изæрырдæм фæзынд иу æрыгон æлдар æмæ йæ æхсырæй дæр нал бафарста, афтæмæй йæ акодта гуыбыны хæлц æмæ мæй туманыл...

Ахмæт йæ усы мызд хинымæры анымадта æмæ «дзы ныр цалдæр туманы куыст ис сыгъдæг æхцайæ», зæгъгæ, йæ зæрдæ фæфидардæр.

Хъырым йæхи нал баурæдта æмæ йæ цæстысыгтæ æркалдысты. Ахмæт æй уайдзæфты бын фæкодта:

– Цæй, бацамон мын æй, кæм ис, уый, ам æй нал ныууадздзынæн, акæндзынæн æй нæхимæ.

Хъырым ницы сдзырдта, афтæмæй араст сты стыр уынгмæ.

– Фæйнæ сæны ануазæм, – загъта Хъырым Ахмæтæн.

Ныццыдысты иу сæндон пъадвалмæ æмæ стъолы фæйнæ фарс æрбадтысты. Хъырым стъол æрхоста æмæ цыдæртæ сдзырдта гуырдзиагау. Цыбыр рæстæгмæ стъолыл февзæрдысты сæны æвгтæ, хæринаг, нуазæнтæ. Сæндоны уыд бирæ адæм. Сæнæй стъолтæ æмыдзаг, тамакойы æмæ сæны тæф мигъау сбадтысты адæмы сæрмæ. Иутæ, сæ хъæлæстæ фадгæйæ, зарынц æнæфсарм зарджытæ, иннæтæ хъæрæй дзурынц, æлгъитынц, хаттæй-хатт хыл расайы сæ ныхас. Ахмæт гуырысхо кодта Хъырымы фæдфæливæнтыл, уæлдайдæр та йæ æвиппайды цæстысыгтæ æркалдыл. Фæлæ сæн куыд тынгдæр цыд сæрмæ, афтæ ныфсджындæр кодта: «Цæй, куы аназон, уæд уæндондæр æмæ хъæлдзæгдæр уыдзынæн, Афинæтимæ сæмбæлгæйæ», – хъуыды кодта Ахмæт æмæ та-иу йæхицæй буцæй йæ сау къуыбыр рихитæ адаудта. Стæй Ахмæтмæ чысыл хъуыддаг нæ каст: фыццаг хатт Калакмæ æрæфт æмæ уым сæндоны фыны фенæгау цæл æмæ минас кæн! Уый бирæйы къухы не ‘фты...

Сæндонмæ ныццыдысты Хъырымы æмбæлттæ дыууæйæ æмæ иу æндæр, уыдонæй хистæр. Ахмæт сæм авæрдта æмбæлæггæгтæ фæйнæ нуазæны. Хистæр райста нуазæн, бирæ фæдзырдта ирон адæмы мæгуырдзинады тыххæй, мæгуырты чи ‘фхæры, уыдон тыххæй æмæ кæронырдæм загъта:

– Зын у махæн, Ахмæт, дæуæн уыцы æнамонд хабар фехъусын кæнын. Раст йе скойæ дæр зæрдæ тоны, фæлæ ныл иугæр ахæм бæллæх æрцыд, уæд ын æнæ зæгъгæ дæр цы ис, кæдмæ йæ ‘мбæхсдзыстæм.

– Цæуыл дзурыс, хорз лæг, уый мын бæстондæр куы бамбарын кæнис, уæд хорз уаид, – нал фæлæууыд Ахмæт, йæхимидæг тынг стыхсгæйæ.

– Афинæты нын уыцы хуытæ ныргæвстой, æмæ йæ мард нал фæзынд! – æваст сдзырдта Хъырым.

Ахмæт джихæй аззад, нуазæн къухæй ахауд, цæстытысыг донау æрмызт фæллад хурсыгъд уадултыл. Хъырым æмæ иннæтæн дæр сæ сæртæ гуыбырæй баззадысты. Сæндоны адæмæй бирæ ныккаст Ахмæтиты стъолмæ.

Бадджыты хистæр рауагъта гаджидау:

– Ирон сылгоймагæн куыд æмбæлы, Афинæт афтæ хæрзæгъдау, æууæнкджын разынд. Йæ сæрмæ æмæ йæ сæры хицау Ахмæты сæрмæ, стæй æгас Ирмæ дæр худинаг не ‘руагъта – æмæ рухсаг уæд...

Уыцы минут сæндоны дуары тынг гуыпп фæцыд. Дуарæй, сæрыл бæрзонд хæцгæйæ, æрбахызт ног даст сау рихиджын, цыбыргомау расыг лæг, урс цухъхъа æмæ урс хъуынджын худы. Ахмæты цæстытæ фæтар сты. Ног æрбацæуæджы сызгъæрин донытылд æвзист бæрцытæ, æхгæд рон, хъама æмæ æхгæд æхсаргард æрттывтытæ калдтой. Уый цыди, къæхтæ бæрзонд исгæйæ æмæ гыбар-гыбаргæнгæ, – йæ цæстытæ фæйнæрдæм стонг бирæгъы цæстытау зынг калдтой. Богъау кæд фудтытæ кодта, уæддæр адæмæй, алчи йæ нуазæн æмæ ныхасы койыл уæвгæйæ, цыма æмдзырд бакодтой, уыйау стыр кънйазæн йæ бынатæй дæр ничи фезмæлыди. Æрыгон кънйазæн, кæй нæ сыстадысты, нуазæнтæ йæм кæй нæ лæвæрдтой, уый йын йæ тъæнгтæ ныццагъта. Æхсаргард фелвæста æмæ стъолы цъыччытæ самадта: æвгтæ згъæлæнтæ кодтой, æмæ сæн пъолмæ калд.

– Уыныс, Ахмæт, уый нæ туджджын у, уый Мачебелтæй у – кънйаз, – йæ дæндæгты къæс-къæс ссыди, афтæмæй сдзырдта Хъырым æмæ фырмæстæй йæ бынаты базыр-зыр кодта.

– Уый нæ марæг у, зæгъыс, Хъырым, нæ рæдиис? – дыууæ авджы йæ къухты фелвæсгæйæ, афтæмæй афарста Ахмæт æмæ сыстад йæ бынатæй.

– Æнæмæнг! Æз æй афонмæ скъуыхтæ кодтаин, фæлæ сымах дæр куы фесафон, уымæй тæрсын, – загъта Хъырым.

– Мах æнæуый дæр сæфт стæм! – зæгъгæ, Ахмæт кънйазы фæстæмæ базылд, æвгты хъуыртыл гранаттау хæцгæйæ. Кънйаз та ‘хсаргард куыд фелвæста æмæ дзы стъолыл æвгтæ ныццæлхъ кæна, зæгъгæ, афтæ Ахмæты дыууæ авджы дæр кънйазы сæрыл сæмбæлдысты фæд-фæдыл. Кънйаз цæф каркау пъолыл сбæгъдулæг ис. Расыг адæмы цæстытæ атартæ сты æмæ джихæй аззадысты. Ахмæт йе ‘мбæлттимæ куыд æрбадæлдзæх сты, уый уынгæ дæр ничиуал акодта. Чидæртæ ма кънйазы йæ къабазæй сивæзтытæ кодтой, фæлæ уый Ахмæтитæ нал федтой.

– Тагъддæр дохтыр! Фæхабар кæнут пъæлицæмæ, бабын стæм! – зæгъгæ, сæндоны хицауы ‘рдиаг ссыд.

– Дохтыр ын нал хъæуы, сауджынмæ фæдзурут! – зæгъгæ, кæйдæр хъазæн ныхас фехъуыст къуымæй...

Ахмæт, Хъырым æмæ йе ‘мбал, адæмы сызмæлдæй спайда кæнгæйæ, аивæй сæхи ницы зонæг скæнгæйæ, баирвæзтысты сæ Собачовкамæ – Хъырымы цæрæнмæ. Ныр аирвæздзыстæм, зæгъгæ, сæ ныфс фæфылдæр.

* * *

Хъырым Ахмæты бахæццæ кодта поездмæ, вагоны æвзалыдоны цы асыкк уыд, уым æй æрнымæхста...

Рæстæг бирæ нæ рацыди, афтæ поезды бæзджын уаст, цæлхыты цагъд æмæ Ахмæты риуы гуыпп-гуыпп баиу сты. Ахмæт фыртæссæй нал æвзæрста, чи тынгдæр арауы кæмтты – паровозы футт-футт, цæлхыты цæлхъ-цæлхъ, æви йæ тарст зæрдæйы гыбар-гыбур. Æмæ, æцæгдæр, уый зын равзарæн уыд...

– Гъе, цы фæдæ, Ахмæт? – зæгъгæ, йæм Хъырым иуафон куы бахъæр кодта, тынгдæр тарст уæд фæкодта. Фæлæ Хъырым асыччы сæр сыгом кодта, æмæ Ахмæт уырдыгæй сбырыд æмæ йæ рыгтæ ацагъта. Хъырым æй бакодта вагоны йæхи хатæнмæ, «ныр нын тас нал у, горæтæй рахызтыстæм», зæгъгæ, æмæ хатæны дуар сæхиуыл сæхгæдтой.

Уæд Ахмæт ныуулæфыд æмæ, иудзæвгар æнкъардæй бынмæ фæкæсгæйæ, бафарста:

– Хъырым, фæстаг хатт ма кæд федтай Афинæты æмæ дын цы фæдзæхста?

Хъырым йæ хатæны рудзынгæй акаст, æмæ цæстытыл ауадысты фæстæмæ згъорæг кæмттæ, къуыбыртæ, фæззæджырдæм чи фæбур, ахæмтæ. Æнцад та бакаст Ахмæтмæ æмæ, къæхты бынæй ныуулæфгæйæ, сабыр сдзырдта:

– Зын у, тынг зын у, ме ‘фсымæр, Афинæты æз куыд федтон, уый радзурын: зæрдæ хæлгæ кæны, фæрстæ фæйнæрдæм тонынц.

– Дзур, дзур, Хъырым, нæ фæрстæ махæн айнæг къæдзæхæй арæзт сты.

– Мемæ цы чысайнаг лæппу кусы, уый дæр йæ чындзы æрласта Калакмæ, – райдыдта дзурын Хъырым поезды цæлхыты æмдзæгъды хъырнынмæ. – Уый дæр мæнæ мæнау. Иубон æй фарстон, æмæ мын куы радзырдта кънйазæй æнæфенгæ æвирхъау митæ, уæд нал фæлæууыдтæн æмæ бацыдтæн, Афинæт-иу кæм уыди кънйазы галуаны, уырдæм. Дуаргæсæн сом йæ армы куы фæсагътон, уæд мын бацамыдта, Афинæты куыд фенæн ис, уый, стæй мын æххуыс дæр бакодта йæ фенынæн. Æз æй баййæфтон кънйазы бæхты бынтæ мæрзгæ. Куы мæ ауыдта Афинæт,

уæд уисой аппæрста, æрбатахт æмæ мæ хъуыры ныттыхсти æмæ йæ бон сдзурын дæр ницыуал бацис. «Бинонтæ дзæбæх сты, дæ сывæллон дæр дзæбæх, æнæнизæй рæзы», зæгъгæ, йын ныфсытæ куы авæрдтон, уæд йæ цæсгом фæрухс ис æмæ, сдзурынмæ куыд хъавыд, афтæ кънйазы уынæргъын ссыд. «Æрбацæуы! Ам дæ куы 'рбаййафа, уæд нæ дыууæйæн дæр мæлæт, фæлæ 'мбæхсгæ!» – сдзырдта Афинæт. Æз æрæмбæхстæн арф ран æмæ сусæгæй кæсын, кæддæра цы уаид. Уыцы нæл хуы æрбацыд, скъæты марзты хæрзхъæддзинадмæ акаст æмæ сдзырдта:

– Гъе, кæм æнцондæр у, кънйазы уат æфснайын, æви скъæттæ хафын æмæ мæ къæбылаты хæссын?

Афинæт æм кæсгæ дæр нæ ракодта. Уый йæм хæстæгдæр бацыд, къухæй йæм æвналы, фæлмæн «уарзондзинады» ныхæстæ йын кæны, цæмæй кънйазмæ хъуса, æмæ уæд Афинæт уыдзæн хъæздыг, æдыхст. Фæлæ йæ Афинæт мæсты тъæпп акæны æмæ æндæрырдæм алидзы. Уый та калмау йæхи фелхъынцъытæ кæны, стæй, худгæйæ, бауайы æмæ та алæгъстæ кæны:

– Уарзын дæ, Афинæт, мæ удæй дæ фылдæр бауарзтон, – æмæ йыл йæхи хъæрццыгъайау ныццавта.

– Мæ куыдз фестæд дæ уарзон! – фæхъæр кодта уæд Афинæт, ацахста дыууæ къухæй кънйазы, ныззылдта йæ, æмæ «уарзæг» кънйаз фаджысы сбæгъдулæг ис. Кънйаз фестад æмæ йæ фæсдзæуинтæм – дуары æдде лæуджытæм фæдзырдта. Уыдон æрбагæппытæ кодтой, Афинæты къуыммæ баскъæфтой, зæхмæ йæ хъæмпытыл æрæппæрстой æмæ йын куыдзы къæбылаты йæ разы авæрдтой.

– Бафсад ныр, куыдзы зæрдæйы хицау, мæ къæбылаты, – фæхъæр кодта кънйаз Афинæтыл æмæ йæм къæбылайы хæстæгдæр басхуыста йæ къахфындзæй. Афинæт базыр-зыр кодта, фæлæ йыл уисæй æртæ цæфы куы 'руади, уæд цæстысыг калгæ, райгом кодта риутæ æмæ йæ дзидзи къæбылайы дзыхы афсæрста. Къæбылайы зыд цъæлф-цъæлф куы ссыд, уæд æм иннæ къæбылатæ дæр бауадысты æмæ цъырдтой Афинæты дзидзитæ...

Поезд йæ цыд кодта, комы арфæй-арфдæр быргæйæ.

Ацы ран Хъырымы зæрдæ тынг суынгæг ис, йе 'рыгон уадултыл цæстысыгтæ æруадысты, æмæ, цыма хъуыры исты фæсагъд, афтæ сдзурын йæ бон нал уыд æмæ фæсабыр ис.

Фæкомкоммæ Ахмæтмæ. Уый дыууæ къухы æфсæртæм сарæзта æмæ афтæмæй бадт. Рафыхти йæ маст, Хъырымы ныхæстæм хъусгæйæ, йæ хъуыдытæ иууылдæр архайдтой Афинæт æмæ йæ

чысыл хъæбулимæ. Йæ цæстытыл уыди, Афинæт кънйазы къæбылатæн куыд дары йæ сыгъдæг риутæ. Уый ныхмæ та афæдздзыд æххормаг Æхсарбег сæгъы фæдджытыл йæ уд куыд скъуыны, сæныккимæ тохы куыд бацæуы, йæ фæлмæн æмæ уарзон мады дзидзийæ æнæхай уæвгæйæ.

– Хæрзбон, хæрзбон, Хъырым! Цæуын салдат. Топп мын ратдзысты? Хорз, хорз! Лæгмæ хъуамæ топп уа! – фæсонт уæвгæйæ, ахæм ныхæстæ кæрæдзи фæдыл сдзырдта Ахмæт.

– Уыдзæн нæм топпытæ дæр, – сабыр кодта Хъырым Ахмæты.

– Дзур, уæдæ, дзур, Хъырым, цæуыл фæцис уыцы бон. Хъыраммæ зындонæй фыддæр каст, цы федта уыцы бон, уый кæронмæ дзурын, фæлæ Ахмæты цæстæнгас уæнгты ахъардта æмæ дзы иннæрдæм фæзилæн нал уыд.

– Æз-иу рацæйгæпп кодтон, – дзырдта дарддæр Хъырым, – мæ быны йæ ауæрдон æмæ йын йæ хурх стонон, зæгъгæ, фæлæ-иу мыл цыдæр хъуыдытæ фæтых сты, æмæ мæ бон стæлфын нал бацис. Фæлæ æррайы хуызæн сдæн уыцы цъаммары митæм. Мады ставд цæстысыгтæ къæбылаты сæртыл куыд калдысты, уый мæ цæстытыл уади. Худгæ та бабырыд уыцы тугдзых бирæгъ, йæ къабазæй сивæзта Афинæты æмæ йæ йæ хъæбысы æрбатыхта, апъа йын кæнон, зæгъгæ йæм йæ хуыйы бырынкъ куыд фæдардта, афтæ Афинæт йæхи атыдта, фаджыстæ мæрзæн уисой дард фæхаста æмæ дзы йе знаджы былтæ ныххафт кодта. Уый йæ басылыхъхъ фелвæста æмæ дзы йæ фаджысæй дзаг былтæ æрбатыхта, цырыхъхъы зæвæтæй æрцыд Афинæтыл, стæй фæхъæр кодта:

– Уисæй йæ фæнæмут хорз æмæ йæ хъоргъы ныппарут.

Афтæ куы загъта, уæд фæцыдæр ис. Æртæ фæсдзæуины фæлæбурдтой Афинæтмæ. Æз дæр сæм рагæпп кодтон æмæ Афинæты мæ ауон акодтон.

Уыдон хæлиудзыхæй аззадысты. Æз сæм æхца бадардтон: «Айсут, ноджыдæр ма уын æрбахæсдзынæн», – загътон. Сæ иу æхца йæ дзыппы афсæрста, иннæ фæхъæр кодта: «Тагъддæр адæлдзæх у! Мах æй удæгас ныууадздзыстæм», зæгъгæ. Афинæт дæр мын балæгъстæ кодта: «Лидзгæ тагъддæр ардыгæй, амардзысты дæ! Æмæ ма Ахмæтæн чи радзурдзæн... мæ хъысмæт... Фæдæлдзæх у тагъддæр!..» Байхъуыстон æм...

Поезд æрлæууыд иу станцæйы. Хъырым рудзынгæй акаст æмæ фыст «Станция Гори» фенгæйæ, фæхъæр кодта Ахмæтмæ:

– Тагъддæр хизгæ, æмæ дыл куыд ничи фæгуырысхо уа, афтæмæй гъæйтт кæн нæхимæ...

– Æргæвдынæй сыл ма ауæрдут, – дзуапп радта Ахмæт, Хъырымы къух хъæбæр æрæлхъивгæйæ.

Станцæйы иу лæппу, дурынтимæ рауай-бауай гæнгæйæ, хъæр кæны:

– Стад сæн кæй хъæуы!

Базылд Хъырымы вагонырдæм æмæ дзы Хъырымы æрдхордмæ иу слæвæрдта. Тæнæг гуырдзиаг райста дурын, сæнты хицауы армы цыдæр фæсагъта æмæ йын цæстытæй ацамыдта Ахмæтырдæм, уымæн дæр ауæй кæн де стад сæнæй, зæгъгæ. Сæнуæйгæнæг Ахмæты баййæфта, æнæбары йын йæ фарс дурынæй скъуырдта, стæй йæм фæзылд æмæ гуырдзиагау фæлмæн сдзырдта:

– Бахатыр кæн, ирон! Хорз стад сæн нæ балхæндзынæ? Аслам ратдзынæн.

Ахмæт йæхи фæхъуынтъыз кодта, фæлæ, лæппуйы лæгъстæхуыз цæсгом фенгæйæ, фæфæлмæндæр ис.

– Цас кæныс ис дурын? – хист кæнын æй хъæуы, уый йæ зæрдыл æрбалæугæйæ, афарста Ахмæт.

– Дард хъæуæй æрцыдтæн, æмæ мын æрæджы кæй кæны, уый тыххæй йæ айс, цас дæттыс, ууыл

– Абази дын æгъгъæд фод, лæппу! – æмæ Ахмæт сæны хицауы къухты æхца фæсагъта.

– Æрмæст дурын фæндагыл асæттынæй бахъахъхъæн, стæй йæ дæ хæдзарæй раздæр макуы байгом кæн, – бафæдзæхста сæнуæйгæнæг æмæ дурын фæсагъта Ахмæты къухты. Ахмæт йæ лæбырд зæронд цухъхъа фелвæста æмæ къæрмæгæй фидар æхгæд дурын уым æртыхта.

– А-а! Уастырджи! Хæдзарыл ма мæ дзæбæхæй сæмбæлын кæн!

Ахмæты фæндаг уыди даргъ æмæ зын. Фæлæ тасдзинад, кæд мæ фæсте сурынц, зæгъгæ, æмæ хи фервæзын кæныны тыххæй хъуыдытæ цыбырдæр кодтой Ахмæты фæндаг; уырнгæ дæр æй нал кодта, йæ мæгуыр къона ма удæгасæй ссардзæн, уый.

Фæлæ, комы куыд арфдæр цыди, афтæ йæ ныфс фылдæр кодта. Дурыныл фидар хæцгæйæ, иу каст размæ, дыууæ фæстæмæ кæнгæйæ, йæ алы размæ акъахдзæфæй бузныгæй Ахмæт тырныдта йæ хæдзармæ.

– Ныр афонмæ, – ахъуыды-иу кодта Ахмæт, – Берд сæгъ аласта йæ хæсмæ, æмæ чысыл Æхсарбег, Афинæтæй ма мын цы баззад, уый æххормагæй лыстæныл йæ къæхтæ адаргъ кодта, цæстытæ ныуурс сты æмæ удисгæйæ æнхъæлмæ кæсы мæнмæ... Æй-джиди, ныр топп уæддæр куы уаид! Уыцы Берды фæздæг скал, æмæ дæ маст ссæуа!

Бирæ удхæрдты фæстæ Ахмæт бахæццæ йæ хъæумæ. Фæлæ йæ кæм уырныдта, æцæг æрбахæццæ ис, уый. Нана куы рауад дуары бахизæнмæ æмæ йын йæ хæссинаг йе 'нцъылд къухтæй куы айста, чысыл лæппу йæм лыстæнæй куы фæгæпп кодта æмæ йын йæ фæдджитыл куы æртыхст, уæд æй бауырныдта. Сабыргай æрæвæрдта йæ худы зæронд йæ фыды нывæфтыд бандоныл æмæ систа хъæмпæйдзаг сывæллоны йæ хъæбысмæ. Йæ цæсгоммæ йын фæкомкоммæ æмæ дзы Афинæты ныв куы ауыдта, уæд та хъарм доны æртæхтæ йæ уадултыл æруадысты.

Ахмæт сæ йæ фæдджийæ асæрфта. Мад æм фæкомкоммæ ис æмæ джихæй аззад:

– Цы хабар у, мæ арт бауазал, цы 'рцыд? – Йæ архайд фæуагъта, бауад Ахмæтмæ, йæ хъæбысмæ йæ æрбалхъывта æмæ фæлмæн афарста: – Цы кодтам, цы ныл æрцыд, мæ хъæбул?

Ахмæт йæ мадæй фефсæрмы æмæ йæ лæппуйы сындæггай æруагъта къонайы фарсмæ, скасти мадмæ æмæ сдзурон, зæгъгæ, дзых куыд схæлиу кодта, афтæ дуарæй æрбайхъуысти:

– Æрбахæццæ дæ, цы, Ахмæт? – Уый уыди Ахмæты хæлар-сыхаг Габе.

– Мидæмæ, мидæмæ, Габе! – йæхи фæцырд кодта Ахмæт. – Ды кæй афæндараст кæнай, Габе, уымæн та цы нæ 'гас хæдзар ссаргæ ис!

Габе райста Ахмæты къух, æрбадт йæ фарсмæ æмæ йæм куы бакаст, уæд ын йæ уындæй фæтарст:

– Цæмæй ныффæлурс дæ, Ахмæт, цы кодтай, туджы 'ртах дæ куынæуал ис?

Ахмæт схъæр кæнынмæ нæ хъавыд йæ хъуыддæгтæ, фæлæ, куы ахъуыды кодта, уæд загъта хинымæры:

«Цы уа, уый уæд», æмæ райдыдта дзурын.

– Хорз хабарæй ницы ис, Габе. Адæм сæфынц, æмæ, дам, мæлдзыгæн йе сæфт куы 'рцæуы, базыртæ йыл уæд базайы.

– Фыдæлтæ зондджын уыдысты, уый раст у, Ахмæт, фæлæ уæддæр ног хабæрттæ цы ис дæле.

– Бирæ, тынг бирæ хабæрттæ, – дзырдта Ахмæт.

Хонæг нæ арвитгæйæ, Ахмæты хæдзар дзагæй-дзагдæр кодта хъæуы лæгтæй. Алчидæр, калакдзауы æрбацыд фехъусгæйæ, тагъд кодта йæ фенынмæ... Ахмæтмæ калдысты фæрстытæ кæрæдзи фæстæ...

– Фæйнæ уал ануазæм. Ахæм сæн къухы куыд бафтыд æмæ йæ куыд æрбахæццæ кодтон, уый мæхæдæг дæр нæ зонын...

Курæг дæн, æмæ дзы мæ фыдæн рухсаг зæгъæм, – хицæй бузныгæй загъта Ахмæт æмæ æрбадын кодта сыхæгты. Бирæтæ бацыбæл сты сæны коймæ.

– Уæ, хæрзаудæн дыл кæна, Ахмæт, йæ фыды чи нæ рох кæны! – загъта æппæты хистæр, цъæх зачъе мæллæг зæронд лæг, йæхи кæрцы хъармдæр æрбатухгæйæ. Мады зæрдæ дæр барухс ис сæнæй рухсаг кæныны коймæ æмæ фæцырддæр – цыппар тæнæг луасийы æмæ цæхдарæн фынгыл авæрдта.

– Уый базон, Ахмæт, æмæ æрæджыты ацы хъæуы йæ мардæн сæнæй рухсаг ничи загъта, – сдзырдта иннæ зæронд лæг.

Ахмæтæй рох нæ уыди, кънйазы æфхæрæджы кæй агурдзысты, уый, æмæ хъуыддаг куы фæхъæр уа, уæд æгас хъæу æфхæрды кæй цæудзæн. Мæтæй дзаг уыди йæ зæрдæ, фæлæ загъта хинымæры: «Цæй, цы уа, уый уæд, цы ‘рцыд æмæ цы ис, уымæй фыддæр нал уыдзæн». Æрыдзаг кодта сыкъатæ æмæ фыццаг нуазæн авæрдта хистæрмæ.

Хистæр иттæг хорз арæхстджын уыд ирон фынджы алы ‘гъдæуттæм, кæй зæгъын æй хъæуы, сæнæй дæр зæрдиаг рухсаг загъта...

Рæнхъ фæцæйхæццæ кодта астæумæ, афтæ кæстæртырдыгæй иу ныхас æрбайхъуыст:

– Ацырдæм фæкæс, Ахмæт, хистæртæ уæддæр бирæ фæнызтой.

– Хорз, мæ хæлæрттæ, дурын стыр у, не ‘ппæты фаг дæр у, – зæгъгæ, сдзырдта Ахмæт æмæ дурын ракъул-ракъул кæны. Фæлæ бæзджын сырх сæн дзыхълæуд ныккодта æмæ тæдзгæ дæр нал кæны. Ахмæт дисы бацыд, архайы дурынимæ, фæлæ ма кæм цæуы сæн!

– Уый бæзджын у æмæ йæ быны ныббадт, сцæгъд æй!

Нæй, Ахмæты архайдæй ницы уад. Дис фылдæр кодта.

Ахмæт нал баурæдта йæ маст, æмæ дурын артдзæсты къæйтыл бакъуырдта – йе згъæлæнтæ фæйнæрдæм фæхаудтой.

Дурыны хуылфæй гæххæттытæ тымбыл тыхтытæй ахаудтой. Бадты адæм фыццаг фæджих сты, стæй чидæртæ февнæлдтой гæххæттытæм.

– У-у-у! Ма сæм æвналут! Уым цыдæр хингонд ис! – схъæртæ кодтой чидæртæ. Зæрæдтæ сæхиуыл дзуæрттæ бафтыдтой.

– Уастырджи, фыдбылызæй нæ бахъахъхъæн, – загъта Ахмæт...

– Кæс-ма, Габе, хуымæтæджы гæххæттытæ не сты, – цыдæр фыстытæ сæ ис...

Йæ къухы ныхас скæнын никæмæн уал æфтыд, иууылдæр цæстытæ сарæзтой гæххæттытæ æмæ Ахмæтмæ.

– Михалмæ-ма фæдзурут, уый та сæм лыстæг æркæса! – фехъуыст иуы ныхас. Уый фæног кодта Ахмæты хъуыды æмæ уайтагъд фæраст Михалы агурæг.

Ацы хъæуккаг Михал чысылæй афтыд горæт Бакумæ. Уым йæ фыдыфсымæр æмæ æндæр хæстæджыты руаджы цыдæр куыстытыл фæхæст, йæ мызд йæхицæн къæбæры фаг кодта, афтæмæй куыста.

Фæлæ змæстытæ куы сарæх сты, уæд Михал змæнтджытимæ кæй уыди, уый тыххæй йæ бынатæй сырд æрцыди.

Сæхимæ куы 'рбаздæхт, уæд ыл хъæуы хицау хъоды бакæнын кодта, ома Михалы йæ хæдзармæ мачи уадзæд, стæй йæм цæугæ дæр мачи кæнæд, змæнтæгыл нымад у, зæгъгæ. Умæй уæлдай ма хъæздыг æмæ хицауадæй æууæнкджын Бердæн фæдзæхст æрцыд Михалмæ хъусдарын æмæ йæ алы фездæхты – сныхасы тыххæй дæр хицауадæн хъусын кæнын. Умæ гæсгæ, хъæууон адæмы кæд тынг фæндыд Михалы хабæрттæй фæрсын, йемæ ныхас кæнын, уæддæр уый къухы арæх не 'фтыдис. Фæлæиу уæддæр сæ ныхас фæиу кодтой æмæ куы хъæды, куы æндæр ран искуы 'мбæлдысты ныхасмæ Михалыл.

* * *

Ацы 'хсæв Ахмæтæй алцы дæр æрбайрох. Дурыны хуылфæй фыст гæххæттытæ куы ракалдысты, уæд Берд гуырд у, гуыринаг у, уый йæ хъуыдыйы дæр нал æрцыд, афтæмæй Михалы дуар æваст бахоста æмæ бадзырдта æхгæд дуары æддейæ:

– Ам дæ цы, Михал?!

Михал йæ хуыссæны фесхъиудта, ахсынмæ мæм æрбацыдысты, зæгъгæ. Фæлæ, Ахмæты хъæлæсыл фæгуырысхо уæвгæйæ, афарста:

– Чи дæ, цы дæ хъæуы ацы æнафоны?

– Михал, хъæуы адæм дæ тынг зæрдиагæй агурынц. Уæлæ мæ хæдзары æмбырдæй бадынц, – лæгъстæхуызæй сдзырдта Ахмæт.

– Цы хабар у, исчи æрбацыд, мыййаг? – йæ дзауматимæ архайгæйæ æмæ цы чиныг каст, уый æмбæхсгæйæ, афарста Михал.

– Ничи. Æз балцæй æрыздæхтæн, æндæр... Дæ хорзæхæй, ма фæзивæг кæн...

Михал тынг гуырысхо кодта ацы æнафоны фæсидтыл хъæуы 'хсæнмæ, фæлæ уæддæр рацыд Ахмæтимæ, кæй йыл æууæндыд,

уымæ гæсгæ. Хъæуы адæмимæ абад æмæ уыдонимæ зæрдæйы фæндиаг аныхас кæн, уымæй хуыздæр ма цы хъуыд Михалы. Уæлдайдæр та кусджыты астæу агитацион куыстыл сахуыр Бакуйы æмæ уыцы куыстæй цыма бынтон æххормаг уыд, ахæстоны бадти бастæй, уый хуызæн æм каст.

– Хорз хабæрттæ не ʻрбахастай, Ахмæт, Калакæй? – афарста Михал, нарæг, хуырджын уынгты Ахмæты хæдзарырдæм талынджы къуырдтытæгæнгæ цæугæйæ.

– Хабæрттæ ис, фæлæ мæ уарзон сыхаг, стыр бæллæхты бахаудтæн, хинтæ мын фæчындæуыд, æмæ ма мын кæд ды баххуыс кæнай, кæннод сæфын, – къæхты бынæй улæфгæйæ загъта Ахмæт. – Мæхæдæг нæ, фæлæ, æвæццæгæн, æнæхъæн хæдзарвæндагæй дæр Сыбырмæ хаст цæудзыстæм, кæд фыддæр нæ уа, уæддæр.

– Цæмæй сæфыс, цы ʻрцыд? – бафарста Михал æмæ дурыл æрбадт. – Чысыл уал мын ахабæрттæ кæн, уыдон дæр афæстиат уыдзысты.

– Бирæ æнамонд хабæрттæ, зынаргъ сыхаг, æнæхъæн газетты дзаг бæллæхтæ. Ме ʻфсин Калачы къньйазы къухтæй мæрдтæм бацыд, йæ мард бæрæг дæр нæу... Сæны дурын балхæдтон, æмæ, кæйдæр идон дзылар куыд разынд, уыйау мын гæххæттытæй дзаг разынд. Бæлвырдæй, чидæр схин кодта, æмæ сæ цы фыст ис, уый кæд ды равзарис...

– Сæны дурыны бынæй гæххæттытæ разынд, зæгъыс?.. Æмæ цы фесты? – хъуыддаг фембаргæйæ, афарста Михал.

– Уæлæ сæ уым æруыгътой æмæ сæ разил-базил кæнынц, фæлæ сæ бакæсын ничи зоны...

– Цом-ма, уæдæ, – нал фæлæууыд Михал дæр æмæ араст сты Ахмæты хæдзармæ...

– Гъей, æгас хæдзар ссардтай, цы, Ахмæт? Æгас цу! Ме ʻхцамæ дæм æрбауадтæн, – зæгъгæ, Ахмæты хæдзары дуары разæй фесхъиудта Берд.

– Берд, исты дæ радавтон, цы та мæм хъусыс хуынкъæй? – бауайдзæф кодта тызмæгæй Ахмæт, афтæмæй, Михалы къухыл хæцгæйæ, бахызт йæ хæдзармæ. Берд дæр сæ фæстæ уым бамидæг, хабæрттæй дæ афæрсон, зæгъгæ.

– Де ʻрбацыдмæ ма æнхъæлмæ кастæн. Ме ʻхца мын æри, æмæ дын дæ сæгъ фæстæмæ æрбакæнон, кæннод æй æргæвдын. Мæн аххос нæу.

Адæм æнцад бадтысты къонайы алыварс æмæ хæйрæджыты, стæй хингæнджыты тыххæй ныхас кодтой.

Михалы бацыдыл тынг бацин кодтой. Фæлæ Берды ныхас куы айхъуыст «фарн уе 'мбырды», зæгъгæ, уæд фæхъус сты.

– Цы фæхъус стут, цы 'рцыд æмæ цы ис, уымæй фыддæр нал уыдзæн! – хъæлдзæг сдзырдта Ахмæт. – Мæнæ-ма кæс, Михал, мæ сæны дурыны, рухсаг кæмæй кодтон, уым цытæ разынд?

Михал аивæй цæст фæныкъуылдта Ахмæтмæ. Зын фембарæн нæ уыд Ахмæтæн, Берды раз бирæ ныхасгæнæн кæй нæ уыд, уый, æмæ фæсабырдæр. Михал гæххæттытæ айста, хъæбысы сæ æрбатыхта æмæ дзы алкæмæ дæр лыстæг кæсы, уыйфæстæ та сæ йæ роны æфсæры. Адæм æнцад бадынц æмæ хъыпп-сыпп дæр никæмæй хауы. Берд цæф бирæгъы каст кæны куы Михалмæ, куы Ахмæтмæ, куы адæммæ... Фæлæ йæ бон бамбарын нæу, ам цы цæуы, уый.

Михал гæххæттыты уыцы зыдæй кæсы, циндзинад тынг æхсызгонæй цæсгомыл зыны, фæлæ та фæзæгъы:

– Ницы сын хатын, цы 'взагæй фыст сты, уый дæр не 'взарын, – æмæ та Ахмæтмæ бакæсы. Уæд Берд фæцырд æмæ хъæрццыгъайау фæлæбурдта гæххæттытæм:

– Æриут-ма, æз сæм æркæсон!

Михал гæххæттытæ йæ къухы æрбатымбыл кодта:

– Дæумæ 'рвыст не сты, æлгъаг! – фæхъæр ыл кодта, Бакуйы шпиктæ йæ зæрдыл æрбалæуугæйæ.

– Гъе, сусæг хъуыддæгтæ, змæнтæн æмбырдтæ! Фендзыстæм, уæдæ чи кæмæй уа, уый! – æртхъирæнау зæгъы Берд.

Михал йæ дзыхыдзаг бату кодта фæныкмæ, фæлæ Берд фембæрста, ууыл ту кæны, уый.

– Ды та ма нын чердыгæй æлдар дæ! – зæгъгæ, Габе фæныфсджын æмæ уæраг ацарæзта Берды синтæм. Ахмæты зæрдæ дæр нал фæлæууыд, æмæ йæ зæвæтæй ныццæфтæ кодта:

– Кæдмæ дын хатыр кæндзыстæм, налат, тугцъирты хъузон!

Зæрæдты 'ххуысæй Берд куыддæр амæлттæй фервæзт адæмы къухтæй æмæ лидзынмæ фæцис.

– Æз уын базондзынæн! Æз уын лæгау фæуыдзынæн, æз равзардзынæн, чи кæмæй уа, уый! – йæ хъæр ма хъуысти дардæй.

– Куывды ма 'рбад, хисты ма сдзур, чындзæхсæвы ма хъаз – æххормаг къæбылайау дзыхмæ кæсы æмæ алы ныхас дæр давы хицæуттæм, – уымæй йæ маст фæкъаддæр Ахмæтæн.

– Уæ къухты рынтæ уын Габе ахæра, уымæн аккаг чи фæцис! Уыдон, Берды хуызæттæ, фыдæй фыртмæ дæр хъæусафæг сты!

Михал астæумæ хæстæг æрбабадт, кæсæнцæстытæ цæстытыл авæрдта æмæ сдзырдта:

– Так!.. Хорз нæ рауад ацы Берды хъуыддаг, мæ уарзон хъæу, йæ фæстаг исты бæллæх ракъахдзæн, фæлæ цырд лæуут, кæрæдзиуыл фидар хæцут, æмæ нын уæд ницы уыдзæн.

– Цы ‘рцыд æмæ цы ис, уымæй фыддæр нæ уыдзæн, – загъта та Ахмæт, бандоныл хи æруадзгæйæ. – Топпытæ нæ куы уаид, топпытæ, уæд...

– Ацы гæххæттыты цы фыст ис, уый базонын уæ фæнды, нæ? – худæндзастæй загъта Михал.

– Куыннæ стæй, куыннæ! – схор-хор кодтой фæйнæрдыгæй.

– Мæнæ нын Ахмæт диссаджы сæн æрбахаста. Ахæм сæн, æмæ æнусмæ зæрдыл даринаг у!

Михал хъæрæй бакаст, дурыны састæй цы прокламацитæ рахауд, уыдонæй цалдæр æмæ сæ бамбарын кодта адæмæн. Æрхаста иу-цалдæр хабары, Гуры зæхкусджытæ куыд тох кæнынц сæ кънйæзты ныхмæ æмæ та ныр дæр кæй цæттæ кæнынц стыр сызмæлдмæ, зæхх сæхи къухтæм райсыныл, сæхицæн хицау равзарыныл æмæ кънйæзтæн хъалонтæ нал фидыныл.

– Мæнæ ацы гæххæттыты махмæ дæр сидынц, – дзырдта дарддæр Михал, – махæн дæр æлдар цæмæй нал уа, зæхх нæхи цæмæй суа, уымæ. Нæ бон бирæ бауыдзæн, æмдыхæй, æмзондæй хæцгæйæ...

– Хъырым мын дзырдта, – ныхас йæхимæ айста Ахмæт. – Уæрæсейы, дам, зæхкусджытæ помещикты пырх кæнынц, сæ хуымтæ сын сæхицæн кæрдынц...

– Берд бæхыл æрхыты кæдæмдæр фескъæры, – дуарæй æрбауайæг цæхгæр фæлыг кодта ныхас.

– Уый та хицæуттæм ныхас фæхæссы, – сдзырдтой цалдæрæй...

Æхсæв дæр бонмæ хæстæгдæр байдыдта. Уасджытæ уасын райдыдтой.

– Нæ фæндон нæ сфидар хъæуы. Ацы ‘хсæв хъуамæ æппæтæн дæр æххæстгæнинаг тæрхон рахæссæм. Кæд сæфæм, уæд не ‘ппæт дæр иумæ, – загъта Габе.

– Æз зæгъын, – йæ бынатæй фестад Ахмæт æмæ хъæрæй сдзырдта, – райсом кънйазы хуымтæ тыхæй ныккæрдæм, æмæ дзы кæмæн цас йæ бон уа, уыйас бафснайæд. Иннæты басудзæм. Уыгæрдæнтæм та фос аскъæрæм уæгъдæй.

Ацы ныхасмæ бирæты уæнгтæ срызтысты, Михал та йæ мидбылты бахудт.

– Хорз у, ахæм хорз æрхъуыды нæ уыдзæн, – фæцырд

ис Габе. – Уадз æмæ нæ гураг æмбæлттæ ныфсджындæр уой.

– Ныууадзут, кæстæртæ, фыдбылыз хæдзæй ма ласут, æрсытимæ кæрдо ма цæгъдут; паддзах тыхджын у, – загъта хистæртæй иу.

– Иу бон, æрмæст иу бон дæ зæххæн хицау фæу, дæ зæрдæйы фæндиаг ыл ацу, уый дæр ныртæккæйы æппæт царды аргъ у! Чи цæуы мемæ райсом тугцъиры хуымтæ кæрдынмæ? – ныфсджынæй афарста Ахмæт.

– Æз... – Æз... – Æз дæр!.. – æрбайхъуыстысты хъæртæ фæйнæрдыгæй...

– Уæ, дæ низтæ мæ уд ахæра, Ахмæт, ахæм хъару кæмæ ис, – бацин кодта Михал. – Ды нын Чермен дæ, Чермен, бирæ нын цæрай! Хистæртæ, бахатыр кæнут, фæлæ Чермены хъæбатырдзинады кой æдзух цæмæн кæнæм, кады зарæг ыл цæмæн скодтам! Гъе, ахæмты хъуамæ фæзмæм: уыййеддæмæ дæ ам Берды хуызæттæ хъазæнт, донмæ дæ тæрæнт æмæ дæ фæстæмæ æнæ донæй здахæнт, Калачы кънйæзтæ дын дæ сылгоймæгтæй хъазæнт – фæлтау мæлæт хуыздæр, æнæ цæргæ дзы нал ис, ацы куыдзы цардæй?..

Михал ацы ‘хсæв адæмы зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, æмæ иуы дæр йæ хæдзармæ къах нал хаста. «Æй-джиди, исты хорз хабæрттæ ма куы радзурид», – зæгъгæ йын адæм йæ дзыхмæ кастысты. Михал дæр куы базыдта, йæ ныхæстæ ацы ‘хсæвæй æхсызгондæр никуы бахъуыдысты, уый, уæд бынтон фемæхст.

– Сымах æнхъæл ма ут, – дзырдта Михал, – æмæ мах комы хуызæн адæм никуы тыхсынц ахæм цагъайраджы ‘фсондзæй! Бирæ милуантæ ис мах хуызæн, бирæтæ уынæргъынц хъæздгуыты æфсондзы бын. Фæлæ фæллойгæнæг адæм уыдон ныхмæ сæ тох бонæй-бон тыхджындæр кæнынц, æмæ дард нал у уыцы сахат, ацы æлгъыст цардæвæрд кæд фехæлдзæн, паддзах, зæхджынтæ æмæ капиталисттæ кæд нал уыдзысты.

Адæм æгуыппæгæй хъуыстой. Михал, йæ пиджачы æгънæджытæ суагъта, йæ ронæй сласта, чи фæбур, ахæм дыууæ газеты æмæ сæ равдыста адæммæ:

– Кæсут-ма: уый у «Искрæ»... Сусæгæй йæ мыхуыры уадзынц. Æмæ дзы фыссынц сæ хъуыдытæ, зæхх зæхкусджытæн раттын æмæ заводты кусджытæн та аст сахаты кусыны рæстæг сæвæрыны тыххæй, стæй уыдæттæ къухы куыд бафтдзысты, уый тыххæй. Фыссынц ноджы, зæхх тыхæй райсын кæй хъæуы, уый тыххæй, революци саразгæйæ, помещикты æмæ ‘лдæртты

ныппырх кæнгæйæ. Мæнæ газеты сæр «Искрæйы» бын дæр афтæ фыст ис: «Из искры возгорится пламя», – ома зынджы стъæлфæнæй пиллон арт ссудздзæн... Революцийы уылæн ранхъæвздзæн æмæ аласдзæн паддзахимæ æлдæртты дæр...

Зæрæдтæ сæ сæртæ банкъуыстой. «Революци», зæгъгæ, уый дзы ныры онг хъусгæ дæр бирæ нæма фæкодта æмæ йын бæстон дæр ницыма зыдтой. Фæлæ кънйазы хуымтæ тыхæй ныккæрдыныл фылдæрæй сразы сты.

«Чи нæ ацæуа хъæуæй кънйазы хуымтæ тыхæй кæрдынмæ, уый та нымад уыдзæн гадзрахатæй цæуæгыл, æмæ йын хъæу йæхи хæдзар куыд басудзой, афтæ.» Ахæм тæрхон дæр рахастой...

* * *

Бон дзæбæх æрбарухс. Фæззыгон æртæх æрттивгæ халас æрæвæрдта. Сылгоймæгтæ сæ хуыссæнтæй хъал кæнын байдыдтой æмæ чи йæ хъуг дуцынмæ уад, чи та йæ лæджы агуырдта.

– Фæстиат мауал кæнæм! – зæгъгæ, сдзырдта Ахмæт æмæ къуымты кусæнгарз агурыныл фæцис йæхицæн.

– Михал, Ахмæт æмæ нын Габе та хицауиуæг кæнæнт – кæрæдзи куыд æмбарæм, – сдзырдта кæстæртæй иу.

– Афтæ фæуæд, æнæмæнг! – адæм сразы сты æмхуызонæй.

Ахмæт сæрæндæр, домбайдæр арæзт лæгты иу фарс февзæрста æмæ загъта:

– Сымах цæут дæлæ комы тæккæ нарæгмæ, рындзытыл сбадут æмæ цъиутæхæг дæр куыннæ æрбауадзат, афтæ. Берд хуымæтæджы нæ ацыд фæдисы: æфхæрджыты ардæм хъæуы. Бирæйæ куы бырсой, уæд сыл-иу къæдзæхы дуртæ ракалут... Хъуамæ Хазбийæ хъæбатырдæрæй равдисат уæхи...

Дæллагхъæуы адæм уыцы хъугæмтты сызгъæрины хуызæн хуымтæ кæрдын байдыдтой мæнæн фылдæр бантысайæ. Сывæллæттæ дæр, кæрæдзи сæрты хаугæйæ, куыристæ скъæфтой сæ хæдзæрттæм æмæ сæ най кодтой.

Æлдары æххуырстытæ, сæ хид калгæйæ, ратæх-батæх кодтой, архайдтой адæмы уылæн басабырыл, фæлæ стонг фосы зад кæрдæгæй кæм баиргъæвдзынæ!

– Цырддæр æвналут, кæмæн цы йæ къухы бафта, уый йæхи! – йæ хид калгæйæ, хъæр кодта Ахмæт.

Чидæр æлдары афтид хордæттыл арт афтыдта, æмæ сæ фæздæг скалди, фæлæ уый дæр диссаг никæмæуал фæкаст.

– Уайгæ исчи фыййæуттæм æмæ сын зæгъ, фæтæнтæм –

ӕлдары уыгӕрдӕнтӕм фос куыд баскъӕрой ӕмӕ сӕ куыд ныссӕндой, афтӕ. Тагъд! – Ахмӕт дыууӕ лӕппуйӕн ацамыдта комы сӕры фӕтӕнтӕм.

Изӕрырдӕм Ахмӕты цӕстытыл ауад: фаллаг фӕрсты хъӕдӕй ӕрзындысты дыууӕ адӕймаджы. Ахмӕт йӕ каст уыдонмӕ скодта. Уыдон доны рауадысты ӕмӕ комкоммӕ цыдысты хуымгӕрдджытырдӕм. Ахмӕт ӕргуыбыр кӕны ӕмӕ стыр ӕхсырфӕй ӕрбассивы зад хор ӕмӕ та йӕ уыциу лыг скӕны.

– Хорз арӕхсыс, Ахмӕт, дыууӕ дӕстӕгӕй дын мӕныйас куырис уайы, – сдзырдта йӕм, йӕ фӕстӕ чи карста, уый.

Кӕронырдыгӕй донмӕ хӕстӕгдӕр адӕм сӕ куыст фӕуагътой ӕмӕ фаллагфарсырдыгӕй дыууӕ ӕрбацӕуӕгыл ӕрӕмбырд сты. Ахмӕтмӕ уый хъыг фӕкаст ӕмӕ фӕхъӕр кодта:

– Цӕуӕг никуы федтат, цы 'рцыди? Акусут, цалынмӕ нӕхи бар стӕм! – Ахмӕты афтӕ фӕндыд, ӕмӕ 'лдары зӕххытыл хал дӕр куыннӕуал баззадаид.

– Мӕнӕ Хъырым ӕмӕ Афинӕт! Тагъддӕр ардӕм!

– Сӕ нывонд мын фӕут, куы фӕсайат, уӕд! – сдзырдта Ахмӕт, хабарыл нӕ бауӕндгӕйӕ. Фӕлӕ уӕддӕр нӕ фӕлӕуыд йӕ зӕрдӕ, ӕмӕ сӕм, ӕхсырф йе уӕхскыл авӕргӕйӕ, тагъдтагъд ныуад. Куы ауыдта йӕ фӕллад ӕфсымӕр Хъырымы ӕмӕ, хуызы цъыртт кӕй нал уыд, уыцы зынаргъ Афинӕты, уӕд йӕ бынаты сагъдӕй аззад, ӕгомыгау фӕцис фырцинӕй. Хъырымы ныхъхъӕбыс кодта, фӕлӕ, адӕмӕй ӕфсӕрмыкӕнгӕйӕ, Афинӕтыл, йӕ зӕрдӕ куыд загъта, афтӕ бацин кӕнын нӕ бауӕндыди.

Хъӕубӕстӕ Афинӕтыл цин кӕныныл куы фесты, уӕд Ахмӕт фӕхицӕн кодта Хъырымы ӕмӕ йӕ афарста, Афинӕт куыд фервӕзти, уымӕй. Афинӕтӕн ӕлдары кӕртӕй ралидзын куы бантысти, уӕд нӕ бауӕндыди Хъырыммӕ бацӕуын, уымӕ йӕ куы ссарой, уымӕй тӕрсгӕйӕ, фӕлӕ бацыди сӕ хъӕуккаг усмӕ, базаргӕнӕджы хӕдзары кусӕгмӕ. Уым бафӕстиат ис иу къорд боны, стӕй уӕддӕр Хъырыммӕ бацыди, фӕстӕмӕ хъӕумӕ здӕхыны фӕнд скӕнгӕйӕ.

Афинӕт уайтагъд фӕраст ис сӕ хӕдзармӕ – йӕ зӕрдӕ 'хсайдта йӕ уарзон хъӕбулмӕ.

...Комӕй ӕрбайхъуыст ӕнуд гӕрах, стӕй уый фӕстӕ къӕдзӕхтӕ ныззыр-зыр кодтой. Диссаджы сӕнӕй расыг адӕм фегуыппӕг сты, стӕй сӕхи ӕгъдауӕй комырдӕм афӕдис кодтой, кӕмӕн цы йӕ къухы уыд, уыимӕ.

*1936 аз.*

# ДАУЫРÆ: 75 АЗЫ





*Дауырæ йæ итайлаг ахуыргæнинагимæ.*



*Дауырæ йæ ахуыргæнинæгтимæ.*

*ДАУЫРÆ*

# ДУДЖЫ УЛÆФТ

## СУАДÆТТÆМ ДÆР ТЕРЧЫ ХЪАРУ УÆД!

**Ныззарут, хæхтæ!**
**Ног суадон ыстыдта!**
**Æлутоны дон! Ракалди дзæбæх.**
**Фæцæуы уартæ хурсыгъд зæххы скъуыдтыл,**
**Æмбæлы хъустыл йе 'хсызгон сæх-сæх.**

**Сæуæхсид ыл ныццин кодта сæумæйæ,**
**Йæ тынтæ 'вæзта арвайдæнмæ хур,**
**Тæрккъæвда згъордта фырцинæй кæугæйæ...**
**Хæрзæггурæггаг хохæй ратылд дур.**

**Дæрддзæфгомауæй, æрхы фарсæй сусæг**
**Хъуынтъызæй кастис иунæг цæст æрмæст:**
**Кæддæры суадон. Бадомдта йæ сусæн,**
**Йæ цæссыг ма хъуынайы бынæй лæст...**

**Цæудзысты та ныр а фæзмæ фыццагау,**
**Сæ доннуазæнмæ 'Фсатийы цæуæт.**
**Хæххон суадон тæхдзæни размæ сагау,**
**Суанг денджызмæ дæр акæндзæн нæувæд.**

**Йæ фæндагыл цъæх-цъæхид цадтæ уадздзæн:**
**Хъæдабæ гауыз бамбæрздзæни зæхх.**
**Фæрныг лæг дзы дыргъбæлæстæ ныссадздзæн,**
**Йæ дойны суадздзæн дард фæндаггон бæх.**

**Уæдæ фæндараст! Амондджын бон райгуыр!**
**Дæ фæзынд цардæн ног амонд хæссæд.**
**Тых-иу кæнæд цæстуарзоны тых райдыл,**
**Уæд суадæттæм дæр Терчы хъару, уæд!**

## ХОРЗÆН БЫН МА СКÆН

*(Нæ фыдæлты зарджытæй)*

Нæ фыдæлтæ – зæрдæхæлар, цыбырарм, –
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг.
Кæддæр дам-иу хъæуваг уыди тæрхъусдзарм, –
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг.
Фых хæринаг къуырибонмæ нæ лæууы, –
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг,
Æцæг гуырды фыды фæллой нæ хъæуы, —
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг.
Афа, мæгуыр, цæрæнбонты фæкъахта
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг.
Йæ бындарæн бынтæ-бынтæ ныууагъта, –
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг.
Адайы ком хæрæ мигътæй нæ зыны, –
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг,
Æвзæр бындар фыды бынтæ «ныддымы», –
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг.
Фыд, мæгуырæг, цъæхсæр хæдзар ныззылдта, –
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг.
Йæ къамæйхъазæг фырт ын æй ныддымдта, –
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг.
Æгуыдзæгмæ æрми бынтæ нæ лæууы, –
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг.
Æцæг гуырды фыды фæллой нæ хъæуы, –
Фæрв хъæд, тæгæр тæбæгъ, тæрс уидыг...

## ИЗÆРМИЛТÆ

Æз мæ сахар изæрмилты уарзын, –
Хæхтыл уарзын фæстаг зæрин тын.
Уарзын хуримæ ‘мбæхсынтæй хъазын,
Зæххы тæрттæм йæ сусæг хъуызын.

Уарзын худгæ-куыствæллад цæсгæмттæ,
Уарзын сабиты ‘нæмæт кæл-кæл,
Уарзын фæлмæй æмбæрзт талынг кæмттæ,
Уарзын Терчы æнæнцой хæл-хæл!..

## НÆ ДÆ РАТДЗЫНÆН НИКÆМÆН УÆДДÆР

Нæ дæ фæрсын: «Кæм цардтæ ‘мæ кæй уарзтай?
Нырæй размæ ыстъалытыл кæй барстай?»
Нæ фембæлд кæд нæ ныууагъта фæд дæр,
Нæ дæ ратдзынæн никæмæн уæддæр.

Мæ цæхгæр дзырд дæ зæрдæмæ нæ цæуы,
Мæнæйуый дæ сыхагæн дæр нæ хъæуы.
Нæ дæ ратдзынæн никæмæн уæддæр.
Æруарздзынæ мæ, бауæнд мыл, кæддæр.

Æз уардитæн сæ зынгхуыздæр æвзæрстон, –
Кæй дæ ссардзынæн, уый, мæ хур, æмбæрстон.
Æндæры мын куы бауарзай кæддæр,
Нæ дæ ратдзынæн никæмæн уæддæр!

* * *

Куы дæ мæ удхæссæг фæуынын,
Куы та дæ фенынмæ бæллын.
Кæугæйæ ивгъуыдæй фæзынын,
Мæхиуыл худæгæй мæлын.

Бæргæ фæирд уаид нæ ахаст
Нæ цалдæр фембæлды фæстæ,
Уæвгæ нæ кæрдзын раджы асаст,
Фæци нæ аргъæутты бæстæ.

Цымæ, æрлæууын æз дæ зæрдыл?
Уæвгæ дæм мелæй фыст уыдтæн!..
Дæхи-иу ирхæфстай æндæртыл,
Æз дæ хъуыдтæн æрмæст цытæн.

Ныр дæр та иу къæдзилджын стъалы
Йæ симдæй арвы тыгъд мæрзы,
Ныйирд вæййы, цæхæртæ скалы!..
Мæнау ма чидæр, кæд, хъæрзы?..

*2000.20.01, доныскъæфæнтæ*

* * *

**Уæддæр ма зæгъ, цæмæн æфтауыс д’ азтыл?**
**«Зæронд дæн æз» — куыд ыскæрды дæ дзых?**
**Æз цин кæнын дæ хур цæстыты кастыл,**
**Дæ уæнгты конд мæ уæнгты уадзы тых.**

**Дæу хуры чызг дæр равзарид хæдбарæй,**
**Бынтон дисы йæ бафтауид дæ зонд.**
**Нæ дын фæтарстæн æз, мæ хур, дæ карæй,**
**Дæ разы æз мæхæдæг дæн зæронд.**

*1990.08.07*

## ЗÆХХЫ ЗÆРДÆ МА ХЪЫГДАРУТ, АДÆМ

**Зæххы зæрдæ ма хъыгдарут, адæм, –**
**Бафæллади.**
**Нал уромы рис.**
**Сæнкъуысдзæн та...**
**Даргъ хидыл æфсадæн**
**Къах æмистгæнгæ**
**Цæуæн куыд ис?!**
**Сæнкъуысдзæн та.**
**Феуæгъд уыдзæн бастæй, –**
**Хуылфы рыст фæиртасдзæни фæд...**
**Ма дзаг кæнут зæххы зæрдæ мастæй,**
**Фаг ын фестæм,**
**Æмæ йын – æгъгъæд!**
**Ма рох кæнут,**
**Ма рох кæнут, адæм:**
**Зæххы къори – стъалыйы ысхъис, –**
**Расхъиудта кæддæр-кæддæрты ардæм,**
**Уромы йæ хурзæринцæдис.**
**Ма рæмудзут зæххы хуылфы атом,**
**Ма хъыгдарут мад-зæрдæйы цæф,**
**Ма сæрра ут,**
**Ма сæрра ут, адæм,**
**Зæхх рынчын у,**
**Митау у сæлæф.**

## БАЗОН-БАЗОНТÆ

* * *

**Бæлас бырынкъæй рæхойы,**
**Раст цыма зæгæлтæ хойы.**
**Сау — йæхæдæг, сырх — йæ худ,**
**Сасчытæ — йæ дзæцц, йæ уд.**

*(Хъæдхой)*

* * *

**Ис дыууæ стыр хъусы сæрæн,**
**Джунгли, Африкæ — йæ цæрæн,**
**Сырддоны йын фенæн ис:**
**Даргъ фындзыл фæкæнæм дис.**

*(Пыл)*

* * *

**У хъæугæ дзаума хæдзары,**
**Уый дзæгъæл æвнæлд нæ бары,**
**Уый цыргъæй хуыссы æдзух, —**
**Ма дзы алыг кæн дæ къух.**

*(Кард)*

* * *

**Куы фæкæлы, куы фæчиуы,**
**Куы хъæддаг сырдау нынниуы,**
**Уынгтæ, быдыртæ мæрзы,**
**Рыгтæ фæсвæдтæм хæссы.**

*(Дымгæ)*

* * *

**Сарæзта хæдзар тынæй,**
**Къуымы ныр кæны фынæй.**
**Тынтæ йын æрцахсынц хæлц, —**
**Бындзытæн нæ вæййы бæрц.**

*(Хæлуарæг)*

* * *

Ис ын бирæгъау дæндæгтæ,
Уадзы фасгæйæ фæндæгтæ,
Тонынæй дзы ма кæн хъаст,
Пыхцылты кæны æмраст.

*(Сæрвасæн)*

* * *

Чи дзы раст у, чи — зылын,
Къухæн нæу сæ фыссын зын.
Иугæйттæй ысты лæмæгъ.
Дзырд цæмæй арæзт у, зæгъ.

*(Дамгъæтæй)*

* * *

У йæ бацæуæн хæдзарæн,
Кæртæн, уатæн æмæ царæн,
Куы æхгæд вæййы, куы — гом.
Базон-ма йын ды йæ ном.

*(Дуар)*

* * *

Нæй йын бауромæн, нæй,
Згъоры ивгъуыдмæ фæрнæй.
Бонтæ, мæйтæ, азтæ скъæфы,
Фæлæ дзæгъæлы нæ сæфы.
Йемæ ды кæныс ыстыр,
Базон-ма йæ, мæ хур, ныр.

*(Рæстæг)*

## УАРЫН – УАЗÆГ

Арвыл фегуырд «бæх æд барæг»,
Хъæдтæ, быдыртæн сæ дарæг,
Кæс: нычъчъыллипп кодта бæх,
Барæг бапырх кодта зæхх,

Хæдзæртты сæртæ ныхсадта,
Уынгтæ, бæлæстæ цынадта,
Кæрдæг ноджыдæр фæцъæх,
Баззад барæг, алыгъд бæх.

Чи уыд уазæг, гъа-ма, зæгъ?
– Барæг – къæвда, мигъ та – бæх.

## ПÆРРÆСТ

Бады бæласыл дæс цъиуы,
Хъуамæ дзы фæхæст уон иуыл.
Кæс: фæхъуызын сæм:
– Пæррæст, –
Нал сæ ауыдта мæ цæст.

## УИСОЙ

Цъылын уисойы нæ уарзта,
Алы хатт æм фаутæ хаста:
«У зылын-мылын дæ баст,
У хылы-мылы дæ марзт».

Уисой цъылынмæ фæмæсты:
«Рамæрз хуырджын кæрт мæ бæсты!»

## УАД ÆМÆ НЫВ

Цъæх мигъ урс мигъы ныббырста,
Арвыл дамгъæтæ ныффыста,
Рауад пакъуытæй нывтæ,
Ис сын хъустæ ‘мæ дзыхтæ:
Базæнгæс мигъ фестад хъаз,
Адаргъ къубал, гуыр фæфаз,
Къах – фæстæмæ, размæ – базыр,
Калм, фæхилы ныр йæ фазыл.
Рауад дугъон бæхтæ фысæй,
Уад ныссæрфта ныв йæ дысæй.

*ЧЪЕРДЖИАТЫ Умархан*

# ÆЦÆГ ЦАУТÆ

## ЧЫЗГЫСКЪÆФТ

Ælборты Ахмæт æмæ йæ бинойнаг Госæдайæн рантысти лæппу Сослан. Сосланыл дæс азы æххæст нæма цыд, уæд Ахмæт амард. Ахмæт йæхæдæг дæр нырма æрыгон уыди. Хæдзары йæ фæстæ хъæздыгдзинадæй ницы баззад. Госæда йæ лæппуимæ тыхамæлттæй цардысты.

Сосланыл æстдæс азы куы сæххæст, уæд йæ мад арæх рынчынтæ кæнын райдыдта. Фæлæ йæ амондæн йæ лæппу уыди коммæгæс, хæрзæгъдау, хæдæфсарм. Æнæхин æмæ æргомныхас. Æмбæлттæ йæ уый тыххæй тынг бирæ уарзтой. Сослан йæ мадæн алы хуызы дæр удæнцæйттæ кодта, йæ зæрдæхудты ницæмæй цыд.

Сосланы ‘мбæлттæй иу – Мурат, иуахæмы иннæтæн зæгъы:

– Уæдæмæ Сосланмæ æрхатæм æмæ йын ус ракурын кæнæм. Кæд нырма æрыгон у, уæддæр ын цы хуыздæр гæнæн ис? Æмæ Сосланæн æргомæй загътой:

– Сослан, дæ мад æнæфæразгæ у, æмæ бавдæлæм æмæ дын хъуыддаг бакæнæм. Дæ мадимæ уæ цард кæд фенцондæр уаид...

Сослан иу цъус зæхмæ фæкасти, стæй афтæ зæгъы:

– Уарзут мæ, уый хатын, мæхæдæг дæр уæ бирæ уарзын. Зонын, мæ цард бæллиццаг кæй нæ у, уый дæр, фæлæ, цæмæй

хъуыддаг бакæнай, уымæн фæллой хъæуы. Куыд зонут, афтæмæй та мын мæ фыдæй бынтæ нæ баззад. Мæхæдæг та нырма ницы исбон æрæмбырд кодтон...

Лæппутæ йын зæрдæ æвæрынц, мах дæм фæкæсдзыстæм, зæгъгæ.

– Мæ уарзон хæлæрттæ! Æз уæ бузныг дæн, мæ ныфс сымах стут, фæлæ бынтон афтид къухæй нæй хъуыддæгтæ кæнæн. Уымæ гæсгæ, уæ ныхасыл сразы уон, уый мæ бон нæу.

Рацыди цасдæр рæстæг, æмæ та Мурат йе 'мбæлттимæ Сосланы хæдзары дуармæ бадынц. Ногæй та йæм æрхатыдысты. Ацы хатт Мурат йæ ныхас фæтызмæгдæр кодта:

– Мах дæр дæ доны не 'ппарæм æмæ нæ коммæ бакæс! Мах дæ цуры стæм, æмæ ныл дæ зæрдæ дар.

Captain Сослан та сын йæ раздæры ныхæстæ загъта.

– Мурат! Мæ зæрдæмæ, зæгъæм, алчидæр цæуы, фæлæ æз мæ мæгуыр, мæ рынчын мадимæ кæй хъæуæм?! Зæгъæм, минæвар скодтон чызджы хæдзармæ æмæ сæ разыйы дзуапп райстон. Уæд, æз ирæд цалынмæ æрæмбырд кæнон, уæдмæ чызг та куырдуаты баддзæн? Науæд æндæр искæмæ чындзы фæцæудзæн, æмæ мæ амард хуыздæр нæу уæд?

– Йарæппын, нæ хъæуы хорз чызджытæ куы ис, уæлæ ма Габойы чызджытæм кæс, куыд хæрзæгъдау сты, хæрзконд, æфсарм сæм ис, уæдæ сæ фыд Габойæ дæр цы зæгъæн ис? Дзырддзæугæ, æхсарджын, уæдæ мæгуыр лæг дæр нæу.

– Æмæ Габо мæн хуызæн мæгуыртыл æрвæссы?

Уæд ын Мурат та афтæ зæгъы:

– Уæдæмæ бавдæлæм, æмæ йын йæ хистæр чызг Косерханы аскъæфæм.

Сослан фестади æмæ афтæ бакодта:

– Цытæ дзурыс, Мурат, бирæгъы дзыхы мæхи куыд баппарон?! Фæлтау мæ ус дæр нæ хъæуы. Нæ йæ зонут, цавæр тызмæг зондыл хæст у Габо, уый. Удæгасæй мæ бахæрдзæн.

– Сослан, мах дæр-иу демæ бахæрæд.

Бирæ радзур-бадзур фæкодтой. Бæргæ нæ фæндыд Сосланы чызг скъæфын, фæлæ йæ сразы кодтой. Лæппутæ фæхъæлдзæгдæр сты, куыд уæ фæнды, афтæ бакæнут, зæгъгæ, сын куы загъта, уæд.

Иу цалдæр боны рацыд, афтæ лæппутæй иу – Сафар кæсы, æмæ Габо бæлццонхуызæй йæ бæхыл бадгæ кæдæмдæр фæцæуы. Сафар Мураттæм бамидæг.

– Æгас цæуай, Сафар!

– Мурат, æз цæхæрадоны рывтон æмæ федтон, Габо бæлццонарæзтæй кæдæмдæр куыд фæцæйцыд, уый.

Изæры лæппутæ амбырд сты æмæ бауынаффæ кодтой, ацы ‘хсæв Косерханы аскъæфæм, зæгъгæ. Сослан хъуыдыты аныгъуылд. «Нырма Косерханæн дзæбæх «æгас цу» дæр куы никуыма загътон, йемæ хуымæтæг ныхасмæ дæр куы никуыма æрлæуыдтæн, уæд куыд уыдзæн?» Фæлæ йæ, йæ хорз æмгæртты зæрдæхудты бацæуа, уый дæр нæ фæнды.

Хъæды кæрон сæ бæхтæ аууон ран абастой, Габойы хæдзармæ бахъуызыдысты. Уыди бонырдæм. Косерхан иу уаты хуыссыд, йæ кæстæр хо та мадимæ иннæ уаты. Лæппутæ Косерханы хуыссæнæй фелвæстой æмæ йæ нымæты тыхтæй рахастой. Сослан йæ бæхыл абадт. Уыдон æм чызджы слæвæрдтой æмæ хъæды дурджын фæндагыл адугъ кодтой.

Иу цасдæр суадысты, афтæ Сосланы бæх фæкалд, æмæ Сослан Косерханимæ бæхы сæрты атахтысты. Чызг йæ сæр дурмæ æрхаста, йæ фындзыхуынчъытæй йæ туг æркалд, змæлгæ дæр нал скодта, афтæмæй йæ уд систа. Сосланмæ бакæсгæйæ, зæрдæ скъуыди йæ тæригъæдæй. Мурат тыхамæлттæй сдзырдта:

– Кæуынæй ницы, исты æрхъуыды хъæуы...

Сослан йæ цæссыгтæ асæрфта, йæ бæхыл абадт. Бæхы сæр лæппутæм фездæхта æмæ сæм дзуры:

– Сынт саразут, Косерханы нымæты æрбатухут. Цалынмæ мæнæй хабар уа, уæдмæ уæ мачи фезмæлæд йæ бынатæй.

Фæзылдта йæ бæх æмæ хъæуырдæм фæраст. Уæдмæ бон æрбарухс. Адæм дæр базмæлыдысты. Сослан хъæдæй рахызт æмæ йæ бæхы Габойы хæдзармæ сарæзта. Дуармæ йæ цæгыл абаста. Иучысыл алæууыд, стæй кулдуар бакодта æмæ бахызт кæртмæ. Габо йæ бæхы саргъ куыд иста, афтæ Сослан йæ цурмæ бацыд, йæ разы æрлæууыд æмæ йæ сæр йæ риуыл æруагъта. Габо лæппумæ джихтæгæнгæ кæсы, ницы йæм дзуры.

Сослан йæ сæрыл хæрдмæ не ‘схæцыд, афтæмæй сдзырдта:

– Æз бирæгъы ми бакодтон. Дысон дын ме ‘мбæлтты уынаффæйæ дæ чызг Косерханы аскъæфтон, æмæ... æмæ...

Габо сагъдауæй аззад, фæсонтдзæф.

– Уæлæ дурджын фæндагыл бæх фæкалд, мах асхъиудтам Косерханимæ æмæ... æмæ Косерхан... Нал нын ис Косерхан... Дæуæн дæр æмæ мæнæн дæр...

Уыцы ныхæстæ тыхамæлттæй куыд кодта, афтæ йæ фарсыл

дамбаца йæ тæнырдæм æрбазылдта, сласта йæ йæ агъудæй æмæ йæ дætты Габомæ:

– Æз цæттæ дæн мæлæтмæ. Мæнæ мæ дамбаца, æз мæхи дамбацайæ маринаг дæн дæуæн, – дары йæ Габомæ. Габо цалдæр ивды акодта йæ хуыз, стæй загъта:

– Æз хæдзармæ дæр нæма бацыдтæн. Лæппу, раст дзурыс æви нæ, уый дæр нæ зонын, æз ам нæ уыдтæн, фæлæ, кæд раст дзурыс, уæд мын мæ чызджы мард мæ хæдзарыл сæмбæлын кæнут, æмæ йæ бафснайæм, йæ зæххы хайыл æй сæмбæлын кæнæм. Йæ афæдзы кæндтытæ куы ахицæн уой, уæд мæм æрбаминæвар кæн, æмæ дын æз йæ кæстæр хойы ратдзынæн. Уыдонæн æз дæр сæ мады скъæфгæ акодтон. Æз æй зонын, скъæфт цы у, уый. Бафснай дæ дамбаца æмæ дæ дзы фыдбылыз кæнын макуы бахъæуæд.

Сослан сабыргай дуарырдæм араст. Рахызти кæртæй, сбадт йæ бæхыл, æмæ дын мæнæ дыууæ лæппуйы уынджы ссæуынц. Сосланы хорз зонгæтæй уыдысты уыдон дæр.

Бæх фæурæдта æмæ сæм дзуры:

– Дысон Косерханы аскъæфтам. Æнæбары фæмард ис. Ныртæккæ йæ ‘рхæсдзыстæм.

Лæппутæ ‘рдиаг кæнгæ Габойы кæртмæ баздæхтысты. Сослан фæраст хъæдырдæм. Хъæдæй хъæуы астæу уыдис иу чысыл цæугæдон, хъæуы æмбис уырдыгæй хастой дон.

Сослан уырдæм куы бахæццæ, уæд йæ бæх фæурæдта: иу æрыгон чызг донмæ æрбацæйцыд. Сослан æм дзуры:

– Хорз чызг, бахатыр кæн. Дысон Косерханы аскъæфтам, фæмард ис, ныртæккæ йæ ‘рхæсдзыстæм, йæ уæлæ æддаг дарæсæй ницы ис, æмæ нын исты дзаума куы радавис.

Чызг скуыдта, йæ бедратæ аппæрста æмæ, кæм згъоргæ, кæм цæугæ, уайтагъд гæххæтты тыхтæй дзаумæттæ радавта æмæ сæ барæгмæ слæвæрдта. Сослан йæ бæх фæзылдта æмæ хъæды смидæг. Схæццæ йе ‘мбæлттæм.

Лæппутæ уæдмæ сынт скодтой, Косерханы нымæты батыхтой æмæ йæ сынтыл æрæвæрдтой.

Сослан лæппутæм дарæс радта, мæнæ йыл адон скæнут, зæгъгæ. Йæхæдæг иннæрдæм азылд æмæ йæ цæссыг нал уромы. Скодтой йыл дзаума. Хъæды кæронæй рахызтысты, мард хæссынц разæй, сæ фæстæ лæппутæй иу бæхты кæны. Мæрдджыны кæрты кæстæртæ иу къордæй сæ размæ рацыдысты. Косерханы, æртæ-

цыппар сахаты размæ цы хуыссæнæй ахастой, уым æрæвæрдтой.

Дыккаг бон зиан бафснайдтой. Сосланы æмбæлттæ, Габойы кæрты фæлхасæй, æгъдауæй, цыдæриддæр хъуыдис, уыдон сæхимæ райстой. Косерхан æмæ Сосланмæ кæсгæйæ, уыдоны тæригъæдæй, æвæццæгæн, дур дæр аскъуыдаид мард ныгæнæн сахат.

Рæстæг цыди. Габойы хæдзары цыдæриддæр кæстæриуæг хъуыди, уый сæрæй кæронмæ æххæст кодтой Сосланы 'мбæлттæ. Йæ афæдзы кæндтæ, йæ мысæн бонтæ ахицæн сты Косерханæн. Сосланы фыдæн уыцы хъæуы уыдис æрдхорд – Хъасболат. Иу бон æм Сослан араст. Кæрæдзиуыл бацин кодтой, абадтысты иу цасдæр, стæй Сослан Хъасболатмæ дзуры:

– Æз дæумæ ссыдтæн ахсджиаг хъуыддаджы фæдыл. Хъасболат, зоныс нын нæ алы хъуыддæгтæ дæр. Раздахæн ницæмæнуал ис, фæлæ мæн фæнды Габойы чызг Сафирæты ракурын.

Хъасболат хъæлæсыдзагæй ныхъхъæр ласта, уый та куыд загътай, зæгъгæ.

– Искуы ма дæ дунетыл ахæм хъуыддаг фехъуыстай? Кæд цæфæй нæ мæлыс, уæд дын уый та рæхуыст. Дæ дзыхæй дæр макуыуал суадз ацы ныхас!

– Косерханы сæр хъуыды кæнгæйæ, кæд Сафирæты буц дарын мæ бон бауид.

– Уыдæттæ хорз, фæлæ æз ахæм хабар никуы фехъуыстон. Ахъуыды кæн, хабар Габойы хъустыл куы 'рцæуа, уæд цытæ рауайдзæн? Хорз. Цом-ма дæ фыдыфсымæр Хабосмæ.

Хъасболат æмæ Сослан бадынц Хабосы хæдзары. Хъасболат дзуры Хабосмæ:

– Сосланы фæнды Габойы чызг Сафирæты ракурын. Искуы дæ дунейыл ахæм хабар фехъуыстай?

Хабос фестади, фырмæстæй дзурынмæ дæр нал арæхст. Æппынфæстагмæ загъта:

– Стыр фыдбылызтæ куы 'рцæуа, уымæй тæссаг у. Кой дæр мауал скæн ацы хъуыддаг!

Фæлæ йæ Хабос куы бамбæрста, Сослан йæ фæнд нæ аивдзæн, уый, уæд æнæбары сразы сты Габойы хæдзармæ минæвар барвитыныл. Иу цалдæрæн загътой, фæлæ ничи комы афтæ зæгъын, Косерханы марæг дын ныр та дæ кæстæр чызджы куры, зæгъгæ. Сразы кодтой уæддæр кæйдæрты.

Иу хуыцауæхсæв Габойы хæдзары дуар бахостæуыд. Габо сæм йæхæдæг ракаст. Мидæмæ бахуыдта уазджыты, æрбадын

сæ кодта. Йæ бинойнаг Лубæ сын фынг æрæвæрдта. Фæйнæ куы банызтой, уæд Габо афтæ бакодта:

– Мæ уазджытæ стут, фæлæ, æвæццæгæн, æнæ хъуыддаг не стут.

Кæд тынг зын уыди Беслæнæн Габомæ бадзурын, уæддæр æм бафæрæзта æмæ загъта:

– Габо, мах дæ хæдзары стæм минæвар. Цы ‘рцыди, уый зонæм. Аивын нæ бон ницы у. Мах канд дæумæ нæ, фæлæ Дудаты уæздан мыггагмæ стæм минæвар Æлборты мыггагæй. Сосланы номæй.

Габо исдугмæ ницы сдзырдта, зæхмæ фæкаст, стæй æппынæрæджиау тынг ныуулæфыд æмæ загъта:

– Сымах цы курдиатимæ стут мæ хæдзары, уымæн дзуапп раттын хъæуы. Æз ахæм дзуапмæ цæттæ нæ дæн. Мæ сæр дæр, æвæццæгæн, хорз нал кусы. Ахъуыды мæ хъæуы, кæд исты æрхъуыды кæнон, уæд уын дзуапп уыдзæн. Цы, уый мæхæдæг дæр нæ зонын.

Абадтысты ма иучысыл, стæй минæвæрттæ хатыр ракуырдтой фысымтæй æмæ рацыдысты.

Се ‘рбацыдмæ Госæда, фыртыхстæй цы акæна, уый нал зоны, ома Габо исты тызмæг ныхас куы скæна йæ минæвæрттæм.

Уалынмæ уыдон сæхæдæг кæртмæ æрбахызтысты райгонд хуызæй. Сослан дæр се ‘рбацыдмæ хæдзары уыдис. Беслæн сын бамбарын кодта, бæлвырд дзуапп сын фæстæдæр кæй уыдзæни, уый. Фæлæ сæм кæй не смæсты, уый дæр уал хорз.

Иу къорд боны фæстæ Беслæн йæ дыуузæ ‘мбалимæ ногæй сæмбæлдысты Габойы хæдзары. Кæртмæ куы бахызтысты, уæд кæрты баййæфтой дыуузæ æрыгон лæппуйы. Габо та уазджыты мидæмæ бахуыдта, æрбадын сæ кодта. Лубæ та сын фынг æрæвæрдта. Габойы æфсымæр Берд дæр уæдмæ æрбахызт хæдзармæ, уазджытæн «æгасцуай» загъта. Фæйнæ нуазæны та куы анызтой, уæд Беслæн, хатыр ракургæйæ, зæгъы:

– Нæ курдиат нын зонут, æмæ мах дзуапмæ æнхъæлмæ кæсæм, Габо.

– Берд, ацы уазджытæ ма ам уыдысты. Хæстæгæн нæ агурынц Æлбортæ. Куыд дæ фæнды, ахæм дзуапп сын ратт.

Берд бирæ нæ фæхъуыды кодта:

– Дæлæ ма искæй Хазбимæ арвитут, Берд дæ агуры, зæгъгæ.

Чысыл рæстæджы фæстæ Хазби ссыди. Хистæры бынаты йæ

сбадын кодтой. Хазби фæдис кодта, адон цавæр уазджытæ сты, зæгъгæ. Хабар ын бамбарын кодтой.

Уæд Хазби хъæрæй сдзырдта:

– Гъе, уæдæ ма ам фынгыл æртæ чъирийы æрæвæрут!

Хæдзар цæттæ уыдысты алы æгъдаумæ дæр. Уайтагъд æртæ чъирийы, стæй ма цы ‘мбæлы, уыдон фынгыл æрæвæрдтой. Габо сæм дзуры:

– Ацы хæдзар Дудаты хæдзар у, сымах дæр Дудаты уазджытæ стут. Мæнæ ацы кувинæгтæ дæр мах кувинæгтæ сты æмæ сыл мысайнаг дæр нæхæдæг æрæвæрдзыстæм.

Скуывтой, бафидыдтой, кæрæдзийæн бирæ хорз арфæтæ фæкодтой. Минæвæрттæ тынг бузныгæй рацыдысты Дудаты хæдзар-мыггагæй.

Сосланы мад райрæзт, цыма дзы æппындæр ницыуал рызти, уый хуызæн йæ цæсгом ныррухс. Дыууæ хæдзары сæхи барæвдз кодтой. Иу бон снысан кодтой, æмæ уыцы бон Дудатæ чызг арвыстой. Æлбортæ та йæ хæсгæ æркодтой. Хæдзар чындз æрхастæй рæсугъд сфидыдта.

Рæстæг цыди. Сафирæт Госæдайæн тынг хорз удæнцæйттæ кодта. Фæлæ Госæда бонæй-бон лæмæгъдæр хаста, йæ чындзимæ ма куы ацардаид, уый йæ бæргæ фæндыд, фæлæ цалдæр мæйы фæстæ ахицæн. Габо йæ чызджы ‘фсинæн бирæ марды æгъдæуттæ фæкодта.

Иу бон Габомæ йе ‘рвад Хæмæт æрбацыд. Иучысыл абадтысты, стæй уæд райдыдта Габойæн уайдзæфтæ кæнын, ды нæ тудджынæн дæ чызджы куыд радтай, зæгъгæ.

– Хæмæт! Габойæн æдылы æнхъæл дæ, фæлæ нырма Габо æгъдау кæнын фæразы. Куыд дæм дæ зæрдæ дзуры, Габо ницæуыл ахъуыды кодта, афтæ дæм кæсы? Уыцы лæппу мах нæ уарзта æмæ нын уый тыххæй аскъæфта нæ чызджы? Цымæ, барæй ахаудысты бæхæй? Лæгдзинад æм нæ разынд, мæлыныл разы куы уыдис, уæд? Нæ кæстæртæ æгъдауыл сæ цард саразыны тыххæй хистæртæм сæ уынаффæ кæд радтой, уæд хистæры хæс та – уыцы уынаффæ срæсугъд кæнын!

Къорд рæстæг рацыди. Габо уæдмæ базæронд. Стæй йыл йæ хур баталынг.

Сослан йе ‘мбæлттимæ бирæ æгъдæуттæ, бирæ кæстæриуджытæ фæкодта Габойы кадæн. Лубæ баззад хæдзары иунæгæй, фæлæ йæ йæ чызг Сафирæт никуы ныууагъта æвæгæсæй.

Хæстæгæй, хионæй йын дзырдтой, дæхимæ йæ æрбакæн, зæгъгæ. Фæлæ Лубæ не 'сразы, æз мæ хæдзар дзæгъæл нæ ныууадздзынæн, зæгъгæ.

Æмæ та Лубæ дæр ахицæн йæ цардæй. Хорз марды æгъдæуттæ йын фæкодтой.

Сосланмæ бирæ хæттыты 'рхатыдысты Габойы мыггаг, дæ каисы хæдзар дæ хæдзарæй рæвдздæр у æмæ уым æрцæрут, дæхи хæдзар та уæй акæн, зæгъгæ, фæлæ сын-иу Сослан загъта, æз, дам, мусонджы цæрыныл дæр разы дæн, мæ каисты хæдзары 'рцæрыны бæсты.

Йæхи хæдзармæ дзæбæх базылд, срайдзастхуыз æй кодта, æмæ дзы адджынæй цардысты.

## БÆРÆЗГАТЫ ЧЫНДЗХАСТ

Куырттаты комы зæхх кæй нæ фаг кодта, уымæй тынг тыхстысты цæрджытæ, æмæ уый тыххæй 1910 – 1912 азты иугай-дыгай лидзын райдыдтой быдырмæ. Фæлæ уым дæр, кæм æрцардаиккой, ахæм уæгъд зæххытæ нæ уыди.

Æмæ тухæнтæ кодтой: хъæды кæрæтты, цъыфдзаст рæтты тынг зын фадæтты хæдзæрттæ арæзтой.

Уæд Дзуарыхъæуæй ралыгъдысты Бæрæзгаты бирæ бинонтæ дæр æвддæс æмæ ссæдзæй. Сæ хистæртæй чидæр хуынди Æмхъуыз, æмæ сæ уымæ гæсгæ хуыдтой Æмхъуызтæ.

Бæрæзгатæ быдыры Дзуарыхъæуы хъæдмæ 'ввахс сарæзтой хæдзар. Рагуалдзæджы йæ райдыдтой аразын æмæ йæм фæззæджы балыгъдысты: зæхбын уæттæ, сахъари къултæ, дыууæрдыгæй æлыгæй сæрст.

Райдыдтой цæрынтæ. Уыдис сæм иучысыл фысты дзуг, хъомтæ, кусæг галтæ – цыппар, бæхтæ – дыууæ. Тынг тыхстысты донцухæй – дæрддзæф сæм уыд дон. Иннæ ахæм тынг кадаварæй хуымгæнды зæхх. Бирæ зæххытæ кæмæ уыд, уыдонæй-иу баххуырстой хуымы зæхх, фæззæг та-иу сын хайыл æртыдтой нартхор.

Кæд бирæ бинонтæ уыдысты, уæддæр уарзон æмæ æнувыд уыдысты кæрæдзиуыл. Уыцы кæртæй никуы ничи фехъуыстаид тызмæг æмæ схуыст ныхас, хъазын æмæ худынæй хъауджыдæр.

Хæдзары иу къуымы дардтой хъæдын мигæнæн донæн. Уым-иу уыди сæ къуымæл дæр. Кусынмæ быдырмæ чи цыдис, уый йемæ

гоцъобийы хаста къуымæл. Алы бон дæр æртæ чындзæй кодтой хæринаджы кой, кæрæдзи ивгæйæ. Изæрæй-иу бинонтæ 'хсæвæры уæлхъус куы æрæмбырд сты, уæд-иу хæдзары нæлгоймæгтæ бауынаффæ кодтой, райсомы бон чи цы куыст кæндзæн, ууыл. Уыцы рæстæг-иу сывæллæттæ та æмбæхсынтæй хъазыдысты лæгты æхсæнты, æмæ-иу хистæртæ дæр уыдоны худт æмæ хъазтæй бахъæлдзæг сты.

Уалынмæ бæстæйыл айхъуыст цавæрдæр революцийы уæлахизы хабар. Стæй æрфидар советон хицаудзинад. Бæргæ никæй фæндыд йæ зæххытæ суæгъд кæнын, фæлæ сыл цыбыр рæстæгмæ сæ бар нал цыди. Хъæуы æмбырдтæ кæнын райдыдтой. Бæрнон лæгтæ ног цардыуаг адæмæн æмбарын кодтой. Фæзынди алы хъуыддæгты дæснытæ. Уыдон скодтой ног хъæуæн пълан. Бар радтой адæмæн уым цæрæн хæдзæрттæ аразынæн.

Бæрæзгатæ хъæдрæбынæй куы ралыгъдысты, уæд уарынвæнд скодтой. Сæ хъуыддæгтæ сын дисæн хастой цæрджытæ. Æндæртæ-иу куы уæрстой, уæд-иу сæ фæллойыл нæ фидыдтой, æмæ-иу загъд-замана рауади се 'хсæн. Адон та кæрæдзимæ хатгæ кодтой. Куыддæр фос уарынмæ æрæвнæлдтой, афтæ 'фсымæрты хистæр Тасолтан Бæзамæ багуыбыр æмæ йын лæгъстæгæнгæ дзуры:

– Хъуццытæн се 'хсырджындæр хъуамæ уа дæу, уымæн æмæ дæуæн дæ цот фылдæр сты.

Бæза нæ разы кодта. Бустæ-иу райдыдта:

– Ныр мæнæн цот фылдæр ис, зæгъгæ, уæд хъуамæ хæдзары фæллой мæхи бакæнон!

Фæлæ-иу уæдмæ иннæ æфсымæртæ дæр Тасолтаны фарс фесты:

– Афтæ, афтæ, – сдзырдтой-иу фæйнæ ранæй, – уыцы хъуг хъуамæ дæу уа!

Тасолтанæн уыдис æрмæст иу чызг Бабушкæ, зæгъгæ, æндæр ын цот нæ уыд. Садуллæйæн та къорд уыдысты. Иубон та æфсымæртæ æрæмбырд сты, æмæ дын Садуллæ афтæ куы зæгъид:

– Ме 'фсымæртæ! Бирæ фæхъуыды кодтон, æмæ мæм æрцыд иу фæнд! Тасолтанæн мæ лæппуйы дæттын! Уадз æмæ не 'фсымæрæн дæр уа йæ хæдзары лæппу!

Уыцы лæппу хуындис Хадзымырзæ...

Рæстæг рацыд, слæг ис Тасолтаны фырт Хадзымырзæ. Хъæууон скъола каст куы фæцис, уæд уæлдæр скъоламæ бацыд

Дзæуджыхъæуы. Иу афæдзы бæрц куы ацахуыр кодта, уæд хæст райдыдта. Хадзымырзæ нал сыздæхт хæстæй. Тасолтан æмæ йæ бинойнаг Бæди та сæхи чындз æрхæссынмæ цæттæ кодтой.

Хадзымырзæ уыд хæрзконд, тынг хæрзæгъдау, зæрдæргъæвд. Ахуыр дæр тынг хорз кодта. Ахуырæй-иу куы 'рцыд, уæд-иу Бæрæзгатæн уыди бæрæгбоны хуызæн...

Хæдзæрттæй алчидæр хицæн фæздæг уадзын райдыдта. Сывæллæттæ Бæрæзгаты бирæ бинонтæм уыдысты уæлдай бæрзонд æвæрд. Уымæ гæсгæ сæм уыди уæлдай хуыздæр хъусдард. Тасолтанæн астæуæй уыди йæ хæдзар æмæ-иу сывæллæттæ уырдæм æрæмбырд сты, раздæр куыд ахуыр уыдысты, раст афтæ, æмæ-иу уым хъазыдысты.

Иу бон Бæза Тасолтаны дуармæ фæйнæгæй конд бандоныл æрбадт. Йæ хистæр æфсымæр Ибрыхин æй куы ауыдта, уæд уый дæр йæ фарсмæ йæхи æруагъта. Тасолтан, æфсымæрты дуармæ бадгæ куы ауыдта, уæд сæм уый дæр йæхи хæстæг баласта. Уалынмæ Дæхцыхъо дæр сæ цурмæ ссыди.

Цыбыр дзырдæй, æфсымæртæ цыма сæ кæрæдзи раст тынг рагæй нæ федтой, уый хуызæн кæрæдзиуыл цин кæнынц æмæ хъазæн ныхæстæ æппарынц кæрæдзимæ.

Уыцы рæстæг Мысост æмæ йæ кæстæр æфсымæр Созырыхъо уым нæ уыдысты. Бæза Тасолтанмæ дзуры хъазæгау:

– Тасолтан, хæдзар дын куы ис. Мидæмæ нæ ахон.

– Рахизут! Æз уæм хонæг куы рацыдтæн, – æмæ кæрты дуар бакодта.

Æфсымæртæ кæрæдзи фæдыл бахызтысты Тасолтаны хæдзармæ.

– Мæ цыды сæр цæмæн у, уый уын зæгъон, – райдыдта Бæза. – Махæй алчидæр ныр бинонтæ у, фæлæ нырма Мысост æмæ Созырыхъо æххæст хæдзар нæма сты, æмæ мæ фæнды, Мысостæн уал бинойнаджы кой куы бакæниккам, уый. Уæхæдæг зонут, æнæфсин хæдзар куыд вæййы, уый. Æмæ уæ куыд фæнды?

Æфсымæртæ сегас дæр бацин кодтой, ног хæдзæрттæ скодтам æмæ, дам, дзы хъуамæ ног чындзытæ  дæр уа, зæгъгæ. Æмæ бауынаффæ кодтой:

– Мысостæн бамбарын кæнæм хабар. Æцæг, цы кæнæм, уый цыбыр рæстæгмæ.

Тасолтан ныхъхъуыды кодта, стæй дзуры Дæхцыхъомæ:

– Ды афæрс сылгоймæгты, кæд сæ исчи дзæбæх чызг искуы зоны, уæд нæ амонд бафæлварæм.

Сылгоймæгтæ, радзур-бадзуры фæстæ, загътой:

– Бæстон-бæлвырд нæ зонæм, фæлæ дæлæ Фыййаджыбыл Цæлыккатæм хорз чызджытæ ис, зæгъгæ, фехъусæм.

Уæд Садуллæ афтæ бакодта:

– Махæн уым Фыййаджыбыл æрвадæлтæ ис, Бæрæзгаты Газакк. Мысост дæр уемæ ацæуæд æмæ Газаччы бинонтимæ иумæ базонут хъуыддаг. Цы базонат, уый нын зæгъдзыстут.

Цæвиттон, Мысост æмæ чызг кæрæдзи зæрдæмæ фæцыдысты. Фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй ма чызгмæ уыд æндæр зæрдæхсайджытæ. Тасолтан æфсымæртæн йæ хъуыды бамбарын кодта:

– Мæн фæнды уæддæр нæ амонд бафæлварын.

Бæрæзгатæ минæвæрттæ арвыстой Цæлыккаты Темболы хæдзармæ.

Темболы æмбаргæ лæг уыди, адæмимæ хæларæй цардис. Æнæуыл ныхас дзы ничи фехъуыстаид.

Уазджытæ кæртмæ бахызтысты. Ирон æгъдауыл сæ ‘рбадын кодтой.

Фæйнæ нуазæны куы анызтой, уæд сæм Тембол дзуры:

– Мæ ныхас аипп ма уæд, фæлæ мæ хæдзары æнæ хъуыддагæй, æвæццæгæн, нæ сæмбæлдыстут?

Цопанаты Арсæмæг минæвæртты хистæр уыд, æмæ уый афтæ бакодта:

– Тембол, мах дæ хæдзармæ æрцыдыстæм Бæрæзгаты мыггагæй. Бæрæзгатæ уæ агурынц хæстæгæн. Мысост сæ лæппу у, уымæн цардæмбалæн Милуаны бацагуырдтам. Гъемæ уый фæдыл дæ хæдзары стæм...

Тембол чысыл æнæдзургæйæ ахъуыды кодта, стæй загъта:

– Æз мæнæ сымахæй цы хъусын, æндæр ницы зонын. Уымæ гæсгæ уын мæ бон ницы бæлвырд ныхас зæгъын у. Мæ бинонты зонд дæр мæ бамбарын хъæуы. Ис нын æрвадæлтæ дæр...

Иу къуырийы фæстæ та Арсæмæг йæ минæвар æмбæлттимæ Темболы хæдзары сæмбæлдысты. Тембол хæдзары нæ разынд, æмæ уымæ гæсгæ минæвæрттæ сыздæхтысты фæстæмæ. Æртæ боны фæстæ Арсæмæгитæ ногæй ныццыдысты Цæлыккатæм.

– Тембол, бахатыр мын кæн, фæлæ ацы бон æз ардыгæй æнæ исты бæрæг дзуаппæй нал аздæхдзынæн.

Темболтæм ма уыди Цæлыккатæй дæр чидæртæ. Уыцы ‘хсæв Бæрæзгатæ æмæ Цæлыккатæ бафидыдтой. Минæвæрттæ тынг разыйæ æртæ чъирийæ куы скуывтой, уæд, рæсугъд арфæты фæстæ, снысан кодтой æмгъуыды бон чындзæхсæвæн.

Чындзхасты æмгъуыд æрхæццæ. Бон уыд ирд. Стыр æхсызгонæй сæмбæлдысты чындзхæсджытыл Цæлыккаты хæдзары. Сарайы сбадын кодтой уазджыты. Кæрты фынгты уæлхъус бадтысты чызгæрвитджытæ, фысымтæ. Ирон æгъдæуттæм гæсгæ райдыдтой кувын æмæ алы сидтытæ уадзын.

Иучысыл куы абадтысты, уæд кæстæртæ бар ракуырдтой хистæртæй, хъазтмæ нын бар радтут æмæ йæ хъæлдзæг дарæм, зæгъгæ.

Кæстæрты, кæй зæгъын æй хъæуы, се ‘ппæты дæр фæндыд хъазтмæ ахизын, фæлæ уæ исчи ам баззайæд, нуазæнтæ хæссын уæ хъæудзæн, зæгъгæ, уæд Данел æмæ Гайти баззадысты...

Данел æмæ Гайти сыхæгтæ уыдысты. Иумæ хæларæй цардысты. Хуынды дæр-иу иумæ цыдысты. Данел уыди фидар уæнгты конд, бæзæрхыгтæ, фæлæ суцца, гуымиры ныхæстæ дæр-иу дзы сирвæзт.

Гайти хиуылхæцгæ, уæззау зондыл хæст, æгъдауууарзаг. Данелы гуымир ныхæстæ хорз æмбæрста Гайти, фæлæ сæ ницæмæ дардта, куыд сыхаг, æмгар, афтæ йын хатыр кодта.

Уалынмæ сæм хистæртæ фæдзырдтой, нæ цурмæ-ма ‘рбацæут, зæгъгæ. Лæппутæ рæвдз хистæрты цурмæ бацыдысты.

– Ацы нуазæнтæ ахæссут æмæ хъазты фæсивæдæн раарфæ кæнут мах номæй, хъæлдзæг нæ кæй дарынц, уый тыххæй.

Данел райста тæбæгъ, йæ уæлæ æртæ нуазæны, æмæ араст сты хъазтмæ. Хъазт уыди дуармæ цъæх нæуууыл. Данел æмæ Гайти хъазты кæрон æрлæууыдысты æмæ ‘нхъæлмæ кастысты кафты кæронмæ. Уæд сын кæстæриуæггæнæг бар радта се ‘гъдау кæнынæн. Данел разæй, Гайти йæ фæстæ, афтæмæй бахызтысты хъазтмæ. Гайти æртæ нуазæнæй дæр раарфæ кодта фæсивæдæн. Хъазты чызджытæ æртæйæ нуазæнтæ райстой, æгъдаумæ гæсгæ сæ авæрдтой лæппутæм. Уæдмæ иу чызг бауад хæстæг æмæ Данелы къухæй афтид тæбæгъ райста. Данел дын чызгмæ амцæф-уымцæфтæй цыдæртæ ма сдзура! Уæд æм Гайти аздæхт. Дзуры йæм:

– Данел, дæ уæлдай митæ-ма фæуадз, нæ нуазæнтæн нын æгъдау кæнынц.

Уыцы ныхæстæм Данел дамбаца фелвæста æмæ йæ Гайти-

йыл ныххуырста. Гайти зæххыл фæуæлгоммæ, улæфгæ дæр нал скодта.

Уыцы заманы гæрах диссаг никæмæ касти. Хорз чи кафыд, уымæн дæр-иу гæрæхтæ кодтой, чындз куы кафыд, уæддæр-иу ын гæрæхтæ кодтой йæ къæхты бынмæ. Фæлæ хъазт куы сдзолгъо-молгъо, кæуыны хъæр куы райхъуыст, уæд адæм фынгæй фæгæппытæ ластой. Семæ Куыдзиаты Бебола дæр. Бебола, цы хабар у, зæгъгæ, афарста, æмæ, дам, Данел Гайтийы амардта. Бебола уый куы айхъуыста, уæд уынгмæ разгъордта.

Данел уæдмæ лидзгæ-лидзын адард. Бебола йæ ауыдта, Данел уынджы уæлæмæ куыд фæцæйлыгъд, уый. Фелвæста йæ маузер æмæ дзы цыппар æхсты фæкодта Данелы. Цыппар нæмыджы дæр ыл сæмбæлдысты. Лæг уынджы астæу æрхауди мардæй.

Иутæ иу мардыл амбырд сты, иннæтæ иннæ мардыл. Куыдзиаты Мæйыр дæр Данелы фæстæ атахти, мардæй йæ куы федта, уæд топп фелвæста æмæ ма йæ дыууæ цæфы ныккодта. Уæдмæ Данелы 'фсымæр Алихан дæр уырдæм схæццæ. Куы бамбæрста хабар, уæд йæ мард æфсымæрмæ ныггуыбыр кодта æмæ йæм дзуры:

– Уæ, ме 'фсымæр, фыццаг цыппар нæмыджы дæхæдæг бацагуырдтай, фæлæ ма дæ мардæй цы дыууæ 'хсты фæкодтой, уый нæ ныббардзынæн!

Цæй чындзæхсæв æмæ ма цæй æндæр! Адæм цы кодтаиккой, уый нал зыдтой. Уæддæр, цы хъуыддаджы фæдыл уыдысты, уый кæнын хъуыд.

Æмæ Фыййаджыбылæй Дзуарыхъæумæ схастой иу чындз æмæ дыууæ марды.

Рæстæг цыди. Ахицæн сты Бæрæзгаты чындзы æгъдæуттæ, Куыдзиатæ æмæ Дзобелаты мæрдты кæндтытæ дæр.

Иубон хъæуы хистæртæй иу – Чъерджиаты Атъо – йæ хæдзарæй араст ис, Гуыриаты Дæхцийы дуармæ цы бандон конд уыд фæйнæгæй, уырдæм. Ссыди æмæ йыл æрбадти.

Атъо – хъæуы нымад лæг, чысыл æм ахуыргонддзинад дæр хæццæ кодта, уыди Турчы хæсты дæр. Уым райста дыууæ хæрзиуæджы йæ хъæбатырдзинады тыххæй.

Дæхци дæр хъæуы нымад хистæр уыд. Уыцы рæстæджы цардыцы ног ивддзинæдтæ цыд, уыдон хорз æмбæрста.

Дæхциты дуармæ бады Атъо. Дæхцийы лæппу Хадзысмелмæ фæдзырдта Атъо:

– Дæхцимæ ма мын бадзур.

Хадзысмел Дæхцийæн загъта, дуармæ Атъо бады æмæ дæ агуры, зæгъгæ.

Лæг рацыд, æмæ Атъоимæ кæрæдзиуыл бацин кодтой. Аныхæстæ кодтой, стæй Атъо Дæхцийæн афтæ бакодта:

– Куыд дæм кæсы Куыдзиатæ æмæ Дзобелаты хабар? Мæнмæ гæсгæ, хъуыддагæн йæ кæрон æлхынцъ нæу.

Дæхци, æмбаргæ лæг, афтæ зæгъы:

– Атъо, бузныг дæ дæн де 'рхъуыдыйæ. Мах иу хъæубæстæ стæм, æмæ, куыд хистæртæ, афтæ нæ хæс у бацархайын, цæмæй дыууæ мыггаджы кæрæдзимæ знæт цæстæй ма кæсой, ууыл. Фæлæ мах нæ дыууæ уыцы хъуыддагæн гыццыл стæм.

Арвыстой Хадзысмелы хъæуы дзырддзæугæдæр лæгтæм, Хæдарцаты Хъауырбег æмæ Цопанаты Бобомæ. Æрбацыдысты, Дæхцийы дуармæ æрбадтысты.

– Ам нæм хъуыддаджы ныхас ис, æмæ уынджы ма ныхас кæнæм, фæлæ ма мидæмæ рахизут æмæ уым адзурæм, – загъта Дæхци.

Мидæмæ куы бахызтысты, уæд Атъо загъта:

– Мæн дызæрдыджы æфтауы, Данелы марды уæлхъус йе 'фсымæр Алихан цы ныхас загъта, уый.

Данелы хистæр æфсымæр Алихан уыд æмбаргæ, æхсарджын лæг, йæ ныхæстæ уæлдæфмæ æнæууылд æмæ æнæрхъуыдыйæ не 'ппæрста. Уæззау зондыл хæст лæг уыди.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ-иу туджджынтæ куы бафидыдтой, уæд-иу уый фæстæ фыдбылыз дарддæр нал æрцыд. Искуы иу хатт ма-иу куы 'рцыд, уæд уый туджджынæн кад нæ уыди.

Адæмы 'хсæн ныхас зæгъ, къухтæ кæрæдзимæ радт, уый амыдта фидыды фидар дзырд.

Уыдис-иу афтæ дæр, æмæ-иу туджджын нæ фидыдта, æз мæ туг райсдзынæн, зæгъгæ. Уæд-иу хатыркурæг мæрддзыгой сæ зонгуытыл æрлæууыдысты æмæ-иу уæд сразы кодтой мæрдджынты, афтæмæй-иу бафидыдтой. Кæд æмæ-иу не 'сразы, уæд-иу ахæм мæрдджыныл кодтой хъоды. Ирыстоны та хъодыйæ æгаддæр ницы уыд.

Дæхци йæ ныхас кодта:

– Цæмæй фыдбылыз мауал æрцæуа нæ хъæубæсты, ууыл бакусæм.

Цыппар зæронд лæджы бауынаффæ кодтой:

– Баныхас кæнæм мæрдджын мыггаджы дзырддзæугæ лæгтимæ, фембæлд сын скæнæм.

Хадзысмелы та арвыстой Дзобелаты Бзæмæ, Куыдзиаты Дзамырзмæ. Уыдон дæр нæ фæзивæг кодтой æмæ сæмбæлдысты Дæхцийы хæдзары. Сæ хуынды сæр цæй мидæг ис, уый сын куы бамбарын кодтой, уæд хъуыдыты аныгъуылдысты.

– Бауынаффæ хъæуы, цæмæй дыууæ мыггаджы бафидауой, æмæ се 'хсæн фидар ныхас загъд æрцæуа.

Дзуарыхъæуы ма уыцы заманмæ баззадысты хъæуы хистæртæй æвзæрст лæгтæ – тæрхоны лæгтæ. Ацы лæгтæ-иу цы загътаиккой, уый уыди кæронбæттæн тæрхон.

Советон дуджы дæр ма йæ куыст чи кодта, ахæм тæрхоны æмбырд хуыдтой «Æмбалады тæрхон». Уымæн дæр йæ сæргълæууæг уыди Гуыриаты Дæхци. Æмæ тæрхоны лæгтæ фæдзырдтой Данелы 'фсымæр Алиханмæ æмæ Гайтийы 'фсымæр Дженалдыхъомæ. Æрбацæуыны агъоммæ сын сæ хуынды мидис бамбарын кодтой.

Алихан сæм не 'рбацыд, æмæ тæрхоны лæгтæ стыр мæты бахаудысты æмæ ног уынаффæмæ 'рцыдысты, зæгъгæ, саразын хъæуы дыууæ мыггаджы 'хсæн – Дзобелатæ æмæ Куыдзиаты 'хсæн – фидыды бон æмæ дзы хъуамæ уа иумæйаг хист дæр.

Дыууæ мыггаджы дæр сæхи нæ аластой уыцы фæлхасæй.

Тæрхоны лæгтæ уыцы бон сæ хъуыды загътой, цæмæй Куыдзиатæ Дзобелатæн бафидой æртиссæдз туманы, Куыдзиаты Мæйыр ма марды дыууæ 'хсты кæй фæкодта, уый тыххæй. Ууыл уæлдай зæгъæн ницыуал уыд.

Рæстæг цыди, фæлтæр ивта фæлтæры. Куыдзиатæ æмæ Дзобелатæ кæрæдзимæ хæстæг цардысты, абон дæр афтæ цæрынц сыхæгтæй. Кæрæдзимæ сæ хæрам зæрдæ ничи дары, се 'хсæн хæстæгдзинад цæуы рагæй. Бахъуыды сахат кæрæдзи агурынц, кæрæдзийæн æгъдаудæттæг сты.

Адæмы фарн тыхджын у. Чи йæ нымайы, уый та – æвæсмон.

*ХÆМЫЦАТЫ Албег*

# МÆ ЦАРДВÆНДАГ – УÆЗЗАУ

## ХОХАГ НЫВТÆ

**Дзодарагъ æфцджытыл**
**Атылд, цалхау, хур.**
**Хохы дур уæхсчытыл**
**Æхсæрдзæн ныммур.**

**Аууæттæ пырхытæй**
**Адгуыты зынынц.**
**Митвæдтæ хæххытæй**
**Хохвæхстæй кæсынц.**

**Арф комы рæбынæй**
**Хъал дымгæ тæхы.**
**Ихджын дон æрфынæй**
**Гакъæттæ æрхы.**

**Урс мигъвæлм Хъæриуыл**
**Ауыгъдæй лæууы.**
**‘Рхæндæг зæрдæ риуы**
**Дард уарзтыл кæуы...**

* * *

*Цард доны къусæй уæлдай нæу, кæцырдæм фæкъул уыдзæн, уый ничи зоны.*

***Ирон æмбисонд***

**Цард адæймагмæ алыхатт нæ худы,**
**Кæнæм æдзух йæ хорзæхмæ тæхуды.**

**Æууæнк ыл нæй: куы цин кæны нæ уарзтыл,**
**Куы та лыстæг цæхх байзæры нæ мастыл.**

**Уый хъазæнхъултау адæмæй фæхъазы,**
**Ыстæй та фесты уаз бæллиц нæ разы.**

У доны къус... Ӕлхынцъытæ – йæ митæ,
Ыскæны нын уæззау фæндæгтыл хинтæ.

Цæуæм уæддæр хуыздæр дугмæ йæ фæстæ,
Кæд искуы ссарид рухс амонд нæ хъæстæ.

## САБИДУГ МЫСГӔЙӔ

Хуыскъадаг[1] та, къæртт ихтæ ласгæ, зары,
Йæ сæрмæ хæхтыл арвы уаццаг – цъæх.
Цыдæр цин зæрдæ химидæг æнкъары,
Улæфы фахсыл хуры хъарммæ зæхх.

Баба кæны йæ зæронд гутон цалцæг,
Ӕвзары кæрты тауинаг мæ мад.
Ӕрцыди та нæ гыццыл хъæумæ уалдзæг.
Ӕз дæр кæм бадын ацафон æнцад!

Мæ уисын бæх æрцæфтæ кæнын ехсæй,
Ӕцæг барæгау, донбылтыл – мæ дугъ.
Кæнæ тъæпæн дур урс уылæнтæм фехсын,
Нæ вæййын никуы рухс бæллицтæй цух.

Ныййарц вæййын, тæлыдзалх тулгæ, коммæ,
Фæбæллын, ехх, кæд ысхъарм уыдзæн цад!
Сæрбынты та кæд гæпп кæндзынæн донмæ,
Кæд хъусдзынæн фынк æхсæрдзæнты зард.

* * *

Адзал фыст вæййы алкæмæн йæ ныхыл,
Йæ аивын Хуыцауы бон дæр нæу.
Ӕмæ хæцын æз гобийау мæ дзыхыл,
Нæ йæ зонын, кæд мæ ныгæндзæн хъæу.

Уæвгæ цы давы ме сæфты уац царды?
Дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр – фыссæг.
Нæ айхъуысти мæ уацмысты кой дардыл,
Нæ уыд мæ хъæрмæ сау дуджы зынæг.

[1] Цæугæдон Тырсыгомы

Мæ зарæг ферох, нал хъæуынц йæ зæлтæ,
Æндæр зарджытыл ног фæлтæр фæцалх,
Ысриссы мастæй, сагъæсгæнгæ, зæрдæ,
Ыскъуырын арæх сайæн митыл къах.

Зæгъын рæстаг дзырд нал фидауы не 'хсæн,
Цыдæр хæйрæг нын фехæлдта нæ уаг.
Ысси кæддæры удварны рухс хъазæн,
Кæны нæ хъуыды сабыргай хъæддаг.

Цæрон, мæлон – уый никæйы æндавы.
Мæ ныхыл фыст: «Цæмæ ма у дæ каст?..»
Мæн цард æппындæр а зæххыл нæ тавы,
Фæзын æргом мæ рох къæсмæ æваст...

## ИУÆЙ-ИУ НОГ ИРÆТТÆН

*О сæгътæ 'мæ маймулитæ!*
***Отеллойы монологæй***

Бæрæг уæ нал ис, а зæххыл цы стут,
Уæ удтæ сты хæрзафтид æмæ тутт.

Кæнут хæлофæй бирæ мулк – бынтæ,
Вæййут фыдмитæм алкæддæр цæттæ.

Цæсгом уыл царды мисхалы бæрц нæй,
Уæхицæн домут нард хæйттæ хъæрæй.

Кæнут цъыфкалæн саг лæгтыл æдзух,
Ыстут фыд-зонд, фыдæлты фарнæй – цух.

Уæддæр уæхимæ стыр лæгтæ кæсут,
Нæ фæллæйттæн сæ урс хъаймагъ хæрут.
Нымад уæм нæу уæздан хистæр, кæстæр,
Вæййут мæстыйæ бирæгътæй фыддæр.

Сымах нæ сом, мæгуыр лæджы мæт нæй,
Кæнут хынджылæг ивгъуыдæй, мæнæй.

Уæ хин ныхæстæм рафыцы мæ маст,
Фæлæ кæмæ, кæмæ хæссон мæ хъаст?..

Зæгъин уын æз, Отеллойау, уæ ном,
Фæлæ уын дзур, йе мацы дзур æргом, –

Уæлдай уын нæу... кæнут хæрæгæй хуым,
Дымгæмæ сдардтат Ирыдзыхъхъ – нæ къуым.

* * *

Фæлварын уайын ме стад бæхыл дугъы,
Фæлæ зæрондæй ницуал у мæ бон.
Уæрдæхау мæн тызмæг рæстæг ыздухы,
Æрбазынди мæ фæндаджы кæрон.

Уæддæр тыхст зæрдæ басæттын нæ комы,
Мæ фæндты фестын хаттæй-хатт цæргæс.
Цыдæр бæллиц мæ арвгæрæттæм хоны,
Цыма уым фестдзæн рухс галуан мæ къæс.

Кæддæры удварн раздæхдзæн фæстæмæ,
Уыдзæн мын амонд раздæрау цырагъ.
Тындздзынæн балцæй райгуырæн бæстæмæ,
Кæсдзæн мæм уарзты алы уысм зынаргъ.

Фæлæ цы кæнын хорз хъуыдытæ дардыл,
Цы сайын хъазæн, тутт дзырдтæй мæхи? –
Бæллицтæй нæй мæсыг самайæн царды,
Уынын, фæхуыссы, бонрухсау, мæ цин...

* * *

Бандзыг бæлас кæрты,
Хурдзæст æй нæ уыны.
Дымгæ бур сыфтæрты
Къалиутæй ыскъуыны.

Уазал мигътæ комы,
Тар пъæззытау, бадынц,
Бакодтой сæ роны
Хъæды сæрмæ сау рындз.

Дурдзæндыл тæппытæй –
Халæтты дзыгуыртæ.
Нал зынынц æппындæр
Арвы стыр быдыртæ.

Къæдзæхтыл æрвылбон
Митæмхæццæ уары.
Дойнаг дуртыл рох дон
Хинымæры зары.

Фæззæг тагъд фæуыдзæн
Нал кæсы æнхъæлмæ.
Карз зымæг фæзындзæн
Урс бæхыл нæ хъæумæ.

* * *

Мæ цардвæндаг – уæззау æмæ цыбыр,
Уыдис æхгæд мæ бæллицтыл гуыдыр.

Уæддæр мæм каст, ис дард бæстæ – дзæнæт,
Уым нæй хæрам ми, сау хъизæмар, мæт.

Тындзыдтон æм, æз не 'нкъардтон фæллад,
Нæ мын кодта дæ сыгъдæг уарзт дæр ад.

Æнхъæлдтон, ис хуыздæр амонд зæххыл,
Ысдæн-иу арæх стырзæрдæ дæуыл.

Фæлæ мæ фæндтæ разындысты фын, –
Нæй ахæм къуым, кæм не 'рфидар и рын.

Цыдтæн дзæгъæлы дард фæндæгтыл æз,
Мæ размæ уыд хъысмæты хотых – хыз.

Бындзау дзы уайтагъд бахаудтæн... мæлын,
Зынудисæн мæ фыртыхстæй кæнын...

* * *

Зымæг нывгæнæг у, ихæй
Бамбæрзта арф комы дон.
Рахызти сау хохмæ мигъæй,
Скодта йыл урс кæрц бæстон.

Сахуырста уыгæрдæн митæй,
Нал дзы уыд иу гæппæл цъæх.
Зарыд ын дымгæ æхситтæй,
Фестад ын рухс æрмадз зæхх.

Фæрссæгтыл хъызтæй ныффыста
Уайтагъд йæ нывтæ рæсугъд.
Нарджытæм миттæ ыссывта,
Тымыгъæй хъуысти йæ худт.

Зымæг нывгæнæг у, уазæг,
Урс мит – йæ ахорæн, сис.
Цалынмæ не 'рцыди уалдзæг, –
Нал зоны цардæй æфсис!..

* * *

Тар хæмпус мигъ нарæг ком бакодта йæ роны.
Уазал дымгæ бæлæсты хус сыфтæртæ тоны.

Мит æрхъæцмæ нал хъæцы, цъуппытæй æрцæуы.
Хъæддзауы фæрæты хъæр тар хъæдæй фæцæуы.

Халæтты къорд хъæугæрон абады, ыстæхы.
Хуры тынтæ нал судзынц дондæппал æртæхы.

Халас бады къуылдымтыл райсомæй изæрмæ.
Хъарм рæстæг нæ рох хъæуы нал хæссы йæ сæрмæ.

Хаттæй-хатт лыстæг къæвда митæмхæццæ уары.
Дон ыстæнæг арф комы, нал арæхсы зарын.

Зараг мæргътæ хуссармæ атахтысты къордтæй.
Нал рухс кæны 'нкъард зæрдæ уазал фæззæг бонтæй.

*САУТÆТЫ Тамилæ*

# НОВЕЛЛÆТÆ

## АРВЫ ЦÆФ

Кæддæр ирон адæмы царды ахадыдтой алы дæснытæ. Хатгай-иу цавæрфæнды хорз дохтырæй дæр се ‘ххуыс ахъаздæр кæй уыдис, уый дызæрдыггаг никæмæ каст. Фæлæ-иу кæд искæцы низæн афтечы хостæй дзæбæх кæнæн уыд, уæддæр-иу дæсныйы разæй дохтыры æххуыс нæ агуырдтой.

Цæйбæрц адæм бацарæфтыд сты уæд, цæйбæрц! Фæлæ ма уæддæр абон дæр, хъыгагæн, сæ фæд нæ фесæфт. Ногираг Саутæты Дунетхан мын радзырдта:

– Мæныл нæуæдз азы цæуы, фæлæ абон дæр хорз хъуыды кæнын, нæ хæдзары хистæртæй кæй фехъуыстон, уыцы хабæрттæ. Адæмæй ныр дæр арæх фехъусæн ис, Бабалойы ныхæстæ ма мын ма кæн, зæгъгæ.

Чи уыдис уыцы Бабало, уый абон ничиуал зоны, фæлæ йæ æз хъуыды кæнын. Чысыл ма уыдтæн уæд. Зæрæмæджы нудæсæм æнусы цардис арвы хин æмæ зæххы кæлæн дæсны – Гуырдзыхан. Фæсномыгæй та йæ хуыдтой Бабало. Æнæхъæн комбæстæ йын йæ фыдмитæй уынгæджы уыдысты. Йæ фыдæх, йæ хинтæй йын æмризæджы рызтысты, æмæ дзы алчидæр йæхи хъахъхъæдта Бабалойы маргджын æмæ æррагæнæн кæрдæджытæй. Фыхта сæ æмæ сын сæ дон æвдадзы хосæн нуазын кодта, кæмæ-иу

сфыдæх ис, уыдонæн. Кæрæдзимæ-иу топпы кæсæнæй чи кастис, иу иннæмæ мæлæты зæрдæ чи хаста, ахæмтæн-иу Бабало йæ мæлæтхæссæг «хостæ» зынаргъыл уæй кодта.

Бабалойæн уыдис цыппар фырты. Сæ иуæй иннæ кондджындæр, хъаруджындæр æмæ кусагдæр. Сæ мадæй хъауджыдæр æфсымæртæ адæмимæ хæларæй цардысты. Бахъуаджы заман фæкæсынмæ, æгъдау радтынмæ – рæвдз, цæрдæг. Фæлæ сæ мæнгард мады тæригъæдтæ се 'рыгон удтæй бафыстой. Иу иннæйы фæдыл мæрдтæм бацыдысты цæрынхъуагæй: чи дзы былæй асхъиудта, чи зæйы бын фæци. Сæ кæстæр та йæ мады маргхъæстæ донæй рæдыдæй банызта.

Хъуыддаг та рауадис афтæ. Бабало кæйдæр курдиатмæ гæсгæ рагацау сцæттæ кодта марг æмæ йæ авджын дзаумайы ныккодта. Лæппу хос ссивынæй хæдзармæ куы 'рбацыд, уæд уыцы авджы донæй банызта. Чысыл рæстæг куы рауад, уæд ыл ихæн ризæг схæцыд, буарыл фæзынд сырх-цъæх хъулæттæ, йæ улæфæнтæ ахгæдтой.

Хистæртæ дзырдтой, зæгъгæ, Æрыдоны кæйдæр куывды Къостайæн цы маргхъæстæ нуазæн авæрдтой, уый дæр, дам, Бабалойы конд марг уыдис...

Иу бон сихормæ æввахс, арвыл иу мигъы къæм дæр нæ уыдис, афтæмæй хохæй егъау къæдзæхдур раскъуыд æмæ Гуырдзыханы хæдзары сæрыл сæмбæлд. Уыцы рæстæг ма дæсны хуысгæ кодта. Æмæ дуры бын ныцъцъист...

Афтæ йын Хуыцау нæ ныббарста йæ фыдмитæн, арв æй æрцавта хур бон.

## ДÆСНЫЙЫ ХОС

Иу фæззыгон бон, хур æххæст нæма скаст, афтæ дыууæ хæлар сылгоймаджы Любæ æмæ Мерет Лескенмæ цы автобус цыдис, уырдæм схызтысты. Ныры хуызæн хъæлдзæг æмæ уæнгрог никуыуал уыдис Любæ. Æмæ куыннæ, ацы балцæй йæ стыр ныфс ис, диссæгтæ кæмæй дзурынц, уыцы дæсны ма у йæ фæстаг ныфс, уый йеддæмæ дохтыртыл йæ къух ауыгъта.

Тынг рагæй хъæрзы йæ къæхтæй. Уæззау низы ахæсты куы бахауд, уæдæй фæстæмæ цынæ хостæ, санаторитæ, рынчындæттæ бавзæрста, фæлæ низ сдзæбæх кæнын иу дохтыры къухы дæр нæ бафтыд. Уæлдайдæр ма йын Мерет лескенаг дæсныйы хабæрттæ куы радзырдта, суанг, дам, æм Америкæй дæр æрбацæуынц,

зæгъгæ, уæд Любæйы зæрдæйы ныфсы цырагъ ссыгъд. Сæ сыхаг Манийы къухы хъæдгом тæссаг низмæ асайдта æмæ, дам, ын æй кæсгон дæсны сдзæбæх кодта.

– Канд низтæ сафæг нæу «хуыцауы минæвар», фæлæ, дам, адæймаджы ахсджиаг фарстатæ алыг кæнын дæр йæ бон у. Уымæ гæсгæ Мерет дæр йæхи балцмæ бацæттæ кодта. Ныр цалдæр азы сæ æмкъуыл сыхагимæ кæрæдзи, зæххы чысыл уаццагыл тонынц.

Цæвиттон, сæ хæдзæртты астæу 20 сантиметры йæ фæтæн кæмæн у, ахæм зæххыл се 'хсæн туг раивылд. Иудæр æй сæхи хоны, иннæ дæр. Афтæмæй сæ хъаугъа æмæ хылкъахæн митæн кæрон нал ис. Закъон сын закъон нал у. Тæрхондоны уынаффæ дæр ницæмæ дарынц. Æмæ Мерет дæр уымæн фæраст дæснымæ.

Меретæй рисгæ ницы кæны, фæлæ йæ ацы зæххы маст бахордта. Дæсны ма йын куы нæ баххуыс кæна, уæд йæ зонд нал ахсы, дарддæр куыд кæнгæ у, уый. Сагъæссаг фæци йæ зæронд уд.

Сылгоймæгтæ кæрæдзиимæ ныхас кæнынæй æмбаргæ дæр нæ бакодтой, сæ нысангонд бынатмæ куыд ныхæццæ сты, уый. Къуыппытæ-дзыхъхъытæ уынджы кæрон уыд дæсныйы хæдзар. Æдде, бæрзонд æфсæн кулдуары раз баййæфтой бирæ адæм. Кæртæй та хъуысти адæмы хъæлæстæ. Рады сæ чи нæ лæууыд, ахæмтæ дæр дзы уыд æмæ семæ иннæтæ загъд кодтой.

– Кæдæм бырсыс, æдзæсгом, -хъæр кæны иу æрыгон лæппулæгыл сылгоймаг. – Куыд æнхъæлыс, махæн хæдзæрттæ нæй, æви дæуæй уæлдай мах нæ фæнды тагъддæр æм бахауæм?

Нæлгоймаг æй цыма хъусгæ дæр нæ фæкодта, афтæ адæмы æхсæнты размæ ассæста. Сылгоймæгтæй йæ чидæр нæ уагъта æнæ радæй æмæ се 'хсæн хыл бацайдагъ. Йæ ныхтæй йын дзы иу йæ цæсгом ныттыдта. Ууыл нæлгоймаг рамæсты æмæ сылгоймагæн йæ уадул ныссиудта. Уыцы цæфæй уый фæстæрдæм ахауд. Йæ цъæхаст кæрты къуымты ахæлиу. Уалынмæ фæзынд милицæйы машинæ æмæ лæппуйы йæ цæсгомы пырх калгæ ахæр-хæр кодтой.

Уыцы бон Любæ æмæ Меретæн дæснымæ нæ, фæлæ йæ кæртмæ бахизын дæр нæ бантыст. Изæр кæнын райдыдта, уазал та уæнгты хъарын. «Дæсныйы» сыхæгтæ хорз зыдтой, фыццаг хаттæй йæм бахауæн кæй нæй, уый æмæ дзы алчидæр йæ хæдзары бахсæвиуат кæнынæн æхцайыл агъуыстытæ лæвæрдта. Æризæр. Уæлдæф дæр зынгæ фæуазал æмæ комытæф адæймаджы цæстыхаутыл урс халасæй бадт. Фырфæлладæй дыууæ сылгоймаджы дзойдзойгæнгæ араст сты дæсныйы сыхагмæ æмæ йæм æрфысым кодтой. Пецы арт цыренæй сыгъдис, фæлæ Мерет æмæ

Любæйы исчи уыцы арты куы ныппæрстаид, уæддæр нал æртæфсыдаиккой. Æхсæвæр бахæрынæн дæр нал уыдысты, афтæмæй бахуыссыдысты. Райсомæй цыппар сахатыл фестадысты æмæ та дæсныйы хæдзармæ араст кодтой.

– Ацы бон ма мæ къæхтыл дысоны хуызæн куы фæлæууон, уæд мæ хæдзармæ хæссинаг фæуыдзынæн, – дзуры Любæ.

Сихормæ бирæ нал баззад, афтæ кулдуарæй фæмидæг сты. Адæм цæугæ дæр нæ акодтой, чи машинæйы фынæй кодта, чи та дæсныйы хæдзары тыргъы бандæттыл бадгæйæ йæ фæллад уагъта. Кæрты астæу цы фонтан уыдис, уый дыууæ сылгоймаджы дисы бафтыдта. Бæрзонд дыууæуæладзыгон хæдзар европæйаг архитектурæмæ гæсгæ арæзт уыдис амæй-уымæй зынаргъдæр æрмæгæй.

– Мах дæр дын цæрæм, – хæлæггæнгæ сулæфыд Мерет. – Мæ хæдзар мæм ацы галуаны раз скъæты хуызæн кæсы. Адонмæ та ничи кæсы, цытæ ныззылдтой.

– Бауырнæд дæ, æнæниздзинадæй зынаргъдæр кæй ницы ис. Мæнæн мæ къæхтæ куы нæ риссиккой æмæ зæронд къæсы дæр куы цæрин, – бауайдзæф кодта Меретæн Любæ.

Фæссихор уыдаид, афтæ дæсныйы уаты къæсæрæй бахызтысты сылгоймæгтæ. Сау сæрак бæрзонд къæлæтджыны бадгæ ауыдтой уæйыджы йас лæджы. Къостайы æмдзæвгæ «Лæскъдзæрæны» чи уыдис, раст уыцы уæйыджы æнгæс. Йæ бинаг был дæр – кæфой. Йæ рæсыд цæстытæй тыхкаст скодта сылгоймæгтæм. Уыдон бандоныл куы ʻрбадтысты, уæд дын дæсныйæн йæ хуыр-хуыр куы ссæуид. Лæггадгæнæг кæсгон ус уатмæ бахызт æмæ сын бамбарын кодта, уæззау уавæры, дам чи вæййы, уыцы адæймæгты тыхстдзинæдтæ йæхимæ кæй æлвасы æмæ фынæй дæр уымæн кæй авæййы.

– Ма стыхсут, уæ хорзæхæй. Сымахмæ гæсгæ уый хæрдæй афтæ ныррæсыд? Нæ, уый адæмы æвзæр энерги æмæ низтæ йæхимæ райсы æмæ уымæн афтæ лалымы дымст ныккодта, – загъта кæсгон ус.

Иу рæстæг фехъал уæйыг. Любæмæ нымдзаст. Любæ йын йæ цыды хабар куы ракодта, уæд дæсны райста цавæрдæр хъул, цайцымæн агуывзæйы йæ ныппæрста доны æмæ йæ райдыдта стауын, уыимæ æнахуыр дзырдтæ дзургæйæ. Уый фæстæ агуывзæйы дон æртæ литруат балоны ныккодта æмæ ма йыл дон бафтыдта.

Чингиз Айтматов рассказывает про голод в Казахстане: «А сколько добра и скота зазря погибло и как по этой причине грянул голод (это я и сам помню – год 1932-ой, которого я был очевидцем). И с казахстанской стороны, объятой массовым разорением, мором и засухой, шли и шли гонимые, безземельные люди, пытавшиеся продать за кусок хлеба малых детишек и девушек: все равно предстояло погибать в те кромешные времена, целые кладбища оставались по обочинам дорог».

И все же самой страшной по своим последствиям была третья мозговая извилина Сталина, извилина палача-селекционера.



*Нæ равдысты – æрыгон нывгæнæг **Кцойты Виталийы** куыстытæ.*




*Сахат «Дзандар».*



*Æртхутæгдон.*



*Сафайы рæхыс.*





*Риуылдаргæ аивгæнæн.*





*Кулонтæ.*



*Цонгдарæнтæ.*





*Куадзæны айк æвæрæн.*



*Духи æвæрæн.*

# ХЪÆСТЫТÆЙ ХЪÆЗТЫТÆ?

*Малая печаль говорит, большая безмолвна.*
***Сенекæ***

Дæлдæр цы текcттæ бакæсдзыстут, уыдон, æвæццæгæн, рæгъмæ никуы рахастаин, газет «Стыр Ныхас»-ы Мурасты Эльбрусы æргом фыстæг Джыккайты Шамилмæ (2004, № 13) æмæ Шамилы дзуапп Эльбрусæн (2004, № 22), стæй Шамилы уац «Хазбийы зарæг: намыс, æхсар, патриотизмы гимн» *(«Рæстдзинад», 2010.21.09)* куы нæ бакастаин, уæд. Эльбрус æмæ Шамилæн сæ диалоджы хъуыды ахæм у: Мурасы-фыртмæ гæсгæ, Шамил фыццаджы-фыццаг поэт у æмæ хъуамæ алыхуызон фæрссаг хъуыддæгтæ ма кæна, фæлæ фысса æмдзæвгæтæ. Шамил Эльбрусæн цы дзуапп радта, уый ахсы газеты фарсы æмбис. Афтæмæй проблемæ, уырыс цæйау акæнынц, выеденного яйца не стоит. Поэтæн цы фысгæ у, цы хъуыддагыл хæцгæ у, уый йæхицæй хуызд æр ничи зоны. Иугæр нæ фыссы, уæд æм йе дзуринаг ницы ис, йе сфæлдыстадон кризисы бахауд, йе-йе-йе... Æхсæнады куыд у, афтæ поэты миддунейы дæр вæййы къуыхцытæ, ома йæ хъуыдытæ, йæ монцтæн сæ базыртæ æрхауынц, мидбынаты мамазила кæнын райдайынц, тæхынхъом нал вæййынц. Æниу æппынæдзух цæмæн хъуамæ фысса поэт, згæ чи нæ кæны, ахæм æндонæй арæзт механизм куы нæ у, стæй хатгай дзыхыл фæхæцын дæр æмбæлы. Æрмæст бæдæйнаг графомантæ нæ зонынц къуылымпытæ-йедтæ. Цыдæриддæр у, уæддæр æцæг поэтæн искæй амындтытæ-уынаффæтæ мур дæр ницы ахъаз сты...

Шамил Мурасы-фыртæн цы дзуапп ныффыста, уым афтæ зæгъы: «Æз дæн трагикон уавæры. Æрцыдтæн саст æмæ дæрæн», «фæлæ æдзухдæр вæййын хæрзарæзт, хæрдхуыз æмæ æртхуыз», «цæуын фистæгæй, фæлæ сæрыстырæй». Æмæ Джыккайты «трагикон поэт» раппæлинаг у йе ‘ргомдзырды тыххæй. Уымæн æмæ «нет такой уловки, такого приема, такого рецепта, чтобы скрыть от твоих писаний хоть какой-нибудь изъян твоего сердца» *(Уолт Уитмен)*.

Ӕнæфенд адæмы ай-гъай, бауырныдтой, Шамилы ныхæстæ. Фæлæ фенæг адæм зонынц: цæрынæй-хæрынмæ трагикон поэттæ «хæрзарæзт, хæрдхуыз æмæ æртхуыз» никуы уыдысты. Ӕвдисæнтæ – хæрх. Уыимæ, алы рæстæджыты æмæ алы бæстæты чи цард, уыцы генион фысджытæй бирæтæ, стæй нæхи литературæ аразджытæ: Къоста, Секъа, Елбыздыхъо, Малиты Геуæрги, Арсен, Къубалты Алыксандр, Алихан, Созыр, Ӕрнигон, Розæ, Нигер, Куыдзæг, хæрзæрæджы дæр ма нæ фарсмæ чи куыста, уыдон — Цæрукъаты Алыксандр, Бестауты Гиуæрги, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Алеш, Оскар... Ӕниу сæ цы нымайын – нæ фысджытæй иуæй дæр афтæ зæгъæн куы нæ ис, «хæрзарæзт, хæрдхуыз æмæ æртхуыз» уыди, зæгъгæ! Шамил афтæ куы ныффыстаид, ницы хъуаг дæн, æдзухдæр вæййын хæрзарæзт æмæ æфсæст, цæвиттон, нæл гæдыйы цард кæнын, зæгъгæ, уæд, æвæццæгæн, нодҗы растдæр уыдаид...

Нæ поэт театрæн æцæгæлон нæу, æнæмæнг æм ис актеры миниуджытæ. Ӕрмæст ын трагикон рольтæ нæ рæстмæ кæнынц, кæд йæхи трагикон хоны, уæддæр. Трагикон ролы бацæуыныл куы афæлвары, уæд уайсахат худæджы уавæры бахауы. Лев Толстой Андреевы фыстытæй цæйау загъта: «Он меня пугает, а мне не страшно». Шамил дæр йæ «трагикон уавæрæй» искæй фæтæрсын кæнынмæ хъавы, фæлæ йæ фенæг адæм æрдумæ дæр нæ дарынц: йæ хъæстытæй хъæзтытæ йыл уайтагъд комдзог рацæуынц. Шамилæн йæ ныхæстæм гæсгæ, йæ трагикон уавæры сæйраг аххосаг у демократи. «Демократи мын амардта мæ идеалтæ, сæ хурхыл бахæцыд мæ бæллицтæн». Ӕмæ дарддæр зæгъы: «Мæ тых мын басастой хæрам æмæ гадзрахат, мæ зæрдæ сцъæх и козбау æмæ мæнгард митæй, мæ астæу æркъæдз Ирыстоны хъыгтæй, хъæрзын нæ адæмы рыстæй...» Ӕмæ зæрдæуынгæгæй мысы советон дуг. Коммунистты программæйы цы фыст уыд, уый та дзы рох фæци: куыдфæстæмæ хъуамæ нацитæ кæрæдзимæ кæной æввахсдæр, сафой сæ хæдхуыз миниуджытæ, рауайа сæ «новая историческая общность – советский народ», ома хицæн адæмыхæттытæ, уыдонимæ ирæттæ дæр – къуыввитт, нал ысты! Советон дуг ма куы ахастаид, уæд ацы хабарæн æнæ ‘рцæугæ нæ уыд. Ӕмæ ма уæд поэтæн дæр йæ цард цы у æнæ йæ адæм?

Демократийы тыххæй та цы зæгъинаг дæн? Демократи никуы уыд Уæрæсейы, стæй йын ахæм фæстæзад бæстæйы уæвæн дæр нæй. Шамил демократи кæй хоны, уымæн æз кæддæр ме ‘мдзæвгæты æндæр нæмттæ радтон: «зоократи», «демонократи»,

«бæгъæввад, гомсыдз демократи». О, æмæ советон хицæуттæ цы кæнинаг уыдысты чысыл адæмтæн, ныры дуг дæр сын уый кæны, æрмæст термин «советон адæм» ивд æрцыд «уæрæсейæгтæй». Ельцин нын парахатæй суверенитеттæ авæрдта лæгъстæмæ, стæй нын сæ сабыргай нæ хъуырæй ласын райдыдтой, æмæ абон уыцы æнæхайыры суверенитеттæн сæ кой дæр нал и. Гъемæ мæнæн цы уæлдай у, фæнды мæ, Шамил демократ кæй хоны, уый бахæрæд, фæнды — коммунист?..

Поэты дзуаппы ис раст ныхæстæ дæр. Зæгъæм: «Ирыстоны мынæг у литературон цард. Мигъау ныл уæззауæй æрбадт застой. Змæлд кæм нæй, уым нæй рæзт æмæ æнтыст. Нæй быцæутæ. Нæй цырынгæнæг фæрæзтæ. Фысджытæй алчи бады йæ хъузджы, сакъадахыл, Салтыков-Щедрины премудрый пискары цард кæны æмæ цыдæртæ мысы. Сугтæ арты кæрæдзи зынгæй судзынц, бæхтæ дугъы кæрæдзийы хынцмæ уайынц». Ницы зæгъæн и поэты иннæ хъуыдыты ныхмæ дæр: «Нæ интеллигенцимæ сæ номы æууæлтæ нæй. Сæхи Иры пехуымпар æмæ сæрхъызой чи хоны, уыдон ирон чиныг сæ къухмæ нæ исынц. Кæсын дæр æй нæ зонынц. Сæ фылдæрæн ирон æвзаг у хатиаг æвзаг». Уæдæ нæ ирон театры тыххæй цы зæгъы, уый дæр аппаринаг нæу: «Фылдæр æм цæуынц сылгоймæгтæ. Кæцæй æндавынц хуымæтæг ирон сылгоймаджы Гамлеты сагъæстæ æмæ Бесæйы бæллицтæ. Равдис ын чындзытæ æмæ файнустыты хъаугъатæ, разар ын Пæсæйы фæндон, æмæ дæ бузныг уыдзæн. Уымæн Софокъылæй Михакъыл хæстæгдæр æмæ æхцондæр у».

Уырны мæ: Шамилы зæрдæ риссы ирон адæмы зауæты уавæрыл. Фæлæ йæхи уды койтæм куы рахизы, трагикон поэты хуызы цæуынмæ куы бавналы, уæд фæкъуыхцы вæййы. Цæвиттон, трагикон роль йæ амплуа нæу.

«Æз дæн трагикон уавæры. Æрцыдтæн саст æмæ дæрæн. Æз уыдтæн иунæг, нæ мыл уыд фæхæцæг æмæ аудæг, нæй мын сæрхъызой», — фыссы Шамил. Нæй æцæгдзинад ацы ныхæсты, фылдæр дзы ис позæ, хи буц кæныны фæдфæливæнтæ, кокеткæйы ратас-батастæ. Поэт куы хъазайнаг сидзæры[1] хуызы бацæуы (йæ иу уац хуыйнгæ дæр афтæ кæны — «Сидзæры

[1] Хъазайнаг паддзахад саст куы рцыд (Иван Грозныйы рæстæджы), уæд тæтæйраг æлдæрттæ Уырысы паддзахæн лæгъстæйаг систы æмæ йæ разы сæхи æвдыстой æнамонд, æфхæрд æмæ тæригъæддагæй, куыд фæзæгъынц, мæгуыры къултæ кодтой. Уымæ гæсгæ уырыссаг æвзаджы баззади фразеологион дзырдбаст «казанская (казанский) сирота».

уавæр»), куы йæхиуыл мæгуыры пæлæз æркæны, куы та йын йе схъæл ныхас хæрæг уаргъæн нал фæфæразы. Фæстаг рæстæджы та йæ цæстытыл мифон Дамоклы кард уайы æмæ йæ уацты уый кой скæны: бæхы хъисыл ауыгъдæй, дам, æрхауынæввонгæй мæ сæрмæ дзедзырой кодта.

Фæлæ... Литературæйы фыццаг къахдзæфтæ куы райдыдта, уæдæй ардæм Шамил иунæг никуы уыд. Æдзæстуарзон критиктæ-иу æй куы 'фхæрдтой, уæд-иу йæ сæрыл бирæтæ сдзырдтой. Уый бæрæг у, дæлдæр кæй мыхуыр кæнæм, уыцы суагъæйæ дæр. Мæхи тыххæй куы зæгъон, уæд мын Шамилы сфæлдыстад кæддæриддæр æхцондзинад хаста, æхсызгон мын уыд йæ алы æнтыст дæр æмæ мæ цин æвдыстон газетты, журналты, чингуыты фæрстыл, радио æмæ телеуынæны, æмбырдты. Суанг ма центрон мыхуыры дæр рауагътон рецензи йæ чиныг «Цæф сæгуыты маст»-ы тыххæй (журнал «Дружба народов», 1970, № 11). Поэты ном ссардтон цалдæр сонетæй. Йæ пьесæ «Хъодыгонд зæд» ирон театры сценæйыл куы фæзынд, уæд уый фæдыл дæр загътон цæстуарзон ныхæстæ (чиныг «Критикон уацтæ». Орджоникидзе, 1990). Хорз ма хъуыды кæнын: спектаклæн премьерæ куы уыд, уæд йæ кæронмæ дæр нал бахъæцыдтæн, фæлæ фыццаг архайды фæстæ мæ цин гæххæттыл афыстон æмæ йæ Шамилмæ балæвæрдтон. «Дамоклы цирхъæй» йын æппæтæй тæссагдæр куы уыд, уæд æз нæ Цæдисы сæрдары хæдивæг уыдтæн. Сæрдар æмæ йæ хъузонтæ æдзух уыцы койтæ кодтой, Шамил, дам, нæ хуыздæр фысджыты ницæуыл нымайы, сæ фыдгойтæ кæны университеты студенттæн. Провокатор-сæрдар афтæ, мæнмæ, дам, уый тыххæй озрекаг ахуыргæнæг фыстæг дæр æрбарвыста. Æмæ дын ацы хабæрттæ Фысджыты цæдисы партион æмбырдмæ куы рахæссиккой (уым цытæ цыд, уый фæдыл æз СЦКП-йы обкомы секретарь Къониаты Юримæ арвыстон фыстæг, мыхуыргонд цæуы дæлдæр). Фысджыты иу къорд Шамилыл кæй сæвварс сты, уый мын хъыг куыннæ уыдаид æмæ æхсæз боны фæстæ Цæдисы парторг И. Колесников (уый дæр провокатор, фæлитой) æмæ партбюройы уæнг Цæголты Василийы бацырын кодтон, ацы хъуыддаг, зæгъын, афтæ уадзгæ нæу. Гъемæ 1982 азы 4 августы Кæсæг-Балхъары балæууыдыстæм. Уым, Озрекы, хабар куыд рауад, уый дæр бæрæг у, Къонийы-фыртмæ цы фыстæг барвыстон, уымæй.

Хуыцау æвдисæн, ацы хабæрттæ мæхицæй æппæлыны охыл нæ кæнын, зын мын у сæ фыссын дæр. Фæлæ, Шамил, фыссæг хъуамæ цыфæнды уавæрты дæр рæстдзинад дзура. Хорз æй зоныс: æдзухдæр дæм хæлар æмæ уарзон цæстæй кастысты Плиты Грис, Гафез, Алыксандр (уый дæр дæ ном ссардта иу сонетæй), Нафи (иу æмæ дыуужæ хатты нæ фыста де сфæлдыстады тыххæй), Булкъаты Михал, Малиты Васо, Бестауты Гиуæрги, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Ходы Камал, Хъодалаты Герсан, Хостыхъоты Зинæ, Джусойты Марат, Косты Лизæ, Къадзаты Станислав, Абайты Эдуард æмæ иннæтæ. Гæнæн æмæ амалæй дæ æппæлыдысты, буц дæ дардтой, иу газет та дæ «титан осетинской словесности» рахуыдта, «Рæстдзинад»-ы дæ иу сылгоймаг афтæ дæр ма загъта, хуыцæуттæй зынг чи раскъæфта, уыцы Амыран, дам, мæ цæстытыл Джыккайты Шамилы хуызæнæй уайы. Уæдæ дæ ацы аз ЦИПУ-йы дæ райгуырды 70 азы фæдыл кадджын æмбырды профессор Къомиан æмæ иннæтæ цы ‘мбисонды æппæлдтытæ фæкодтой, ахæмтæ цыфыддæр знагæн дæр Хуыцау ма зæгъæд! Стæй дæхæдæг куы феппæлыс, телефонæй мын сæдæгай адæймæгтæ арфæтæ фæкæнынц, зæгъгæ. Утæппæт хабæртты фæстæ афтæ куы ныффыстай, иунæг дæн, фæхæцæг, аудæг мыл нæй, уæд дæ цы схонæм? Æбузн?

Шамил «Рæстдзинад»-ы Алыккаты Хазбийы тыххæй цы уац рауагъта, уым дæр та кæсæм уыцы «хъæстытæй хъæзтытæ». Раст ныхæсты фарсмæ – хистауæн «æз-æз»-тæ, гомгæрцц риторикæ, мифтæ, фантазитæ, автор йæхæдæг дæр кæуыл не ‘ууæнды, ахæм дзымандытæ. Хаттæй-хатт та – хуымæтæджы фидистæ, дам-думтæ («тъæнгсæр Хрущев», «Солженицын Америкæйы зæвæттæ сдæрдта» æмæ а. д.). Дамоклы æвирхъау цирхъы койтæ та йын иу уацæй иннæмæ хизынц. «В советское время мои недруги, в основном бездарные писатели, на меня строчили доносы. Обвиняли меня в приверженности традициям прошлого. Власти в те времена надо мной держали дамоклов меч», – фыста поэт «Северная Осетия»-йы *(13.02.09)*. «Рæстдзинад»-ы дæр та фæлхат кæны уыцы ныхæстæ: «Мæ сæрмæ æрцауындзæг Дамоклы кард, уæддæр мæ кæнон нæ уадзын». Цыма уыцы æбуалгъ хотых сæрмагондæй Шамилы сæрмæ æрцауыгъдæуыд æмæ æрхауынмондагæй мæнæ-мæнæ кæны. Афтæмæй та хуыздæр уавæры нæ уыдысты Гафез, Грис, Алык-

сандр, Нафи, Бестауты Гиуæрги, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Камал, ацы рæнхъыты автор æмæ ноджы къорд фыссæджы. Иуæйиутæ та дзы фыддæр уавæры уыдысты – сæ куыстытæй фæхаудтой, карз партион æфхæрдтытæ баййæфтой. Камал æмæ мæныл ма, «солженята», зæгъгæ, ахæм ном дæр ныххуырстой.

Иу сылгоймаг-фыссæг Хъæбæлоты Биларæн ахæм зонд амыдта, адонæй, дам, искæй нывондæн æрхæссын хъæуы, ома – æргæвдгæ. Уæдæ кæмæн уыди тæссагдæр Дамоклы цирхъæй?

Куыд уынæм, афтæмæй, Шамил цытæ фыссы, уыдон сты æрдæгрæстдзинад. Æрдæгрæстдзинады тыххæй та немыцаг фыссæг Теодор Гиппель афтæ загъта: «Полуправда опаснее лжи; ложь легче распознать, чем полуправду, которая обычно маскируется, чтобы обманывать вдвойне».

Шамил, гормон, иунæг, æнæфæхæцæг, сидзæр уыдтæн, зæгъгæ, алы ран афтæ кæй дзурыс æмæ фыссыс, уымæй де 'мбæлтты æфхæргæ кæныс. Стæй дæуæй уæлдай иннæ фысджытæн дæр дыджызæтæ куы нæ уыди, мыййаг. Пушкинæн Аринæ Родионовнæйы радта Хуыцау, фæлæ алкæмæ ахæм амонд нæ хауы...

Хъуамæ исчи бафæрса: кæд сфæлдыстадон иунæгдзинад у йæ ныхасаг? Æмæ уый тыххæй хъаст кæнын цæмæн хъæуы? Уый амонд куы у, агургæ æмæ æнæаргæ амонд! Æцæг нывгæнæг кæддæриддæр иунæг вæййы, фæхæцæг нæ фæагуры, иунæг уæвын йæ æрдзон уавæр у! Æрæджы газет «Аргументы и факты»-йы фæрстыл Армен Джигарханян рафæзмыдта номдзыд америкаг фыссæг Уильям Сарояны ныхæстæ: «Когда ты будешь окончательно одинок, тогда ты станешь самым счастливым человеком в мире».

Кæд мыййаг сфæлдыстадон фæхæцæгмæ бæллы Шамил? Уæд ын иу зонд амонын. Нæ Цæдисы правленимæ курдиат ныффыссæд: «Прошу оказать мне творческую помощь». Афтæ бакодта нæ ирон фысджытæй иу 30 азы размæ – уæд æз нæ Цæдисы сæрдары хæдивæг уыдтæн æмæ йæ хорз хъуыды кæнын. Хъуамæ «прошу оказать мне материальную помощь» ныффыстаид, а фыссæг та сфæлдыстадон æххуыс куырдта... Шамил йæхи оптимист хоны, æмæ мах дæр ацы хъæлдзæг хабарæй фæуæм нæ ныхас.

***Хъодзаты Æхсар***

*2010.01.10.*

# ДОКУМЕНТАЛОН ÆРМÆГ

## ПРОТОКОЛ № 1

заседания поэтической секции СП Северной Осетии от 10/X-69 г.
Председательствует Г. Кайтуков

### ПОВЕСТКА ДНЯ:

Обсуждение сборника стихов Ш. Джикаева «Грусть лани» в связи с рукописной рецензией Т. Кочиева «По ошибочному пути». Докл. А. Кодзати».

Присутствуют: А. Токаев, Г. Кайтуков, С. Марзоев, Н. Джусойты, Б. Муртазов, Д. Дарчиев, Ш. Джикаев, Г. Бицоев, А. Царукаев, М. Кодоев, А. Кодзати, Е. Тедеев, Т. Царукаев, В. Царукаев (к концу), Т. Джатиев, М. Цирихов.

**А. Кодзати** (доклад его прилагается к протоколу, стр. 1 – 10).

**В. Царукаев.** Не разделяю резко отрицательного отношения многих наших литераторов к поэту Т. Кочиеву. Нужно и его хорошие шаги всячески поддерживать. Я с удовлетворением встретил, например, выход его московской книги.

Однако меня поразила рукописная рецензия Кочиева на сборник стихов Ш. Джикаева «Грусть лани», поразила своей необъективностью и неквалифицированностью. Создается впечатление: или рецензент не понял истинной поэзии талантливого поэта или нарочно показывает ее в черном цвете. Но одно не лучше другого.

Джикаев – поэт яркого таланта. Конечно, в сборнике есть недостатки (недостаточно отшлифованные строчки — «Фæхастой мæ фæндты карз тымыгътæ дард» в стихотворении «Фæстаг ныхас») сухие выражения (в стихотворении «Амондджын поэт») и др., но они настолько мизерны по сравнению с его достоинствами, что о них не стоит и гадать.

**А. Токаев.** Обычно много несуразностей бывает в статьях Т. Кочиева. Но хочется сказать и о недостатках сборника Ш. Джикаева. Многие стихи не носят отпечатка времени. Надо отражать сегодняшнее героическое время. Надо Джикаеву лучше

проследить за своими поэтическими шагами. В отношении языка и художественных образов в сборнике все в порядке, поэт талантлив, но надо быть современнее. Например, надо бы написать о другом Кундухове М. – революционере. Был такой. За последнее время много пишут о Давиде Сослане. Я бы желал, чтобы литераторы больше изображали современных героев, таких, как Х. Мильдзихов.

**Н. Джусойты.** Верно говорят товарищи. Прав и А. Токаев, требующий отображения современности. Хотя современность не все одинаково понимают. Можно современно писать и на исторические темы. Джикаев современен в стихотворении о М. Кундухове, ибо современен самый пафос стихотворения, эстетическая и психологическая концепция образа Кундухова: кто предает вольно или невольно Родину, тот будет проклят народом, подобно Кундухову.

Статья Т. Кочиева сама противоречива, трудно понять, чего хочет автор. Думается, что Кочиев хотел специально охаивать сборник Джикаева. Он, я думаю, может отличить поэтическое слово от непоэтического, но сделал вид, что не отличает.

Джикаев – поэт. Поэт талантливый. Недостатки у него есть, он должен их преодолевать в процессе творческого роста. И он их преодолеет.

Стихи сборника современны. (Далее Джусойты отмечает недостатки стихотворений об Отелло, «Дзомагъы къуылдымтыл» и др.).

Рецензия Т. Кочиева могла появиться в атмосфере необъективности. От такой атмосферы страдает наша литература. Газета не должна потворствовать подобным явлениям. Вспоминается еще одна подобная статья («Афон у», ее автор – Х. Джиоев).

**Д. Дарчиев.** Кочиев облил грязью талантливого поэта. В стихах о Давиде Сослане, М. Кундухове я не вижу ничего такого, о чем говорит рецензент. В стихотворении «Монолог Мусса» сам герой лирический оплакивает себя, поэт изображает его презренную судьбу. Без всякого основания Кочиев утверждает, будто поэт защищает М. Кундухова.

Надо писать и на исторические темы. Только талантливо и с современных позиций, как это делает Джикаев.

**М. Кодоев.** Критик дает искаженное представление о книге, видит все в кривом зеркале. Творчество Ш. Джикаева мне хорошо известно. А. Токаев в своем выступлении несколько прямо-

линеен. Поэт волен писать и о прошлом, но позиция у него должна быть современная. Автор рецензии выглядит человеком злонамеренным, словно лучшие стихи коробят его и он подвергает их уничтожающей критике. Подобные критики называют себя «могильщиками». А кого или что хотят похоронить? Осетинскую литературу? Не нужно им позволять. Рецензент грубо охаивает и работу книжного издательства, работу редактора.

**Г. Бицоев.** Все мы единодушно осуждаем рецензию. Результатом разговора должно быть запрещение этой и подобных рецензий. Чаще всего рецензии пишутся людьми бездарными, некомпетентными.

Поэт Джикаев в стихах говорит о судьбах народа, говорит вдохновенно, языком поэтическим, образным. Ничего плохого я не вижу в его мыслях.

**Г. Гагиев.** Надоели статьи джиоевых-кочиевых. Мы не можем избавиться от литературных бандитов. Они всех талантливых наших литераторов называли врагами. Так было давно, это продолжается и сейчас, но почему их никто не остановит?

Газета «Растдзинад» не должна давать места подобным выступлениям. Факты говорят о том, что иногда редактор газеты «Растдзинад» преследует наших писателей.

Я согласен с выступлениями товарищей, только мои возражения вызывает выступление Токаева. Все стихи Джикаева современны, все очень поэтичны. Не нужно примитивно понимать современность.

Кочиев не понимает поэзии, если охаивает, например, стихотворение «Цæф сæгуыты маст». Он восстает главным образом против трех стихотворений (о Д. Сослане, о М. Кундухове, о Хазби). Все эти стихотворения хороши, на них — печать таланта, мастерства. Поэт так должен быть озабочен судьбой своего народа. Позиции поэта нельзя считать ошибочными. Кочиев открыто охаивает автора.

Сборник «Грусть лани» – свидетельство творческого роста талантливого поэта Ш. Джикаева.

**А. Царукаев.** Рецензия свидетельствует о плохом состоянии осетинской литературной критики. Кочиев очень тенденциозен. Прав Бицоев: не пишут те, кто может писать критические статьи (Гагиев, Марзоев). В газетных рецензиях авторы не могут разобраться в художественной ценности произведений.

Сборник Джикаева мне нравится. В рецензии Кочиева не нахожу правильных утверждений. Как можно придраться, например, к стихотворению «Пахуымпар»? Это очень высокопоэтическое произведение. И даже его охаивает рецензент. В стихотворении «Тимуры куывд» Джикаев показывает деспотизм кровавого правителя. Показывает его бессилие перед законами природы, перед логикой жизни. А Кочиев в рецензии пишет, будто поэт защищает, идеализирует узурпатора. Но это неприкрытое измышление.

Тот истинный герой, кто служит родине, народу – это идея стихотворения «Дауыт Сосланы хъынцъым». В стихотворении «Фæстаг ныхас» поэт судит лирического героя высшим судом – судом совести. Как в этих стихах рецензент увидел то, о чем он пишет – непонятно. Подобные статьи, рецензии нередко еще появляются на страницах наших газет. Авторы их кромсают, выдергивают части поэтических фраз, факты подменяют вымыслом.

**Е. Тедеев.** Я полностью принимаю концепцию поэта Джикаева. Говоря в отдельных стихах о прошлом, автор пишет очень современно. Будит патриотические чувства. А наша поэзия призвана воспитывать эти чувства в советском человеке-строителе коммунизма. Джикаев-поэт идет по верному пути.

**Б. Муртазов.** Я работал над сборником. Джикаев возделывает свое поэтическое поле. Имеет свой голос.

Кочиев откровенно вредительствует в литературе. Этому нужно положить конец. Кочиев специально выступил против лучших стихов Джикаева.

Нелишне здесь привести следующий факт. Стихи Кочиева на рецензию мы дали Джикаеву, как литературоведу, который правильно оценил рукопись, не скрывая ее больших недостатков. За эту критику Кочиев и мстит Джикаеву.

Кочиев неправ и тогда, когда охаивает работу издательства. Сейчас Кочиев находится в этом здании. Тот факт, что он не зашел сюда, тоже не характеризует его положительно.

**С. Марзоев.** Разговор у нас шел серьезный, очень полезный.

Глубоко анализируются проблемы. Рецензент Кочиев не разбирается в поэтической сути сборника Джикаева, а говорит только о тематике. Абсолютно неверно обвиняет поэта. Нет никакой идейной ошибки в творчестве Джикаева. Рецензию Кочиева нельзя напечатать ни в каком виде. Рецензия никакой пользы, кроме вреда, не дает. Не выдерживает критики.

**Т. Джатиев.** Т. Кочиева можно назвать вредителем литературы. Не нужно давать хода подобным рецензиям. Даже мысли свои не может оформить ясным языком.

Джикаев – растущий поэт.

**Г. Кайтуков** (председательствующий). Считаем неправильным, клеветническим и тенденциозным выступление Кочиева. Докладчик глубоко разобрался и в стихах Джикаева и в рецензии Кочиева. Все выступающие подтвердили правильность выводов А. Кодзати. Издательство «Ир» (ред. Муртазов) правильно поступило, выпустив сборник Ш. Джикаева «Грусть лани». Статью Т. Кочиева «По ошибочному пути» ни в каком виде нельзя напечататъ.

**М. Цирихов.** Мне очень понравился сборник Джикаева. Маленькая книжка «Грусть лани» – большой вклад в нашу поэзию. Старые темы зазвучали по-новому. Рецензия Кочиева от начала до конца является тенденциозной. Отдельные языковые недостатки в сборнике Ш. Джикаева имеются.

**Ш. Джикаев.** Меня слишком расхвалили товарищи. Но я больше благодарен тем, кто справедливо указал на мои недостатки. Что касается критики Кочиева, то присутствующие товарищи сами показали, насколько она «справедлива».

## КРИТИКӔ ӔВИ ВУЛЬГАРИЗАЦИ

*(Ныхас поэзийы секцийы 1969 азы 10 октябры)*

Бакастæн, Коцты Тотырбег Джыккайты Шамилы чиныг «Цæф сæгуыты маст»-ыл цы рецензи ныффыста, уый. Шамилы æмдзæвгæтæ мын амæй размæ дæр æнæзонгæ нæ уыдысты. Фæлæ сæ Тотырбеджы рецензийы фæстæ ноджы лæмбынæгдæр бакастæн.

Рецензент фыссы: «...Зæгъдзыстæм уый, æмæ чиныгуадзæн "Ир" кæй æруагъта егъау рæдыд, Джыккайы-фырты чиныг "Цæф сæгуыты маст" идейон рæдыдтытæ æмæ æвзаджы арвистонæй дзаг кæй у, уый кæй нæ рахатыдта æмæ йæ афтæмæй кæй суыммыхуыр кодта. Фæлæ рауагъдады æмæ авторы тæккæ стырдæр рæдыд уый мидæг ис, æмæ реакционерты, лæгмарты реабилитаци кæнынмæ зианхæссæг хъуыдытæй чиныгкæсджыты барæвдауынмæ кæй бахъавыдысты, уый. Ӕмæ ма йæ ноджыдæр иу хатт

зæгъын: рæдыд идейон æмæ нывæфтыдадон позицитыл лæууы Джыккайы-фырт, рауагъдад та йын æмдзæгъд кæны».

Шамилы поэзиимæ зонгæ чи у æмæ уый фæстæ ацы рæнхъытæ чи бакæса, уымæн йæ сæрыхъуыныгæ арц куыннæ сбаддзысты, рецензент авторыл тугтæ кæй мысы, йæ поэзи йын цъыфимæ кæй сызмæста æмæ йыл æбуалгъ хахуыртæ кæй кæны, уымæй! Æркæсæм-ма, рецензент Шамилы реакционерты, лæгмарты реабилитацигæнæг цы æмдзæвгæты тыххæй хоны, уыдонмæ: «Дауыт Сосланы хъынцъым», «Хазби», «Фæстаг ныхас», «Тимуры куывд» æмæ «Кæд загъта фыццаг хатт йæ Амонд лæгæн».

Фыццаг æмдзæвгæ-монолог «Дауыт Сосланы хъынцъым». Рецензент фыссы, йæ рæстæджы, дам, ын раст аргъ скодта критик Джиоты Хазби. Хазбийы уацæй Тотырбег райста ахæм скъуыддзаг: «Мах, Дауыт Сосланы дард фæдонтæ, сæрыстыр стæм, не 'мтуг, не 'мыстæг Гуырдзыстоны паддзах кæй уыдис, уымæй. Æмæ кæд уыцы дæрддаг æнусы Ир æмæ Гуырдзыстоны æхсæн ахæм ахастдзинæдтæ уыдис, цæмæй ирон лæг Гуырдзыстоны паддзах суыдаид, уæд сыл мах цæй тыххæй хъуамæ ныффæлдахæм дур? Кæй зæгъын æй хъæуы, национ хæрамдзинадæн дæр йæ уидæгтæ арф уыдысты, фæлæ дыуунæ адæмы æхсæн цы æфсымæрон ахастдзинæдтæ уыд, уыдоныл уæлахиз кодтой... Æз афтæ зæгъынмæ нæ хъавын, æмæ национ хæрамдзинады ныхмæ фыссæг йæ хотых хъуамæ ма сиса, фæлæ рох кæнын нæ хъæуы, национ хæрамдзинад кæм æнхъызт, уым ма кæй уыдис æфсымæрдзинад, хæлардзинад дæр. Фыссæг та хъуамæ уыцы фæзындтытæн иртаса сæ сæйрагдæр, гуманистон чи у, фидæн кæмæн ис, уый фарс хъуамæ уа. Шамилы æмдзæвгæйы та, дыуунæ нацийы æхсæн цы ахастдзинæдтæ уыд, уыдонæй æвдыст æрцыд Дауыт Сосланы рæстæджы Гуырдзыстоны реакцион минæвæртты зианхæссæг идеологи. Национ хæрамдзинады идеологи идеалы хуызы æвдыст кæй æрцыд, уый у хъæндзинад. Æмдзæвгæмæ гæсгæ хъуамæ нацийы тырыса суа: «Куы уай æцæгæлон æрвадæн, нæ дæ уæд искæмæн хæстæг. Кæмдæр дыл хорзæхтæ ныккæлæд, уæддæр дæ адзалы рæстæг уыдзæн сæ фæсдуармæ дæ мæлæт».

Дарддæр кæсын рецензент Коцты Тотырбеджы ныхæстæ: «Æз ацы даргъ ысфыст Джиоты Хазбийы статьяйæ æрхастон уымæн, цæмæй мæ Шамилы æмдзæвгæйы идейон мидисыл дзурын мауал бахъæуа, куыд уынæм, афтæмæй йæ критик раст

равдыста, фæлæ ма зæгъдзынæн уый, æмæ Джыккайы-фырт критичы, журналы редколлегийы, стæй афтæ чиныгкæсджыты раст тæрхон æрдумæ дæр кæй не ‘рдардта æмæ та ногæй уыцы æмдзæвгæ, ницы дзы аивта, афтæмæй йæ чиныг «Цæф сæгуыты маст»-ы кæй ныммыхуыр кодта».

Мæнмæ гæсгæ, Шамил тынг раст бакодта, критичы (журналы редколлеги æмæ чиныгкæсджыты номæй бынтон дзæгъæлы дзуры рецензент) тæрхон (фæндон у æви тæрхон?) æрдумæ дæр кæй не ‘рдардта, уымæй. Цæмæн? Уымæн æмæ Джиойы-фырты уайдзæфтæй иу дæр Шамилы æмдзæвгæмæ ницы бар дары. Æз нæ дзурын Хазбийы уацы æвзагыл (æрмæст «дзинæдтæ» дзы ис дæс). Статья кæм мыхуыргонд уыд, уый банысан кæнын рецензентæй кæй ферох, уый дæр ын барст фæуæд. Фæлæ ма райсæм мæнæ ацы хъуыдыйад: «Кæй зæгъын æй хъæуы, национ хæрамдзинадæн дæр йæ уидæгтæ арф уыдысты, фæлæ дыуузæ адæмы æхсæн цы æфсымæрон ахастдзинæдтæ уыд, уыдоныл уæлахиз кодтой». Ам кæнæ Джиоты Хазби цæуы йæхи ныхмæ, кæнæ та рецензент. Уый йеддæмæ национ хæрамдзинад æфсымæрон ахастдзинæдтыл куыд уæлахиз кодта?

Ныр æркæсæм Джиойы-фырты «раст тæрхонмæ». Фыццаджыдæр, Дауыт Сослан Гуырдзыстоны паддзах никуы уыд. Дауыт Сослан уыди паддзах Тамары мой, йæ æххуысгæнæг, хæстон разамонæг. Дыккагæй, ирон лæг ахæм бынатмæ Ир æмæ Гуырдзыстоны ахастдзинæдты руаджы нæ бахауд, фæлæ йæ Тамар уарзгæ кæй кодта æмæ дзы йæхицæн мой кæй загъта, уый руаджы. Гуырдзыйы æлдæрттæй бирæты фæндыд, Тамар уыдонæй искæй мойæн куы равзæрстаид, фæлæ дзы уый иуæн дæр нæ бакуымдта. Уыйадыл æлдæрттæ хæрам зæрдæ дардтой Дауыт Сосланмæ. Ууыл дзурæг сты историон документтæ. Хазбимæ гæсгæ та Гуырдзыстон хæлардзинады охыл Ирæй сæхицæн паддзах æрбахуыдтой. Тугтæ мысы Джиойы-фырт Шамилыл. Цавæр национ хæрамдзинадыл цæуы ныхас? Чи йæ æвдисы идеалы хуызы? Æниу, XII æнусы кой кæнгæйæ, куыд ис нацитыл дзурæн? Уацы автор элементарон хъуыддæгтæ кæй нæ зоны, уымæн йæхи ‘фсарм тæрхонгæнæг уæд. Фæлæ-ма æркæсæм Шамилы æмдзæвгæмæ. Сæргонды бынмæ дзырд «монолог» фидауцы тыххæй фыст нæу. Уый амоны: æмдзæвгæйы сæйраг архайæг йæхиимæ ныхас кæны, йæ мид-зæрдæйы сагъæстæ дзуры. «Куы хъæрза хи бæстæ рæхысты, уæд искуы намыс æмæ

цард лæгæн мæлæт æмæ æлгъыст у». Ацы хъуыдыйы бындурыл Шамил сарæзта зæрдæмæхъаргæ, нуарджын философон æмдзæвгæ.

Зæгъынц, адæймагæн, дам, йæ мæлæты сахат йæ цардвæндаг кæрæй-кæронмæ йæ цæстытыл ауайы. Чи зоны, уый æцæг афтæ у. Шамил дæр Дауыт Сосланæн йæ цардæй райста тæккæ трагикондæр уысм – йæ адзалы сахат. Хъуыдыты мидхъуырдухæнæй райрæзт, стыр удыхъæд кæмæн ис, ахæм фæлгонц, характер. Пушкин цæйау загъта, характер у «противоречивое единство». Шамил цы характер сарæзта, уымæн дæр ис ахæм циардхъом уидæгтæ.

Уацы автор кæнæ æмдзæвгæ æппындæр нæ бамбæрста, кæнæ та йын барæй галиутæ кæны йæ хъуыды. Йæ царды фæстаг сахат адæймаг æцæгæлон бæсты йæ фыдæлты зæхх мысы, уым цы ис национ хæрамдзинадæй? Æниу, «куы уай æцæгæлон æрвадæн, нæ дæ уæд искæмæн хæстæг», зæгъгæ, уыцы ныхæсты ныхмæ цы зæгъинаг сты Джиойы-фырт дæр æмæ Коцыфырт дæр? Æви хъуамæ адæймаг йæ фыдыбæстæйыл гадзрахатæй цæуа? «Йæхицæн чи нæ зоны, уый искæмæн дæр нæ зоны», «Йæхи адæмы чи нæ уарзы, уый искæй дæр нæ бауарздзæн», – уыдон та уын адæмон æмбисæндтæ. Чи зоны, Джиойы-фырт æмæ Коцы-фырт мæнæ ацы ныхæстæ дæр рахоной национ хæрамдзинады идеологи тауæг: «Æцæгæлон адæм, æцæгæлон бæстæ æхсныфæй нуазынц мæ туг».

Дарддæр рецензент фыссы: «Æз нал дзурын æмдзæвгæйы мидисыл, фæлæ ма йын æркæсæм йæ арæзтмæ, йæ æвзагмæ, кæддæра йæ, автор куыд æнæаипп æнхъæлы, афтæ у?» Æмæ та ногæй дзурын байдыдта æмдзæвгæйы мидисыл: «Шамилмæ гæсгæ Дауыт Сослан у хиппæлой, æгъатыр, æнауæрдон, зынæрвæссон, хæдæфсармдзинадæн йæ кой дæр кæмæ нæй, ахæм адæймаг».

Ацы ныхæстæ дæр æрымысæггаг сты. Нæдæр хиппæлой у Дауыт Сослан, нæдæр зынæрвæссон. Лирикон герой йæхицæн дзуры, сагъæс кæны. Стæй рецензент, ау, æмдзæвгæйы хъуыды куыд не 'мбары: æцæгæлон бæсты сæрвæлтау цыфæнды сгуыхтытæ куы равдисай, уæддæр дæ кад, дæ намыс ницы сты, «хи бæстæ рæхысты куы хъæрза», уæд. Цы ис ам хиппæлойдзинадæй? Цæуылнæ ис Дауыт Сосланæн афтæ хъуыды кæныны бар аивадон уацмысы? Æгъатыр, æнауæрдон кæй у, уый æвзæр

миниуæг схонæн нæй. Уæдæ хъуамæ йе знæгтæн куыд уыдаид? Хæларзæрдæ æмæ фæлмæн?

«Суанг ма зæххыл иууыл æбуалгъдæр фыдгæнæг Гитлер дæр йæ æвирхъау митæ афтæ æргомæй никуы загъта, фæлæ дзырдта, зæгъгæ, уыцы митæ историон мисси æххæст кæнгæйæ аразы, хуыцауы фæндонæй сæ кæны», – фыссы дарддæр рецензент.

Фыццаджыдæр, бафæрсын аипп ма уæд: йæ кæцы томы æмæ кæцы фарсыл дзырдта Гитлер уыцы ныхæстæ? Дыккагæй та, рецензент æй куыд сдиссаг кодта, ахæм æгъатыр, ахæм фыдгæнæгæй нæ уынæм Дауыт Сосланы. Йе знæгтæм æгъатыр кæй уыд, уый раппæлинаг хъуыддаг у. Уый тыххæй фыссы Шота Руставели дæр: «Жег врагов, а верных тешил в милосердьи благосклонном». Руставелийы ныхæстæ рецензент йæхæдæг куы райста, уæд йæхи ницы уынæг цы скодта? Йе знæгтæм æгъатыр уыдис, зæгъгæ, афтæ зæгъыны бар Руставелийæн куы ис, уæд Шамилæн цæуылнæ ис? «Стайы цармдарæджы» Дауыт Сосланы кой кæм и, уый тыххæй та афтæ зæгъы рецензент: «Уæдæ ахæм историон характеристикæимæ кæнæ æмдзæвгæйы автор зонгæ нæу, кæнæ та зонгæ-зонын дызгъуымтæ кæны факт». Кæд ма исты зонын, уæд Руставелийы кадæджы историон характеристикæ нæй, фæлæ аивадон характеристикæ. Æви аивад æмæ истори иу сты? Аивадмæ афтæ уæлæнгæйтты чи кæсы, уый, æвæццæгæн, йæ ерæдзыпп æрмæстдæр адæмы фæзмгæйæ ахæссы тулдзджынмæ, кæд æй «цуанæттæ цуаны нæ фæуадзынц семæ», уæддæр.

Шамилы æмдзæвгæ «Хазби»-йы тыххæй та рецензент афтæ фæрсы: «Кæцы рæстæджы цæуы архайд? Цæй тыххæй фыст у ацы монолог?» Уыдон æнæсæрфат фæрстытæ сты. Иугæр афтæ у, уæд æз дæр фæрсын: кæцы рæстæг æвдыст цæуы Шекспиры 66 сонеты, кæнæ та, зæгъæм, Есенины «Сау адæймаджы»?

Шамилы æмдзæвгæйы архайæг у, дунейы тæккæ стырдæр хæзнатæй дæр сæрибар зынаргъдæр кæмæн у, ахæм адæймаг. Рæстдзинадыл тохы йæ цард нывондæн чи æрхаста, йæ иубæстон адæм кæйдæр уæрдоны цæмæй ма бадой, фæлæ сæрибар уой, ууыл сагъæсгæнгæйæ йæ уд чи исы, уыцы адæймаг цæмæй у аххосджын?

Æмдзæвгæйы герой хъуыды кæны:

*Мах ницы уадзæм а бæстыл нæ фæстæ,*
*Æмæ мæрдкъахтау зыд æмæ кæрæфæй*
*Нæ фæстагæттæ номхæссæн цыртæн*
*Йæ уаз фыстытæй дам-думтæ куы кæной*
*Кæрдзын æмæ цыты базары, уæд*
*Нæ дард фæдон кæйдæр уæрдоны зардзæн*
*Æмæ хæсдзæн фæндаггагæн нæ кой.*

Рецензент раскъуыдта ацы хъуыдыйадæн йе ‘мбис, лæджы йæ астæуыл дыуæ дихы куы фæкæнай, уыйау, æмæ йын карз тæрхон хæссы: «Уый у æнæбындур, реакцион рæдыд хъуыды, æмæ ма уæлдай хъыгагдæр уый у, æмæ йемæ автор разы кæй у, æндæр йæ ныхмæ иу дзырд уæд та куыд нæ загъта, йæ хъæлæсы уагыл уæд та куыд нæ фæбæрæг».

Рецензент Шамилы хъуыдыйад къабазгай кæй бакодта, уый хуымæтæджы нæу. Уый йæ бахъуыд тугтæ мысынæн. Уый йеддæмæ æмдзæвгæйы геройы хъуыдытæ нæ галиутæ кæнид. Хазби сæрибар нæ федта, дзуры йæ уд исгæйæ. Уымæ гæсгæ дызæрдыг кæны, тыхсы, мыййаг мæ фæстæ цы фæлтæртæ уа, уыдон цагъары къæлæты бынмæ куы бахауой, зæгъгæ. Цы ис уым реакцион хъуыдыйæ? Уæдæ цæуыл хъуамæ хъуыды кодтаид йæ адзалы сахат сæрибарыл тохгæнæг? Æз та бынтон æндæр хуызы æмбарын Хазбийы ныхæстæ. Уыдон сты фæстагæттæн фæдзæхсты хуызæн: Хуыцау уæ бахизæд ахæм æгуыдзæгдзинадæй, цæмæй уæ намысджын фыдæлтыл, æрмæстдæр сæрибарæн чи куывта, йæ цард иудадзыг хæст кæмæн уыди, уыдоныл хахуыртæ кæнат. Ахæмты ныхмæ дзырдта Къоста дæр: «Тыхгæнæг хæддзумæ кæд искуы фæндонæй, æуæнккагæй радтай, рæстæнхъæл, дæ бар?.. Мæ хæлар, мæ уарзон! Ныммæл мын фæсмонæй, ды искуы хæддзуйæ куы скæнай æлдар!..»

Байхъусæм дарддæр рецензентмæ: «Фæуæд афтæ, æмæ Хазби æцæгæй дæр дзырдта:

*...Сæрибар æмæ намысæн куывтам...*
*...Мах ницы уадзæм а бæстыл нæ фæстæ.*
*...Нæ дард фæдон кæйдæр уæрдоны баддзæн.*

(«Баддзæн» нæу Шамилмæ, фæлæ «зардзæн». – Хъ. Æ.)

*...Ныхъхъус у, зарæг?!*

Фæлæ уыцы ныхæстæм нæ ныры фæлтæр цы цæстæй кæсынц, уый автор куыд ницæмæ æрдардта, диссаг уый у. Хазбийы хъуыдымæ гæсгæ сæрибар нæй æмæ никуы уыдзæн, ницы у нæ цард, дзæгъæлы у нæ тох, алцы дæр немæ амæлдзæн æмæ ды дæр «ныхъхъус у, зарæг?!» (Фарсты нысан та ма чердыгæй æвæрын хъуыд, Шамилмæ афтæ куы нæ у, уæд? — Хъ. Æ.)

Цы цæстæй кæсынц нæ ныры фæлтæр уыцы ныхæстæм? Сæрибар æмæ намысæн кувын æвзæрдзинадыл нымайынц? Сæрибар нæй æмæ никуы уыдзæн, зæгъгæ, чи фæхъуыды кæны, уый йæ цард сæрибары сæрыл нывондæн не 'рхæссы, фæлæ цагъары къæлæтыл сразы вæййы. Шамилы æмдзæвгæйы герой та, иу хатт ма йæ зæгъын, лæджы ном æмæ цардыл йæ мæлæты размæ æдзæм зарæг кæнгæ дзуры: «Ныхъхъус у, зарæг». Ома, мах уадиссагæй ницы сарæзтам, æмæ ныл зарджытæ кæнат. Шамил сарæзта хæдæфсарм, хъæбатыр, адæмы сæрибарыл тохгæнæг лæджы фæлгонц, йæ психологи, йæ хъуыдытæ йын равдыста аив поэтикон æвзагæй. Чи зоны, æмæ рецензент Владимир Маяковскийы ныхæстæ «Умри, мой стих, умри, как рядовой, как безымянные на штурмах мерли наши», зæгъгæ, уыдонæй дæр зæгъа: поэт не 'ууæнды нæдæр сæрибарыл, нæдæр цардыл, нæдæр зарæгыл.

Диссаг у, Коцы-фырт поэтикон æвзаг æмæ хуымæтæг адæмы æвзаджы æхсæн хицæндзинад кæй не 'мбары, уый.

*Мæнæн та рохуаты мæрдадзы*
*Кæндзæн мæрдон фынæй мæ ном,*

зæгъгæ, уыцы ныхæсты бæсты рецензент Шамилæн фыссын кæны афтæ: «Мæнæн та мæ ном мæрдон фынæй кæндзæн». Куыд кæсын, афтæмæй рецензент Къостайæн дæр «Фидар рæхыстæй нын не уæнгтæ сбастой», зæгъгæ, уыцы рæнхъы бæсты ныффыссын кæндзæн: «Фидар рæхыстæй нæ сбастой» æмæ афтæ дарддæр.

Джыккайты Шамил йæ балладæ «Тимуры куывд»-ы дзуры тиранты, æгас дунетæ байсынмæ чи тырны, адæмæн фыдбылызы хос йеддæмæ чи ницы у, уыдоны ныхмæ. Поэты позици бæрæг у алы æмбаргæ адæймагæн дæр. «Мæ фæстæ мæ паддзахад дургай ызгъæлдзæн, мæ зæппадзы хæлддзæгтыл уадындз-хъæлæстæй Гафизы æнкъард зарæг зæлдзæн», — дзуры Тимур. Императæ фехæлынц, тирантæн историйы сæ ном

баззайы æрмæст фыдгойтæн, аивад та æнусон у — ау, уыцы хъуыды цас зын бамбарæн у? Æви рецензент ирон æмбисонд дæр никуы фехъуыста: «Дунемæ ма бæлл, дунейы зондмæ бабæлл». Уыцы хъуыдыйы бындурыл арæзт у Шамилы æмдзæвгæ. Уæдæ цæмæн азымджын кæны поэты, цæмæн æй хоны лæгмары реабилитацигæнæг?

Гафиз Тимурæй раздæр кæй амард, уый зоны Шамил дæр. О, раздæр амард, фæлæ йæ зарæг цæрдзæн, Тимуры зæппадзæй дур дæр куы нæуал баззайа, уæд дæр. Афтæ зæгъы поэт. Рецензент та ныффæрск æмæ «урс»-ы бæсты «сау» дзуры.

Шамилы æмдзæвгæ «Кæд загъта йæ Амонд фыццаг хатт лæгæн» схонæн ис «Гимн сæрибардзинадыл». Рецензент та афтæ зæгъы, реакцион хъуыдытæ дзы ис. Уый у æргом хахуыр. Критикмæ элементарон культурæ нæй. Рецензи орфографион æмæ пунктуацион рæдыдтæй бæз-бæз кæны, суанг цитатæтæ дæр рæдыдтæй седзаг сты, ноджы кæцæй ист сты, уый банысан кæнын рецензентæй «ферох» вæййы. Ахæм хуымæтæджы хъуыддæгтæ чи нæ зоны, уый цымæ поэтимæ цы ныфсæй полемикæ кæны?

Критикмæ культурæ кæй нæй, ууыл дзурæг у мæнæ ацы хъуыддаг дæр. Чиныджы алы фæрстæй рафыста хицæн рæнхъытæ (кæм та рæнхъытæн се 'мбистæ) æмæ поэты æфхæры, тынг арæх, дам, æрхæндæг кæны, йæ цæстыты бын, дам, цæссыг нæ хус кæны. «Мæ риуы цард дзыназы æмæ худы», – фыст ис Шамилмæ. Рецензент дзы райста æрмæст: «Мæ риуы цард дзыназы». Цавæр методтæ сты уыдон? Коцы-фырт æрхæндæг, пессимистон кæй хоны, уыдонæй иу хъуыдыйадæн дæр пессимизмимæ иумæйагæй ницы ис. «Цæуылдæр зæрдæ риссы» – уый пессимизм у æви оптимизм? Кæд фенди, йæ зæрдæ кæмæн ницæуыл риссы, ахæм поэт? Тотырбеджы методтæй пайда кæнын нæ сæрмæ куы хæссиккам, уæд махæн дæр нæ бон у чиныджы алы фæрстæй хицæн рæнхъытæ рафыссын æмæ сæ рецензенты «номхыгъды» ныхмæ æрæвæрын. Фæлæ ахæм митæ æцæг критикæмæ ницы бар дарынц.

Шамилы чиныджы ис хъæндзинæдтæ, уый бæлвырд у. Зæгъæм, хатгай автор ныв кæнынæй рахизы хус ныхæстæм:

*Мæгуыр дæ ды, зæнджын лæгты уыныс*
*Дæ туджджынтæ æмæ сыл мысыс даутæ,*
*Тыхджынæй та фæзæгъыс: «Ды Хуыцау дæ»,*
*Æмæ йæ разы зонгуытыл цæуыс.*

Ам аивадон уацмысы миниуджытæ æххæстæй не сты. Поэт рахызти хус фидистæм æмæ йæ ныхас цæсты нал ахады. Шамилы æмдзæвгæтæй бирæтæ ныгъуылынц романтикон фæлмы. Хатгай уыцы фæлмæй царды æцæгдзинад нал фæзыны. Уымæ гæсгæ йæ хъуыдыйæдтæ дæр стæм хатт æгæр здыхт фæвæййынц. Уый аипп у. Фælæ Коцы-фырт цы хуымæтæгдзинадмæ сиды, уый аивадмæ ницы бар дары, уый примитивон фæндаг у æмæ дзы хи хизын хъæуы.

* * *

(*Мæ раныхасæй Цæгат Ирыстоны фысджыты иумæйаг æмбырды 1973 азы 18 апрелы*)

«Решительно не согласен с М. Цириховым, который утверждает, что стихотворение Ш. Джикаева «Сæрдыгон изæр Цъæйы комы» националистическое, что под словами «бурдзалыг чызджытæ» автор подразумевает русских девушек. Это утверждение не имеет под собой почвы. В Цейское ущелье каждое лето прибывают тысячи иностранных туристов, в том числе и «бурдзалыг чызджытæ». Стихотворение Ш. Джикаева направлено против хамов и обывателей, против тех, кто, мягко говоря, не уважает народные традиции, оскверняет памятники архитектуры. «Русские девушки» тут ни при чем. М. Цирихов подходит к оценке поэтического произведения с позиций вульгарного социологизма».

## ПЕРВОМУ СЕКРЕТАРЮ СЕВЕРО-ОСЕТИНСКОГО ОБКОМА КПСС

**тов. *ОДИНЦОВУ В.Е.***

Уважаемый Владимир Евгеньевич!

Осетинский читатель около 35 лет ждал издания произведений классика нашей литературы, зачинателя национальной драматургии Елбасдуко Бритаева. И вот, наконец, накануне нового 1982 года он увидел на прилавках книжных магазинов первый том избранных произведений любимого писателя. Но радость его была недолгой: председателю правления Союза

писателей Северной Осетии тов. Ц. не пришлось по душе предисловие к книге, и он решил заявить об этом с высокой трибуны пленума обкома КПСС. В результате продажа книги тут же была приостановлена.

В связи с этим я позволю себе высказать несколько соображений. Мне кажется, следовало до того, как вывозить весь тираж из магазинов, тщательно разобраться в сути дела. А может, человек, сделавший предметом спора книгу Бритаева, недостаточно подготовлен – ведь он специально никогда не занимался жизнью и творчеством выдающегося драматурга. Может он, как председатель, не согласовал свое мнение с мнением правления Союза писателей (что, к сожалению, так и было). Может, у т. Ц. напряженные отношения с автором предисловия Ш. Джикаевым и он занимается сведением личных счетов (что, опять-таки, подтверждается фактами). Может, наконец, у него были какие-то другие неблаговидные цели. Думается, все это имеет не второстепенное значение, когда речь идет о судьбе искусства, о явлении национальной культуры, каковым является Е. Бритаев.

И, вообще, верно ли то, что мнение одного человека послужило поводом для ущемления интересов полумиллионной нации?

Еще в 1939 году Фадеев говорил: «Мне приходилось слышать голоса со стороны отдельных осетинских товарищей, которые пытались отбрасывать такого художника осетинского народа, как Бритаев, который в своей политической деятельности пошел по ложному пути. Этот ложный путь не должен отрицать большого значения для осетинского народа его драматургической деятельности, его художественного творчества».

К сожалению, мы пренебрегли этим авторитетным мнением, и, став на позиции вульгарного социологизма, избегая основательного научного анализа жизни и творчества Бритаева, огульно нарекли его «буржуазным националистом», а его творчество вредным в идейном отношении. Это было в начале пятидесятых годов. Советская литературная наука давно осудила вульгарно-социологические истолкования произведений искусства и биографий писателей. Мы же до сих пор не дали настоящей партийной оценки жизни и творчеству Бритаева. Ни опыт других братских народов в решении подобных проблем, ни ленинские взгляды на куль-

турное наследие прошлого для нас не оказались авторитетом при изучении жизненных и творческих исканий драматурга. Я не буду здесь повторять всем известные слова В. И. Ленина об отношении к культурным ценностям прошлого. Напомню лишь о том, что, когда в 1921 году в Париже вышла книга Аркадия Аверченко «Дюжина ножей в спину революции», Ленин живо откликнулся на нее статьей «Талантливая книжка». Называя автора «озлобленным почти до умопомрачения белогвардейцем», Ленин в то же время признает его «поразительный талант» и заключает свою статью так: «Некоторые рассказы, по-моему, заслуживают перепечатки. Талант надо поощрять».

Именно такой, истинно ленинский подход был при оценке жизни и творчества таких крупных русских писателей, как Бунин, Куприн, Леонид Андреев, Бальмонт и других, которые в жизни иногда шли по ложному пути, но творчество которых принадлежит народу. (Можно представить себе, какой урон бы нанес своей культуре русский народ, откажись он от перечисленных писателей).

Именно такой, истинно ленинский подход нужен и при оценке жизни и творчества Елбасдуко Бритаева.

**Ахсар Кодзати,**
*член КПСС, член Союза писателей СССР,*
*член правления Северо-Осетинской*
*писательской организации.*

Отправлено *22/II-82*

## «О СБОРНИКЕ СТИХОВ Ш. ДЖИКАЕВА “КОЛЧАН”»

Новый сборник стихов Ш. Джикаева «Колчан», выдвинутый на соискание премии К. Хетагурова, объединяет стихи последних лет. Это очень цельная, отмеченная знаком зрелости книга. Почти в каждом стихотворении чувствуется кровная причастность поэта к судьбам людей, к вещному миру. Характерно в этом отношении следующее четверостишие:

*Назло смерти и нашим врагам*
*Живу в любви и согласии среди людей.*
*Их (смерти и недругов) ненависть рождает во мне*
*вдохновение,*
*И я высекаю свет из своего сердца.*

Широк диапазон поэта. Рядом со стихами об Осетии и Коста читатель найдет в книге сокровенные раздумья поэта о величии ленинских идей, о смысле жизни, о красоте природы, о выдающемся русском ученом А. Шегрене, так много сделавшем для развития культуры осетинского народа и т. д. «Свет моих очей – Октябрьское знамя», – говорит автор в сонете «Свет Октября». И это не риторика, не сухая декларация, а исповедь души. Благодаря этому свету, признается далее поэт, ко мне в трудный час приходят на помощь и Хафиз, и создатель гордого Демона (Лермонтов), и Шевченко, и лучшие сыновья Кавказа. Много вдохновенных строк посвятил Ш. Джикаев человеку труда, родине и родному языку, славным предкам, чье мужество и самоотверженность служат примером для последующих поколений, дружбе народов, любви чистой и искренней, природе. Его одинаково волнуют судьбы как родного народа, так и миллионов обиженных на всей планете.

Примечательно, что поэт активно восстает против зла. Темным силам противопоставляются силы добра. А силы добра – это прежде всего нравственный опыт многих поколений, духовная чистота истоков народной жизни. В сборнике они зачастую находят символическое выражение (“вершины гор”, “горная река”, “родник”, “весенние костры”, “прополка”, “очищение старого колодца от грязи” и т. д.).

Ш. Джикаев хорошо владеет такой сложной поэтической формой, как сонет, стих его отточен, язык богатый, сочный – истинно народный.

«Колчан» – одна из лучших книг осетинской поэзии последних лет.

**Ахсар Кодзати**

*08/V-82*

# СЕКРЕТАРЮ СЕВЕРО-ОСЕТИНСКОГО ОБКОМА КПСС

***тов. КОНИЕВУ Ю.И.***

Как коммунист, считаю своим долгом сообщить Вам, одному из лидеров коммунистов республики, следующее. 28 июля с. г. состоялось партийное собрание Союза писателей. Основной вопрос повестки дня – «О ходе выполнения решений 5 пленума обкома КПСС». Вопрос, как видите, очень важный и, казалось бы, на собрании должен был состояться обстоятельный разговор на эту тему. Однако секретарь партбюро т. Колесников в своем пятиминутном «докладе» фактически ничего не сказал по существу вопроса (на что впоследствии ему указала представитель РК КПСС т. Хабицова), а сосредоточил свое внимание на поведении члена СП СССР Ш. Джикаева, который, якобы, на встречах с учителями осетинского языка отказывал некоторым нашим писателям в таланте. Основанием для такого заявления Колесникова послужило, по его словам, письмо какой-то учительницы, будто бы адресованное председателю правления СП т. Ц. Вслед за этим на собрании разгорелись страсти. Большинство выступающих начали осуждать (заочно!) Шамиля. При этом никто, кроме трех-четырех членов партбюро, не знал даже фамилии этой учительницы. Не проверив факты, не ознакомив Ш. Джикаева с письмом, не пригласив его на собрание, не изучив ситуацию, члены партбюро ввели в заблуждение коммунистов-писателей.

Ш. Джикаев не член КПСС. Письмо, в котором некая учительница жалуется на него, адресовано не партбюро, а председателю правления. Почему же поведение Джикаева стало предметом разговора не на правлении, а на партсобрании? Это ведь нарушение Устава КПСС!

К сожалению, кое-кто заинтересован в том, чтобы имя Шамиля еще раз было скомпрометировано. Этими ***кое-кто*** являются трое «обиженных» – Ц., Г., М. и попавшие под их влияние Колесников и Б. Все они – члены партбюро. Они скрыли фамилию автора письма и от меня и от других членов правления и неожиданно создали такую ситуацию, что большинство выступающих ополчились на Шамиля. С какой же целью это было сделано? Чтобы сорвать Джикаеву присуждение премии им. К. Хетагурова.

Ведь нельзя же допустить, чтобы человек, который осмеливается открыто критиковать Ц., Г., М. и других, стал еще и лауреатом! Думается, и в «творении» анонимок, поступающих на Шамиля и на меня в обком партии, не последнюю роль играет эта тройка со своими единомышленниками.

Тов. Хабицова правильно заметила в конце собрания, что вопрос о Джикаеве не следовало выносить на партсобрание. Однако было уже поздно.

Я считаю, что если Шамиль в самом деле выступал перед учителями с отрицанием таланта отдельных осетинских писателей, то он неправ (о чем я сказал и на собрании) и ему надо указать на его ошибку. Но одно дело заботливо, доброжелательно поправлять товарища, а другое – заниматься сведением личных счетов, осуществлением корыстных целей, явно нарушая при этом требования Устава КПСС.

Что касается «непризнания» Джикаевым таланта у отдельных наших писателей, то одной из главных причин этого, на мой взгляд, является то, что ему негде, кроме как в устных выступлениях, высказывать свои суждения. Ведь не секрет, что долгие годы в СП сохранялась атмосфера, где одни писатели были фактически поставлены вне критики, незаслуженно захваливались, на других же негласно организовывались «разгромные» статьи, т. е. отсутствовала настоящая профессиональная критика.

К сказанному хочу добавить, что в течение ряда лет т. Ц. распространяет слухи, что, мол, он располагает кое-какими материалами о Шамиле и других писателях и что в нужный момент он их использует. К лицу ли председателю творческого союза такого рода шантаж и провокации? Напрашивается вопрос: не сам ли он организовывает эти материалы (письма, фотографии, записи голосов на пленку и т. д.)?..

Хотелось бы, чтобы Вы подумали о будущем составе партбюро СП, т.к. нынешняя «обиженная тройка», по моему глубокому убеждению, будет отравлять моральный климат в коллективе. Хотелось бы также, чтобы Вы побеседовали с Ц. Пусть он расстанется со своими неблаговидными занятиями. Пусть перестанет сводить счеты с нашими лучшими писателями. Пусть займется делом или, по крайней мере, не мешает тем, кто хочет заниматься делом процветания родной литературы.

**Ахсар Кодзати**

*29/VII-82*

**P.S.** По моему настоянию тт. Колесников, Цаголов и я 4 августа 1982 года поехали к вышеупомянутой учительнице в с. Озрек. Фамилия ее – Мочалова-Кабалоева. Выяснилось, что письмо она написала по настоянию Ц. и сестры поэта Г. Мочалова-Кабалоева училась на одном курсе с сестрой поэта Г. в СОГПИ. Кроме того, она призналась, что одной из причин написания письма послужило то, что Ш. Джикаев, якобы, плохо отзывался о ее родственнике Кабалоеве Б.Е.

Думаю, комментарии излишни.

**А. К.**

*6/VIII-82*

## ПЕРВОМУ СЕКРЕТАРЮ СЕВЕРО-ОСЕТИНСКОГО ОБКОМА КПСС

***тов. ОДИНЦОВУ В.Е.***

Уважаемый Владимир Евгеньевич!

Имя Шамиля Джикаева хорошо известно читателям. Он автор четырех поэтических сборников, монографии «Фольклор и осетинская поэзия», краткого очерка осетинской литературы, десятков критических статей и литературных портретов наших писателей. А года два назад он выступил как талантливый драматург. Спектакль по его пьесе «Отверженный ангел» с успехом шел на сцене осетинского театра и получил положительную оценку не только в нашей республике, но и в центральной прессе. Известен Ш. Джикаев и как переводчик. Сонеты Шекспира, стихи Байрона, Бернса, Лермонтова, стихотворения в прозе М. Коцюбинского, пьесы Э. Ростана «Сирано де Бержерак», В. Сарояна «В горах мое сердце», А. Лорентса «Вестсайдская история», стихи и поэмы поэтов братских республик – вот далеко неполный перечень произведений, переведенных им на осетинский язык. Ш. Джикаев – доцент СОГУ, кандидат филологических наук, воспитатель молодого поколения, активный пропагандист литературы. В программу ежемесячного телевизионного журнала «Поэзия», который ведет Джикаев,

включаются произведения как осетинских авторов, так и писателей братских республик и областей. Специальные номера журнала были посвящены литературам Кабардино-Балкарии, Чечено-Ингушетии, Дагестана и т. д. Много времени и труда отдает поэт подготовке и изданию произведений наших классиков. Проделав большую текстологическую работу, он составил однотомник Г. Баракова, двухтомники А. Коцоева, Е. Бритаева, сборник осетинских сказок и произведений народного творчества, снабдил эти книги подробными предисловиями и комментариями.

Но долгое время Ш. Ф. Джикаев живет в тяжелых жилищных условиях. Семья его состоит из четырех человек: сын и дочь учатся в школе, а жена вот уже около двух лет прикована к постели (ВТЭК определила ей инвалидность первой группы). В квартире, где проживает семья поэта, – две ***маленькие смежные*** комнаты. Ш. Джикаев не имеет даже уголка для письменного стола.

В решении заседания правления Союза писателей от 16 сентября 1983 г. сказано: «Учитывая особо тяжелые жилищные условия писателя Джикаева Ш. Ф., правление СП постановляет: очередную квартиру, которая будет выделена Союзу писателей, предоставить ему». Однако по указанию обкома профсоюза работников культуры в этом году Ш. Джикаев исключен из списка на расширение жилплощади (где он стоял первым), как не состоящий на учете в профсоюзной организации Союза писателей. А в университете, где он работает, у него нет возможности получить квартиру в ближайшие годы.

Поэтому, уважаемый Владимир Евгеньевич, я обращаюсь к Вам с убедительной просьбой помочь Ш.Ф. Джикаеву в улучшении его жилищных условий.

С уважением

**Ахсар Кодзати,**
*зам. председателя правления*
*Союза писателей Северной Осетии.*

*20/IX-84*

* * *

*(Мæ разныхасæй Цæгат Ирыстоны фысджыты VIII съезды 1987 азы 15 майы)*

«Застой рождал перерожденцев, дутых личностей, дутую славу, дутые награды. Застой рождал застой мыслей, идей, застой творчества. Творцы застоя и милого уюта были одержимы одной-единственной страстью: удержаться. «А для этого, – по выражению В. Дудинцева, – все методы хороши – клевета, публичная травля, политические обвинения». Вспомним неоднократные выступления нашего председателя с трибун пленумов обкома и горкома КПСС, в печати». «Любование минувшими днями», «воспевание атрибутов старины», «идейные срывы» – вот типичные фразы, которыми характеризовалось творчество отдельных товарищей. Десятилетиями в несуществующих грехах обвиняются А. Царукаев, Ш. Джикаев, К. Ходов, З. Хостикоева, В. Малиев и другие. Понятно, с какой целью это делается. Чтобы отвлечь внимание общественности от своей собственной бездеятельности. Чтобы добиться расположения начальства, посмотрите, мол, какой я бдительный – разоблачаю антисоветчиков.

МАМИАТЫ Изетæ

# АИВАД — УДВАРНЫ РÆЗÆН

*(Интеграивон урокты цикл)*

## Дæсæм урок. АИВАДЫ «БИРÆВЗАГОН» ХЪÆЛÆС (ДЗЫРД–ХУЫЗ–ЗÆЛ).

***Эпиграф:*** «Живопись – немая музыка, а поэзия – говорящая живопись» (Симонид Кеоссаг – нæ эрæйы агъоммæ VI – V æнусы цæрæг грекъаг поэт).

***Урочы хæстæ:***

1) адæмон æгъдæутты мифологион бындур æмæ историон æфсонтæ иртасын;

2) сæ хъомыладон мидис сын райхалын;

3) аивады философон-эстетикон нысаниуæгыл æрдзурын.

***Урочы фæлыст:*** Тугъанты Махарбеджы хуызист æмæ йæ нывты («Цоппай», «Адæмон тæрхон. Дагом», «Куыдзæппарæн къæдзæх», «Бæхфæлдисæн») репродукцитæ; фыссæг Малиты Васойы, композитор Хосроты Тотырбеджы хуызистытæ, Тотырбеджы сюитæ («Тугъанты Махарбеджы нывтæм гæсгæ»-йæ 4-æм хай («Цоппай») дискыл фыстæй.

***Урочы хуыз:*** Иугонд урок-лекци (нывкæнынад, литературæ, музыкæ) беседæйы элементтимæ; аивадон уацмысы анализ.

**I. ХÆДЗАРМÆ КУЫСТ СБÆРÆГ КÆНЫН**

**II. НОГ ÆРМÆГ.**

Ахуыргæнæджы раныхас:

Раззаг уроктæй иуы базонгæ стæм Цæгæраты Максимы «Мады зарæг»-имæ. Радзырды сæйраг темæйæ дарддæр (аивады удсыгъдæггæнæн нысан) ма дзы ссардзыстæм ноджы иу ахсджиаг фæзилæн: автор дзы аивæй фауы, кæддæр социалон рæстдзинады домæнæй чи сырæзтис (фыдракæнд бафхæрыны идейæ), фæлæ абоны царды чи нал фидауы, уыцы тугисыны æгъдау.

Нæ адæмы истори зоны, фыдæлты кард æмæ æхсары кой дунетыл куы нæрыдис, сæ авналæнтæ æмæ афæлгæсæнтæ

дæрдтыл куы уыдысты, уыцы дугтæ, фæлæ-иу сыл скодта, адæмы бынысæфтмæ чи тардта, ахæм карз рæстæджытæ дæр. Цыфыддæр знаг – тæтæр-монголы азарæй ма 17 æнусы райдианы ирæттæй цы цагъды уæлдæйттæ аззадис, уыдон дæр сæхи хæхты цъассыты бааууон кодтой. Тас уыдис, ирон адæмы таг бынтондæр куы аскъуыйа, уымæй. Уыцы карз уавæрты цардæн хъуыдис фидар æмæ карз фæтк æрæвæрын. Мæнæ куыд фыссы уый тыхххæй Цгъойты Хазби: «Иры хистæртæ домаг разындысты сæхимæ дæр æмæ алы иронмæ дæр... æгъатыр уыдысты, æхсæндзарды æгъдæуттæ чи нæ æххæст кодта, уыдонмæ. Рæдийын, асайын, адавын, гадзрахатæй рацæуын нæ барстой. Æнаккæгтыл кодтой хъоды... сырдтой сæ хъæуæй, комæй... (Ам ахуыргæнæджы бон у бафæрсын, цавæр аивадон уацмысты сæмбæлдысты хъоды кæныны æгъдауыл. Скъоладзаутæ ранымайдзысты Секъайы «Азау», Нафийы «Фыдæлты туг» æмæ æнд.; зæгъдзысты сæ хъуыдытæ, ацы уацмысты бæлвырд цаутæ цы хуызы æвдыст цæуынц, уый фæдыл). Хуыснæджы-иу куы базыдтой, уæд ын-иу давæггаг йе 'фцæджы æрæфтыдтой æмæ-иу æй афтæмæй хъæуы уынгты æркодтой. Цымæ ма уымæй худинагдæр исты уыд! Фæлæ уавæр афтæ домдта æхсæнадон царды æгъдæуттæ æвæрджытæй». *(Цгъойты Хазби. Рæстдзинад, 2005, 26 ноябрь).*

Уый фæстæ æрдзурæн ис Уырыймæгты Езетханы роман «Царды размæ»-йы иу трагикон эпизодыл (Разиаты мæлæт), фæлæ ныхмæвæрд нысанимæ: урс паддзахы фæсдзæуинтæ кавказаг адæмты æгъдæуттæ хъæддаг хуыдтой, афтæмæй та-иу сæхи пайдайæн куы уыдысты, уæд сæ разæнгардæй æххæст кодтой, сæ мидис сын сзыгъуыммæ кæнгæйæ).

Дарддæр ахуыргæнæг рахиздзæнис Тугъанты Махарбеджы сфæлдыстадмæ, скъоладзауты зæрдыл æрлæууын кæндзæнис «Нарты куывд» – нывгæнæг фыдæлты цард æмæ æгъдау зонынæн цы ахсджиаг нысаниуæг лæвæрдта, уый ирд цæвиттон. Зæгъдзæнис, раззаг урочы цы уацмыстыл цыдис ныхас, уыдоны æмрæнхъ 1920–1930-æм азты Махарбег историон-этнографион бындурыл кæй сфæлдыста нывты къорд, «Ирыстоны ивгъуыд», зæгъгæ, ахæм иумæйаг номимæ.

**Ахуыргæнæджы раныхас** дарддæр:

«Марды дугъ», Адæмы тæрхон», «Туджджынты фидыд». «Бæхфæлдисæн», «Чермен» – Тугъанты Махарбеджы ацы æмæ

æндæр нывтæ сты фыдæлты куырыхон зонд æмæ царды тызмæг рæстдзинад æвдисæг. Райсæм ныв «Куыдзæппарæн къæдзæх» (1931). Æвдыст дзы цæуы рагон карз æгъдау: Ирыстоны æвзæрст лæгтæ æгъдаухалджытæн Ныхасы хастой марыны тæрхон дæр. Уыцы тæрхон æххæстгæнæг та уыдысты фыдгæнæгæн йæхи мыггаджы лæгтæ. Къухтæ æмæ къæхтæбастæй йæ æппæрстой куыдзæппарæн былæй, уымæн æмæ, Цгъойты Хазбийы загъдау, «алчидæр худинагæй, адæмы фыдæхæй хъахъхъæдта йæхи, адæмы хъæр æмбæрста æмæ йæ бинонты фидæныл хъуыды кодта». (Ам хъомыладон нысанимæ æрдзурæн ис, ныры дуджы дæр тынг кæй хъæуы æфсарм æмæ худинагæй тæрсыны фæтк. Зæгъæм, æрæджы тæрхондонæй слестгæнæн изолятормæ фæндагыл милицæйы кусджытæй цыппары фæцæф кодта, иуы та – маргæ, афтæмæй алидзын бантыстис фæлтæрд фыдгæнæг Алибеков Георги Сабаны фыртæн (2008 азы 24 январы). Лæгмар, цы агуырдта, уый фæстæдæр ссардта, фæлæ ныхас, ссæдз боны дæргъы йæ барадхъахъхъæнджытæй чи бафæсвæд кодта, уыдоныл цæуы. Цалдæр хатты, дам ын йе 'мбæхсæн бынат аивтой, хъавыдысты йæ фæсарæнтæм ахизын кæныныл, суанг ма, дам ын уый тыххæй æхца дæр æмбырд кодтой!..

Ахæм худинаджы хъуыддæгтæ дзурæг сты, национ традицитæ рохуаты кæй аззадысты, ууыл. Традицийы сæфт та у адæмы сæфт).

Фыдæлты удварны хъомыс сæфт ма уа – ууыл йæ уд хъардта Тугъанты Махарбег Уыцы нысанимæ йæ курдиаты уидæгтæ арф ацыдысты адæмы царды историйы, йæ мифопоэтикон-магион дунеуынынады. Ам нывгæнæг ары æрмæг йе сфæлдыстадон фæндтæн, уæлмонцæй «дзуры» адæймаджы цин æмæ хъыгтыл, йæ фыдæвзарæнтæ æмæ амонды уысмтыл, йæ зæрдæйы фидыц æмæ уды уæздандзинадыл, хорз æмæ фыдæхыл, рухс æмæ талынджы хъæбысхæстыл.

### III. НЫВЫЛ КУЫСТ.

«Куыдзæппарæн къæдзæх»-ы анализмæ рахизгæйæ, ахуырдзауты цæстæнгас аздахын хъæудзæнис, сюжетмæ уыйбæрц нæ (уæлдæр ыл дзырдæуыд), тынгдæр – уацмысы экспресси æмæ йæ ахорæнты ранывæсты æууæлтæм.

Нывы композици дих кæны æртæ хайыл, æмæ дзы автор алкæмæн дæр равзæрста йæхи ахорæнтæ. Архайд (адæмы змæлд) райдайы нывы галиуварс кæронæй: фыццаг рæнхъы уынæм

уæлæмæ цæуджытæн æрмæст сæ сæртæ, къæбутырдыгæй (растдæр зæгъгæйæ та – сæ худтæ), уыдоны разæй – сылгоймæгты къорд. Нывы ацы хайы, – се ‘нкъарæнты знæт хæлбурцъæй цыма равзæрдысты, уыйау – ирд эмоцион тæппытæ: кæройнаг усы сæрыл хъулон (бур-цъæх-сырх ахуырст) кæлмæрзæн, иннæ – урс-урсид дзаумæтты, æртыккаг – тарсырх къабайы, нывы къуымы нoджы ма иу сылгоймаг – йæ хъæбысы æртæ-цыппараздзыд лæппу, сывæллон у æрдæгбæгънæг, фæлæ уæлдзарм худы; иу къаннæг, фæлæ цæхгæр контраст ма: дыууæ сылгоймаджы фæрсæй-фæрстæм, сæ иуы кæлмæрзæны бынæй æрзæбул ис сæнтсау дзыккуйы стыг, иннæйы дадалитæ – урс-урсид. Сылгоймæгтæ æмæ, уæлæмæ раздæр чи схызтис, уыцы нæлгоймæгты бардзы астæу лæууы урсбоцъоджын зæронд лæг, йе ‘ргом, чи ссæуы, уыдонырдæм. Нæлгоймæгтæ дæр сæ каст уыцырдæм скодтой, сæ цæсгæмттыл – маст æмæ фыдæхы бæрджытæ. Адæм тæрхоны лæгмæ лæууынц дæрддзæфгомау, нымдгæнгæйæ, уымæ гæсгæ дзæбæх зыны йæ бæзæрхыг гуырыконд, йе ‘рфгуыты тызмæг æлхынцъ, рахиз къухы бæрзонд систа йæ къæдз лæдзæг, мæсты тылд æй кæны (афтæ нæм кæсы, цыма йын хъусæм йæ карз æмæ цæхгæр уынаффæ: «куыдзæн куыдзы мæлæт!»); галиуæй амоны хæрдмæ, айнæджы сæрмæ (дыккаг композицион хай). Ам, кæттаджы бæрæгастæу, бæрзонд къæдзæхы цыргъ тигъыл уынæм фыдфыны ныв: дыууæ лæджы æртыккаджы – лæдзæгмæ къæхтæ-къухтæбастæй, йæ сæр бынмæ, афтæмæй – ныртæккæ былæй фесхойдзысты. Уавæры æгъатырдзинад ирдæй зыны нæлгоймæгты тыхархайдæй, сæ дыстæ рæмбыныкъæдзтæм куыд тылд сты, уымæй.

**IV. БЕСЕДÆ:**

1. Уæлдæр загътам, нывы композици æртæ хайыл дих кæны, зæгъгæ. Йæ дыууæ хайыл ын бæстон æрдзырдтам, райхæлдтам сын сæ мидис. Цы æвдыст цæуы нывы æртыккаг хайы та?

(Нывы ацы хаймæ ахæссын хъæуы айнæджы сæрмæ арв æмæ йæ бынмæ сæрсæфæн).

2. Зæгъут уæ хъуыдытæ нывы ацы композицион хайы ахорæнтæ æмæ мидисы тыххæй.

(Ахуырдзауты дзуаппытæ баххæстгæнæн ис Цæгæраты Валерийы фиппаинæгтæй нывгæнæджы ахорæнты символон нысаниуæджы фæдыл: тæрхоны лæгты рæстаг уынаффæйау айнæджы цæхгæргарст къул у сыгъдæг æмæ урс. Йæ бакомкоммæ

тыгъдад – Хуыцауы уаз бархъомысау – уазал-æрвхуыз дары, ис æй, фыдгæнæг ацы уысм цы æгæрон афтидмæ араст уыдзæнис, уый символон нысаны хуызы дæр æмбарæн).

3. Разы стут ацы хъуыдыйыл æви ма йæм ис чысыл ивддзинæдтæ бахæссæн? (Нывы хуызты интерпретацимæ ма ис чысыл хахх бафтауæн: айнæджы сæрмæ æмæ йæ алыварс рог сисхуыз мигъты æвдисынц, ацы карз тæрхонæй æрдзы гармони йæ гаччы кæй сбаддзæнис, уый).

Ахуыргæнæджы раныхас:

Рæсттæрхоны хæрзиуæгон мидисыл дзуры Тугъанты Махарбеджы «Адæмон тæрхон» дæр. Ахорæнты æвзагыл ацы хъуыды «бакæсынæн» фадат дæттынц урс хæхты фидыцджын рæгъ æмæ цъæх æрдузы сойджын хуызтæ.

Махарбеджы нывтæй бирæтæ сæхæдæг аивады алы дæснытæн систы уæлтæмæны суадон. Поэт Малиты Васо сæрмагондæй ныффыста æмдзæвгæты цикл, композитор Хосроты Тотырбег сфæлдыста симфонион эскизтæ («Дыууадæстæнон фæндыры равзæрд», «Ацæмæз уадындзæй цæгъды», «Зæйласт Арасенда», «Цоппай», «Нарты куывд»); уыдонæй раздæр Махарбеджы ныв «Зæйластыты агурынц» нынкъуыста Нигеры зæрдæ, æмæ уыцы тыхджын тæлмæнæй райгуырдис йæ зындгонд балладæ «Хур – фæдисон».

Æркæсæм-ма уæдæ, цы хуызы бандæвта Малиты Васойыл, уæлдæр цы нывыл дзырдтам, уый.

**Малиты В. Тугъанты Махарбеджы нывтæм кæсгæйæ**
*(скъуыддзæгтæ)*

<...>*Дзырддзæугæ* урсрихи зæрæдтæ
Къæйдуртыл рабадынц *зылдæй.*
Нæ кæнынц тагъд.
*Кæнынц тæрхæттæ...*
Æгас бæстæ ныссабыр.
Стæй
Нæ хистæр рахаста тæрхон:
«Табу дын уæд,
*Бæрзондылбадæг*!
Дæ *фыдæх ма баййафæд* раст лæг, –
Рæсугъд фæндæгтыл æй фæхон.

Фæлæ куы уа фыдгæнæг не 'хсæн,
Уæд æй къæдзæхы былæй фехсæм!
Кæстæртæ!
Мауал æм кæсут,
Фыдлæгæн *сыскъуынут йæ уд*!»
Æмæ куыдзæппарæн къæдзæхæй
*Ныввзилынц* аххосджыны уæд,
Йæ цард,
Йæ фыд,
Йæ туджы 'ртахæй
Бынтон куыд нал баззайа фæд.
Тæрсут,
Уæйгæнджытæ,
Тæппудтæ,
Мæнгард,
Козбау,
Цъаммар сырдудтæ!
Кæд ма уæ фыдгæнд у æмбæхст,
Уæддæр уыны дзыллæты цæст,
Æмæ дзы лидзæн нæй.
Уæ фæстаг
Фæуыдзæн фидиссаг, уæууæй!
Æмæ уын фехсдзысты уæ хъæстæ
Тæссаг куыдзæппарæн былæй.

***Дзырдуатон-фразеологион куыст:***

*Дзырддзæугæ* – влиятельный, авторитетный.
*Зылдæй* – кругом.
*Тæрхæттæ кæнын* – судить-рядить.
*Бæрзондылбадæг* – Всевышний.
*Фыдæх баййафын* – впасть в немилость.
*Уд сыскъуынын* – лишить жизни.
*Ныввзилын* – сбросить, скинуть.

***Фæрстытæ æмæ бакусинæгтæ:***

1. Куыд хуыйны, дзырддзæугæ лæгтæ кæм бадынц, уыцы бынат?
2. Кæмæн кæнынц тæрхон? Цавæр у сæ уынаффæ?
3. Куыд фæзæгъынц ирæттæм, æгады мард чи акæны,

ахæмæй? Æндæр адæмты æвзагыл ис æнгæс «базырджын ныхас»? Иронау кæнæ йæ уырыссагау зæгъут.

4. Цы хъуыдытæ уæм æвзæрын кæны ирон адæмы рагон тызмæг æгъдау?

5. Тугъанты Махарбеджы кæцы нывмæ гæсгæ фыст æрцыдис Малиты Васойы æмдзæвгæты циклы ацы хай?

6. Абарут æмдзæвгæйы æмæ нывы фæлгонцтæ кæрæдзиуыл. Раст «бакастис» автор зындгонд нывгæнæджы хъуыды?

7. Нывмæ пълан скæнут æмæ йыл уымæ гæсгæ æрдзурут

***Ахуыргæнæджы раныхас:***

Малиты Васо поэтикон ныхасæй, Тугъанты Махарбег ахорæнты хуызджын æвзагæй – дзурынц рагон æгъдауыл, фæлæ сæ нысан у абоны фæлтæрты рæдыд зондæй бафæдзæхсын: зæгъгæ, адæмы æфсарм куы бакуырм уа, сæ цыбæлты фæдыл цæугæйæ куы «схъæддаг» уой, кад æмæ æгад куы нал æмбарой, уæд уый бынысæфты фæндаг у.

Амынд хъуыды Тугъанты Махарбеджы нывты фæлхат цæуы алы хуызты, æндæр æмæ æндæр сюжетон уавæрты. Райсæм ныв «Бæхфæлдисæн».

(Нывыл æрдзурыны размæ уал бафæрсæн ис, цавæр уацмысты сæмбæлдысты скъоладзаутæ бæхфæлдисыны хабæрттыл æмæ цæуыл дзурæг у ацы фæтк? Куы хъæуа, уæд дзуаппытæ ахуыргæнæг йæхæдæг баххæст кæндзæнис).

Бæхфæлдисыны фæтк ирæттæм баззадис индоирайнаг адæмты иумæйаг дугтæй. Бæх алкæмæн нæ фæлдыстой, æрмæст нæлгоймæгтæй сæ кадджындæртæн, уыимæ-иу цардæй барæджы кары чи фæхъуыдис, ахæмтæн. Алы бæхæн нæ уыдис ныффæлдисæн: уыцы хъуыддагæн бæззыдис æрмæст хæрзхаст, хæрззылд, æнæ исты хъуаг хайуан (къуылых, сохъхъыр, æнæбарц, æнæдымæг хъуамæ ма уыдаид), хуыздæрыл нымад цыдис дугъон саргъыбæх. Бæхфæлдисæг – урсзачъе дзырддзæугæ зæронд лæг-иу бæхы æртæ хатты ингæны алыварс – галиуæй рахизмæ – æрзилын кодта, йæ галиу хъус æмæ йын йæ къæдзилы кæрон фæлыггæнгæйæ (уыдон цыдысты мардимæ ныгæд). Бæхфæлдисыны ахсджиаг хай у, амæлæг йæ мæрдтæмвæндагыл цы диссæгтæ-æмбисæндтыл сæмбæлдзæнис, уыдоныл дзурыны фæтк. Фæлдисыны уаг æмæ йемæ баст тексты мидис у магион. Адæмы куырыхон зонд нымайы, зæгъгæ, хæрзвæд куыд нæ сæфы, фыдвæд дæр афтæ. Мæрдты бæсты сты тæразы бар-

æнтау: иутæн дзæнæтмæ фæндаг аразынц, иннæтæн – зындоны хъизæмæрттæм. (Ацы уавæр æмбисонды дæсны æмæ аивæй йæ кадæг «Уæлмæрдты» равдыста Къоста). Бæхфæлдисыны тексты сæрмагонд акцент ис, амæлæг адæймаджы йе 'цæг дунемæ чи бахæццæ кæндзæнис, ахæм бæх ын ссарыны фыдæбæтттыл: æвзæрст лæгтæ арвæй зæххы 'хсæн кæм нæ басгарынц, ахæм къуым сын нал баззайы; фæстагмæ «уæларвы сæрвæтты иу бур бæрзонд айнæджы бынмæ» Уастырджийы æртæ сыгъзæринæрду æфсургъы (æндæр варианты бæхтæ сты сау, фæлæ фæлдисинаг бæхы барц Куырдалæгон сыгъзæрин доны стулы), хизгæйæ, суынынц. Уыдон фыр хъалæй сæхимæ хæстæг никæй уадзынц: рæбинаг дæндагæй лæбуры, кæройнаг зæвæтæй риуыгъы, астæуккаг у сабырдæр, æмæ уый ралас, зæгъгæ, сæ «бæлццонæн» уынаффæ кæнынц. Амонынц ын нoджы: уæларвы Куырдалæгон бæхыл цæфхæдтæ фидар ныссадздзæнис, æмæ дæ уæд бахæццæ кæндзæнис æртæ фæндаджы размæ; ам дæр, зæгъы, равзар астæуккаг.

Ахуырдзауты бацымыдис кæныны охыл ис спайда кæнæн ахæм фæрстытæй:

1. Цы амонынц марды ацы æппæт цæттæтæ? (Æртæ бæхы æмæ æртæ фæндаджы сты дунесконды мифологион *хуызæг* (модель) – Дунеон Хох (кæнæ Бæласы) вертикалон хаххыл арæзт æртæ зонæйы: уæлæрвтæ, зæххон адæмы мæнг æмæ æцæг дуне, дæлдзæх).

2. Исты æфсон нын ис «Бæхфæлдисæн»-ы тексты хуызты символикæйыл дзурынæн? (Æвæццæгæн, Уастырджийы æфсургъ – «уырдыгмæ æдзудгæ, хæрдмæ æвæлмæцгæ» – Мæрдты бæстæм хуымæтæг барæджы уд не скъæфы, фæлæ æхсарджын хæстоны. Цы нын дæтты бар афтæ хъуыды кæнынæн? Бæхы сыгъзæрин барц, ноджы, цы хохрындзыл хизы, уый хуыз (бур/тарбур) дæр. Куыд зонæм, афтæмæй тарбур, сырх хуыз, уый у хъару æмæ æхсары символикæ).

Ацы фиппаинæгтæ бафидаргæнæн ис, интерактивон фæйнæгыл кæнæ та гæххæттыл нывæй алайнаг герб æмæ тырысайы хуызисттæ равдисгæйæ.

***Нывыл куыст.***

Скъоладзаутæ сæ хъус æрдардзысты Тугъанты Махарбеджы «Бæхфæлдисын»-ы композицимæ, йæ этнографион æууæлтæм, йæ ахорæнтæм. Æрæмных æй кæндзысты Къостайы

«Уæлмæрдтимæ» æмæ зæгъдзысты уый фæдыл сæ хъуыдытæ.

Ахуыргæнæджы раныхас:

Малиты Васомæ Махарбеджы «Куыдзæппарæн къæдзæх» цы зæрдæйы уаг сæвзæрын кодта, уыимæ базонгæ стæм. Æркæсæм, нывгæнæджы æндæр уацмыс – «Бæхфæлдисын» та йæ цавæр хъуыдытыл бафтыдта, уымæ. Поэты æнкъарæнтæ сты цæхгæр контрастон. Бæлвырд хицæн кæны «персонажты» характеристикæ дæр: сæ иу «фыдлæг», «цъаммар сырдуд», иннæ – «лæгау лæг», фæцарди «раст лæгæй зæххыл». (Ахуыргæнæг кæнæ скъоладзаутæй исчи аив кæсы æмдзæвгæ).

*Фæлæ куы амæлы лæгау лæг, –*
*Ирыстон сæнкъуысы, кæугæ<...>*
*Æрхæцы урсбоцъо зæронд*
*Хæрзмыггаг аласайы рохтыл,*
*Фæдзуры*
*Амæлæджы зонд,*
*Йæ цин,*
*Йæ лæгдзинад,*
*Йæ тохтыл.*
*«Фæндараст у, мæ хур, –*
*Зæгъы, –*
*Кæй цардтæ раст лæгæй зæххыл,*
*Гъе уымæн ацы хъыг – æвдисæн...*
*Бæх дын Мæрдты бæстæм фæлдисæм,*
*Бæлццон дæ ды...*
*Лæууæн дын нæй.*
*Дзæнæты мацы бадом, мацы,*
*Цы федтай маст æмæ зынæй,*
*Уый ферох кæн дæ фæстаг балцы...»*

***Дзырдуатон-фразеологион куыст:***

*Сæнкъуысын* – всколыхнуться.

*Аласа* – мерин.

*Амæлæг* – чи амардис, уый.

*Фæлдисын* – посвящать.

***Фæрстытæ æмæ бакусинæгтæ:***

1. Цæуыл дзурæг у адæмы хъыг? Цавæр цард хонынц кады аккаг?

2. Исты бастдзинад ис циклы ацы хайæн, уæлдæр цы æмдзæвгæимæ базонгæ стæм, уыимæ?

3. Тугъанты Махарбеджы кæцы ныв уын уæ цæстытыл ауайын кæны? Цы сæргонд скæнæн ис ацы æмдзæвгæйæн та?

4. Куыд уæм кæсы, цавæр æнкъарæнтæ сдзурын кодтой поэты уацмысы ацы скъуыдздзаджы?

5. Ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, ирæттæм цæмæн фæзындис бæхфæлдисыны фæтк?

***Ахуыргæнæджы раныхас:***

Раззаг урочы мах дзырдтам ирон кафты вазыгджын нысаныл, циндзинады цаутимæ æмдзу кæй кодта, ууыл. Фæлæ нæ рагфыдæлтæм уыдис «Тудджынты фидыд», «Цоппай», «Чепена» æмæ æнд. ахæм ритуалон кæфтытæ дæр. Сæ мидис цавæр у, уый абон базонæн ис æрмæст наукон-иртасæн куыстытæй. Æмæ ма ноджы – аивадæн йæхи фæрцы дæр.

(Ахуыргæнæг скъоладзаутæн рафæзмдзæнис иртасджыты хъуыды, зæгъгæ, Цоппай нæ рагон уырнынады уыдис æрвæрттывды бардуаг, ирæттæ чырыстон дин куы райстой, уæд Цоппайы культ сиу ис Библийы Илиайы культимæ (Уац/уаз+-Илиа); ноджы зæгъдзæнис, арв-иу кæй æрцавта, ууыл кæй не 'мбæлдис кæуын, уымæн æмæ рагон адæм хъуыддаг афтæ æмбæрстой, цыма уæларвон тыхтæ ахæм хуызы æвдыстой сæ хæрзаудæн адæмыл; æрвдзавды алыварс-иу уайтагъд хъамайы бырынкъæй æрзылдтой егъау зиллакк, æмæ уыцы хаххæй мидæмæ цæуын нæ фæтчыди. Хъæубæсты ас адæм-иу уынгмæ ракалдысты æмæ-иу, фæндырдзæгъдгæ æмæ заргæ, æртæ хатты марды алыварс къæйттæ-къæйттæй æрзылдысты. Стæй-иу, нырмæ ифтыгъд чи нæ уыдис, ахæм дыууæ уæныджы æрбакодтой æмæ-иу сæ уæрдоны сифтыгътой. Марды-иу, арвы цæф æй куыд æрæййæфта, афтæмæй уæрдоны бавæрдтой, галты сæхи бар ауадзгæйæ. Кæм-иу æрлæууыдысты, уым æмбæлдис æрвдзавды бавæрын: дзыхъхъ-иу хæрз уæлæнгай скъахтой, уыйхыгъд марды ингæныл дуртæй арæзтой егъау цæнд. Йæ алыварс-иу ын сæхгæдтой, æмæ уæдæй фæстæмæ ам уыдис мыггаджы кувæндон. Алы аз дæр-иу ацы ран кусарт акодтой æмæ куывды бадтысты (хист нæ кодтой, æрвдзæфы мардыл хъыг кæнын не 'мбæлдис).

О фæлæ цæмæн бахъуыдис Тугъанты Махарбеджы ацы уырнынадимæ баст сюжет? Цы нын дзы зæгъынмæ хъавы?

Махарбеджы иугæндзон сагъæсы æфтыдтой адæмы историон хъысмæт, цъæлтæ-дихтæ сæ чи кæны, уыцы хъаугъатæ, фидæнмæ фæндагыл æрдзон æмæ хи къухтæй арæзт цæлхдуртæ. Уымæ гæсгæ йæ нывты арæх уынæм фидыды, иудзинады мотивтæ. Фыдæлты царды куырыхон зонд æмæ гармонийы рухсæй йемыдзаг сты «Дагом – адæмы тæрхон», «Нæлгоймæгты ритуалон кафт «Симд», «Найгæнæн хохы», «Цоппай» æмæ æнд. Ацы нывты композици арæзт у зиллаччы уагыл. Тымбыл зылды (кафты) формæ (хоровод) ис дунейы æппæт адæмтæм дæр. Символон хуызы уый амоны этносы æнæхъæндзинад (йæ æнæниз, æнæкайд уавæр). Нæ рагфыдæлтæ дæр-иу стыр æртыты алыварс дыууæуæладзыгон гуыппсимд хуымæтæджы нæ самадтой: мифологион æгъдауæй тырныдтой, æгæрон космосæй сæм цы энерги цæуы, уый рæстæгæй-рæстæгмæ сног кæнынмæ, сæхи дзы схъаруджын кæнынмæ. Нырыккон иртасæг æмæ аивады дæсны Цæгæраты Валери Тугъанты Махарбеджы нывты фæдыл фиппайы, зæгъгæ, автор уыдоны фæрцы «хъавы нæ зæрдыл æрлæууын кæнын, æппæт адæмтæн дæр кæй ис, алкæмæн йæхи хъысмæтмæ гæсгæ, ирвæзынгæнæн фæндаг». Æвæццæгæн, Тугъаны-фырты «Цоппай» æцæг у, чи нæ ферох ис, фыдæлтыккон иудзинады уыцы формулæ нæ хъуыдæджы сног кæныны фæрæз.

***Нывыл куыст.***

Тугъанты Махарбеджы «Цоппай»-ы уынæм, дæрдтыл чи ныззылдис, адæмы ахæм æнгом рæнхъ: сылгоймагæй-нæлгоймагæй, къæйттæ-къæйттæй, тæрккъæвда æмæ арвы цæлхъытæ ницæмæ даргæйæ, æрвдзæфмæ дæрддзæфгомау хаххыл «цоппай» кæнынц. Фыдæлтыккон фæткмæ гæсгæ, ис се 'хсæн фæндырдзæгъдджытæ дæр. Нывы бæрæгастæу, дыууæ пæлæхсар бæласы бын галуæрдоны – Хуыцауы «хорзæх» кæй баййæфта, уыцы «æвзæрст» адæймаджы мард. Галтæ кæм æрлæууыдысты, уым мигътæй æмæхгæд арвы тыгъдад Уациллайы цирхъы рæхуыстæй цæхæртæ акалдта, æмæ æрвхуыз рухсдзоны æрдæгмæ разындис бардуаджы тызмæг цæсгом, йæ сæрыл – тахъа, цыргъаджы фистон нылхъывта йæ армы. Æрвæрттывдæй кæрдæгджын лæгъз къуылдым æгасæй ныррухс ис, йæ алыварс æрзылди цоппайгæнджыты егъау зиллакк, афтæ егъау, æмæ нæм йæ кæрон нæ зыны. Сæ сæрмæ уæлиаугомау æрæнцадис сæнтсау мигъты саст тæлм, Уациллайы карз риуыгъдтытæй ранæй-рæтты

цæрдхуынкъ фæцис, æмæ дзы арвæрттывды зынг фæттæ алырдæм ныкъкъæдзтæ сты. Цоппайгæнджыты æнæнымæц рæнхъы алы сурæт дæр у бæстон фыст, хицæн кæнынц сæ дарæс, цæсгомы æнгас, сæ лæудæй (кафты сæ чи цы бынат ахсы æмæ куыд змæлы, уымæй). Сæ цæсгæмттæ ныйирд сты, мигъты скъуыдты æхсæнтæй сыл цы рухс хауы, уымæй; сæ райст-бавæрд фæлыст – морæ, сырх, бур, æрвхуыз æмæ кæрдæгхуыз тæппытæй зыны. Уыцы хуызджын ирд тæппытæ саудалынг арвы уадздзагимæ куы æрæмных кæнай, уæд нæм афтæ фæкæсдзæнис, цыма нывгæнæг адæмы æнгом зылдмæ сæрмагондæй хъавы нæ цæстæнгас аздахын: ома æрдзы тыхы ныхмæ хицæнтæ æмæ иугæйттæй кæй нæ лæууынц, уый хорз у, иумæ сын суанг арвы гæрæхтæй дæр ницы тас у.

***Фарст:***

1. Иу ныхасæй куыд фæнысан кæндзыстæм нывы идейæ? (Адæмы иудзинады – сæ уæлахиз).

Ныр та ахуыргæнæг кæнæ скъоладзаутæй исчи аив кæсы Малиты Васойы æмдзæвгæты циклæй скъуыддзаг.

*Хъаймæт* æрцыд.
Арв зæхмæ смæсты.
Цы йæм уыди – æвирхъау хъæр,
Дон, дымгæ, их æмæ цæхæр –
Æппæтдæр бахъуыдысты хæсты.
Арц фестад Уацилла, зынг арц!
Йæ къах къæдзæхы тигъыл скъуыры, –
Нæргæ мæйдары сау хъуымац
Цырен кæлмыты ‘взагæй скъуыны.
Æнамонд адæм!
Кафут, зарут,
Табу кæнут,
Цоппай кæнут!
Фæлыгъд кæддæр тæргай уæ уд,
Æмæ йæ ныр уæ сæфты ссарут.
Цæмæй сæ зыны кафой адæм,
О, уымæн цас хъару хъæуы!
Æвæццæгæн,
Йæ бындур цардæн
Ныфс æмæ зарæгыл лæууы.

***Дзырдуатон-фразеологион куыст:***

Хъаймæт – дунейы сæфт, страшный суд.

Зонды дойны сæттын – утолять жажду знаний (ума).

***Фæрстытæ æмæ бакусинæгтæ:***

1. Цавæр у ацы поэтикон скъуыддзаджы пафос?
2. Куыд æвдыст цæуынц æрдзы абухыны нывтæ? Абарут сæ Тугъанты Махарбеджы нывимæ.
3. Куыд æмбарут ацы ныхæстæ?

– Арц фестад Уацилла, зынг арц!

– Фæлыгъд кæддæр тæргай уæ уд, Æмæ йæ ныр уæ сæфты ссарут.

4. Уæ хъус æрдарут, æрдз удджынæй æвдисыны мадзæлттæм, уæ тетрæдтæм сæ рафыссут. Сæ мидис сын рафæлгъаут.
5. Зæгъут цавæр мыртæ фæлхат цæуынц (аллитераци) ацы поэтикон уацмысы æмæ цы нысанимæ? (Мыртæ **хъ, къ, ц** -йы фæлхатæй нæ хъустыл уайынц арвы æвирхъау цæлхъытæ æмæ æрвæрттывды цъæхснаг къæрццытæ, мыртæ **с, з** фæзмынц тæрккъæвдайы сæх-сæх).
6. Куыд уæм кæсы, ис афтæ зæгъæн, Малиты Васойы ацы æмдзæвгæ ныв «Цоппай»-ы æрмæст дзырдон вариант у, сæ мидис æмхалдих у, зæгъгæ?
7. Цавæр поэтикон рæнхъытæ сбæззиккой Тугъанты Махарбеджы ацы нывмæ эпиграфæн? (Къоста: «Цæйут æфсымæртау раттæм нæ къухтæ Абон кæрæдзимæ...».
8. Цæмæй актуалон сты абон Махарбеджы нывтæ æмæ сæ поэтикон интерпретаци Васойы æмдзæвгæты циклы?

## V. УРОЧЫ МУЗЫКАЛОН ХАЙ.

Урочы фæуынмæ æввахс саразæн ис музыкалон викторинæ. Ахуырдзаутæ радыгай байхъусдзысты Хосроты Тотырбеджы музыкæйæ скъуыддзæгтæм æмæ фæлвардзысты базонын, уæлдæр цы сюжеттыл цыдис ныхас, уыдонæй кæцыйы бындурыл фыст у, уый. Раст дзуапп куы ссарой, уæд та раттын хъæудзæнис ног хæс: цæмæ гæсгæ сбæлвырд ис иу кæнæ иннæ музыкалон сюжет. Уæлдай бæстондæр æрдзурдзысты симфонион эскиз «Цоппай»-ыл.

Дарддæр ахуырдзаутæ сæ хъуыдытæ зæгъдзысты аивæдты синтезы нысаниуæджы фæдыл мæнæ ахæм фæрстытæ æмæ бакусинæгты фæрцы:

1. Цавæр сæрмагонд мадзæлттæй пайда кæнынц аивады алы къабæзты (поэзи, нывкæнынад, скульптурæ, музыкæ, балет, оперæ æмæ а. д.)?

2. Цы хуызы агайынц адæймаджы æнкъарæнтæ поэзи, нывкæнынад, музыкæ? Аивады ацы хуызтæй уæм кæцыйы хъомыс фæкастис тыхджындæр, ахадгæдæр æмæ цæмæн?

3. Урочы цы уацмыстыл цыдис ныхас, уыдоны æдде уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, аивады алы дæснытæн (фысджытæ, нывгæнджытæ, композитортæн æмæ а. д.) иумæйаг цы темæтæ (сюжеттæ) систы, ахæмтæй иуцалдæр. Уæ удыхъæды рæзтæн цы ахъаз сты? (Аивады алы дæснытæ: нывгæнæг, скульптор, композитор, фыссæг, кино кæнæ театры режиссер æмæ а. д. иу темæйыл куы бакусынц, уæд се сфæлдыстадон гæнæнтæ нođжы æххæстдæрæй сбæлвырд вæййынц. Уæд адæймаг цыма нæртон куывды фæбады: йæ æнкъарæнтæ парахатæй райхæлынц, йæ зонындзинæдтæ кæнынц фылдæр æмæ тыхджындæр).

Скъоладзауты цæстæнгас та ног урочы эпиграфмæ аздахгæйæ («Живопись – немая музыка, а поэзия – говорящая живопись»), ахуыргæнæг хатдзæг кæны:

Кæд Махарбеджы этнографион кæттæгтæ «æгомыг» сты, уæддæр сæм кæсæм, æмæ нæ хъусты азæлы Уациллайы – йæ зынг фæтты рæхуыстимæ æмдзугæнæг – æрвнæргæ хъæлæс, бæлвырдæй нæм æрбахæссынц урсбоцъо тæрхоны лæджы карз æфхæрæн ныхæстæ, йæ мæсты сидт: «Кæстæртæ! Мауал æм кæсут, Фыдлæгæн *сыскъуынут йæ уд*!» кæнæ бæхфæлдисæджы хиуылхæцгæ, царды философийæ ифтонг, хатдзæгтæ.

Малиты Васойы æмдзæвгæты циклы сæргонд («Тугъанты Махарбеджы нывтæм кæсгæйæ») куы нæ уаид, стæй куы нæ зониккам, нывгæнæг æмæ поэт æмдугонтæ не сты, уый, уæд бæлвырдæй нæ зæгъиккам, Махарбеджы иу кæнæ иннæ ныв æмдзæвгæмæ иллюстраци у æви æмдзæвгæ – нывы курдиатджын интерпретаци. Уыйхыгъд дызæрдыггаг нæу æндæр хъуыддаг: дыууæ уацмысæн дæр егъау у сæ хъомыс, кæрæдзийы æххæст кæнынц, иумæ тыхджындæр ахъарынц адæймаджы уæнгты, ахадынц не ‘нкъарæнтыл.

## VI. ХÆДЗАРМÆ КУЫСТ:

1. Малиты Васойы уацмыс «Тугъанты Махарбеджы нывтæм кæсгæйæ» кæронмæ бакæсын. Ахъуыды кæнын, цавæр нывы

бындурыл сæвзæрдис циклы иу кæнæ иннæ æмдзæвгæ, кæрæдзиимæ сæ абарын.

2. Амынд сюжеттæм хи сфæлдыстадон ахаст равдисын (нывaивад, музыкæ, поэзи æмæ æндæр аивæдты фæрæзтæй).

**Уæлæмхасæн литературæ** (ахуыргæнæгæн æххуысæн):


1. Айларты Измаил. Ирон фарн. Дзæуджыхъæу, 1996. 362 – 367 фф.

2. Дзантиев А. А. Махарбек Туганов – народный художник // Вопросы осетинского искусства. Орджоникидзе, 1983. 112-124 фф.

3. Хаким М. Махарбек Туганов – народный художник Осетии. Орджоникидзе, 1962.

4. Цагараев В. Искусство и время. Владикавказ, 2003. 367 – 453 фф.

# «МАХ ДУГ» 2010 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА:

## АБАЙТЫ ВАССО: 110 АЗЫ

*Абайты Вассо.* Сталин. Уац. XII, 76.

## ÆМБАЛТЫ ЦОЦКО: 140 АЗЫ

Разныхас. VIII, 98.
Документалон æрмæг. VIII, 101.
*Хæныкъаты Уæлгъа.* Фыстæг мæ кæстæрмæ. VIII, 106.
*Хъодзаты Æхсар.* Сæгъ нын нæ чиныг куы бахæра. Уац. Цоцкойы мысгæйæ. Æмдзæвгæ. VIII, 108.

## БАБОЧИТИ РУСЛАН: 60 АНЗИ

*Бабочити Руслан.* О, мæ нивæ, о, мæ карнæ!.. Æмдзæвгитæ. IX, 24.

## БАРАХЪТЫ ГИНО: 120 АЗЫ

*Барахъты Гино.* Æртæ рæсугъды. I-II, 11.

## БАСИТЫ МИХАЛ: 90 АЗЫ

*Баситы Михал.* Цардæнхъæл. Сæргæндтæ романæй. V, 75.

## БЕСАТЫ ТАЗЕ: 100 АЗЫ

*Бесаты Тазе.* Новеллæтæ. VI, 7.

## БУКУЫЛТЫ АЛЫКСИ: 90 АЗЫ

*Букуылты Алыкси.* Хид. Радзырд. V, 61.

## ГАРДАНТЫ МИХАЛ: 140 АЗЫ

*Гарданты Михал.* Таурæгъ æмæ аргъау. I-II, 5.

## ГИБИЗТИ ОСКАР: 50 АНЗИ

*Гибизти Оскар.* Мæ еунæг курдиадæ. Æмдзæвгитæ. III, 70.

## ДАУЫРÆ: 75 АЗЫ

*Дауырæ.* Дуджы улæфт. Æмдзæвгæтæ. XII, 33.

## ДЗАДТИАТЫ ТОТЫРБЕГ: 100 АЗЫ

*Дзадтиаты Тотырбег.* Диссаджы сæн. Радзырд. XII, 7.

## ДЗУЦЦАТЫ ХАДЗЫ-МУРАТ: 75 АЗЫ

*Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Ма-иу фæтæрс, дзыцца!.. Æмдзæвгæтæ, хъуыдытæ. I-II, 43.

## ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛ: 70 АЗЫ

*Джыккайты Шамил.* Хæрзгæнæг. Æмдзæвгæтæ I-II, 54.

## КАСАТЫ БАТРАДЗ: 60 АЗЫ

*Касаты Батрадз.* Кæддæры рухс къæсæр. Æмдзæвгæтæ. IV, 97.

## НАФИ: 85 АЗЫ

*Нафи.* Æгас цу, хур! *Æмдзæвгæтæ.* I-II, 36.

## АЛЕКСАНДР ТВАРДОВСКИЙ: 100 АЗЫ

*Александр Твардовский.* Дыууæ æмдзæвгæйы. VII, 79.

## ТОКАТЫ АСÆХ: 100 АЗЫ

*Токаты Асæх.* Кæй уæрдоны бадай... Радзырд. **IV**, 8.

## ТОКАТЫ ГОГКИ: 100 АЗЫ

*Дауыраты Дамир.* Ироны портрет Мæйыл. Скъуыддзæгтæ чиныгæй. XI, 91.

## ТОМАЙТЫ МИСУРХАН: 70 АЗЫ

*Томайты Мисурхан.* Этюдтæ. VII, 67.

## ХÆМЫЦАТЫ АЛБЕГ: 70 АЗЫ

*Хæмыцаты Албег.* Кæм дæ, æцæг амонд? Æмдзæвгæтæ IV, 16.

## ХУАДОНТЫ ИССÆ: 100 АЗЫ

*Хуадонты Иссæ.* Хъуыраны дуг фæци. Сæргæндтæ уацмысæй. V, 53.

## ХУЫТЪИНАТЫ ЦЫППУ: 100 АЗЫ

*Джыккайты Шамил.* Разныхас. VI, 21.
*Хуытъинаты Цыппу.* Царды тын — фæллой. Æмдзæвгæтæ, фельетон. VI, 24.

## ХЪАЙТТАТЫ СЕРГЕЙ: 90 АЗЫ

*Хъайттаты Сергей.* Кочысаты Мухарбег. Музыкалон драмæ. I-II, 17.

## ХЪУЫЛАТЫ СОЗЫРЫХЪО: 110 АЗЫ

*Хъуылаты Созырыхъо.* Дыууæ къæрныхы. Радзырд. VII, 8.

## ЧЕДЖЕМТЫ ГЕОР: 70 АЗЫ

*Чеджемты Геор.* Прозаикон уацмыстæ. VII, 30.

## АНТОН ЧЕХОВ: 150 АЗЫ

*Антон Чехов.* Радзырдтæ, хъуыдытæ. I-II, 153.

## ЦГЪОЙТЫ ХАЗБИ: 70 АЗЫ

*Цгъойты Хазби.* Новеллæтæ, этюдтæ. IX, 6.

## ПОЭЗИ

*Абайты Эдуард.* Рæстæджы фæлмæй. Æмдзæвгæтæ. VI, 105.
*Азау.* Хурбалцы. Æмдзæвгæтæ. III, 42.
*Амагæ.* Сылгоймаг. Уарзт. Æмдзæвгæтæ. III, 5.
*Биазырты Кромвел.* Цауæй-цаумæ. Æмдзæвгæтæ. IV, 105.
*Бырнацты Барон.* Рухс фæндтæ тау. Æмдзæвгæтæ. VIII, 91.
*Габуты Хазби.* Тæхуды. Æмдзæвгæтæ. VII, 63.
*Годжыциан-Челдыты Надя.* О, нæ Иры зæхх. Æмдзæвгæтæ. III, 58.
*Дауырæ.* Цыппар æмдзæвгæйы. III, 28.
*Дыгъуызты Тенгиз.* Уды уаз сæнттæ. Æмдзæвгæтæ. X, 86.
*Кокойты Эльзæ.* Нæ риссæгтæ. Æмдзæвгæтæ. VI, 108; Хæрын дæ рухс цæстытæй ард. Æмдзæвгæтæ. XI, 67.
*Къадзаты Станислав.* Урс тымыгъ. Æмдзæвгæтæ. VIII, 5.
*Къудухты Маринæ.* Мæ удлæууæн. Æмдзæвгæтæ. IX, 101.
*Плиты Феликс.* Анатоли Баранкевичмæ. Æмдзæвгæ. III, 89.
*Рæмонты Геор.* Уды æлвæст хъистæ. Æмдзæвгæтæ. VI, 100.
*Скъодтати Эльбрус.* Æнæсзагъд æндзæвгитæ. X, 75.

*Тедеты Ефим.* Уæззау сагъæстæ. Æмдзæвгæтæ. XI, 48.
*Фидараты Руслан.* Сусæг арфæ. Æмдзæвгæтæ. VIII, 81.
*Хæмыцаты Албег.* Мæ цардвæндаг — уæззау. Æмдзæвгæтæ. XII, 55.
*Хъодалаты Герсан.* Ирдзæрæн. Æмдзæвгæтæ. X, 58.
*Хъодзаты Æхсар.* Ирон лæг. Æмдзæвгæтæ. I-II, 141.
*Цомайты Ростислав.* Арвы дуар. Æмдзæвгæтæ. III, 79.

## ПРОЗÆ

*Абайты Лавренти.* Æртæ хабары. III, 86.
*Айларты Измаил.* Тæрхоны лæгтæ. Кадæг. Дарддæр. X, 5; Кæрон. XI, 5.
*Æлхъацаты Аслæнбег.* Хъæдгæройнаг хабæрттæ. X, 84.
*Бердиаты Владимир.* Боныг. Малиты Хасаны разныхас. V, 118.
*Бибылты Граф.* Æцæг хабæрттæ. V, 128.
*Бицъоты Грис.* Фæсныхас. III, 56.
*Гусалты Барис.* Уастырджийы уазæг. Этюд. V, 133.
*Доцоты Зоя.* Ханты цагъд. Радзырд. III, 45.
*Джусойты Нинæ.* Сæхъис къуыбылой. Радзырд. III, 30.
*Дзасохты Музафер.* Мæйты дæргъæн азтæ. VIII, 15; IX, 35.
*Кцойты Астемыр.* Мысинæгтæ. XII, 67.
*Малиты Хасан.* Зымæг Зауреты. Уацау. I-II, 65.
*Мамиаты Таймураз.* Мысинæгтæ. X, 66.
Нæрæмон Сэмюэл. IV, 111.
*Саутæты Тамилæ.* Новеллæтæ. XII, 61.
*Хуыгаты Сергей.* Уыцы тæссар-мæссар фæндаг. Уацау. IV, 27; Кæрон. VI, 30.
*Цоколаты Насырбег.* Дзывгъуисы таурæгътæ. XI, 54.
*Хъариаты Тамарæ.* Аивады фæндагыл. Радзырд. III, 8.
*Черчесты Хъасболат.* Чысыл радзырдтæ. VIII, 83.
*Чъерджиаты Умархан.* Æцæг цаутæ. XII, 40.

## ТÆЛМАЦТÆ

*Лев Толстой.* Цыбыр хабæрттæ, зонды ныхæстæ. IX, 131.

## НÆ ЧЫСЫЛ ХУРТÆН

*Джиоты Катя.* Номивæнтæ. Радзырдтæ. III, 61.

## ХÆСТ ÆМÆ УÆЛАХИЗ

**«Зæгъут-иу мын мæ зæронд мадæн...»** V, 6.
*Æлборты Хъазмæхæмæт, Баситы Дзамболат, Белеккаты Харитон, Елехъоты Мурат, Калоты Хазби, Кочысаты Мухарбег, Кучиты Владимир, Наниты Васо, Тауитты Дзегут, Тъехты Барис, Цоциты Герсан.* Æмдзæвгæтæ, фыстæджытæ, боныгæй скъуыддзæгтæ. V, 7.

**Арфæ** V, 34.
**«Кæс мæнмæ æнхъæлмæ, кæс...»**
*Хъазбегты Хъазбег, Хъайтыхъты Геор, Плиты Грис, Гафез, Цæгæраты Максим, Чехойты Сæрæби, Мыртазты Барис, Хъайтыхъты Азæмæт, Сечъынаты Ладемыр, Нафи.* Æмдзæвгæтæ, æндæр æрмæг. V, 35.

## ИРОН СЫЛГОЙМАГ

III, 65, 103.

## АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

Кадджытæ. III, 93.
Сидзæргæс. Аргъау. VIII, 129.
Аргъæуттæ. IX, 113.
Аргъæуттæ. XI, 72.

## АИВАД, КУЛЬТУРÆ

Нæ номдзыд Бало. VII, 88.

## ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*Гаглойты Алинæ.* Æхсар æмæ намысы æууæлтæ Нафийы хæстон лирикæйы. I-II, 18О.
*Цопанты Ритæ, Уаниты Аллæ.* Метафорæ Плиты Грисы трагеди «Чермен»-ы. Уац. III, 109.

## ПУБЛИЦИСТИКÆ

*Æлборты Таймураз.* Зонды бынат ирон адæмон философийы. I-II, 200.
*Дзиццойты Юри.* «Цæгат» æмæ «Хуссар»-ы концепци Къостамæ. I-II, 185.
*Мурасты Эльбрус.* Удæгæстæй мæ бон базыдтон... X, 96.

*Плиты Муссæ.* Кæрон скæнын афон у. I-II, 189.
*Рубайты Барис.* Фæтæджы «хæрзт» ирон адæмæн. X, 117.

## СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

*Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Ацы хæхтæм уазæгуаты стæм. Æмдзæвгæтæ. VII, 21.

## НЕ ‘ВЗАГ — НÆ ФАРН

Мадæлон æвзаджы æппæтдунеон бонмæ. I-II, 207.
*Цгъойты Хазби.* Не ‘взаг — нæ историон адрис. IV, 134.

## РÆСТÆГ — РÆСТÆВЗАРÆН

*Хъодзаты Æхсар.* Хъæстытæй хъæзтытæ? Документалон æрмæг. XII, 95.

## АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

*Мамиаты Изетæ.* Аивад — удварны рæзæн. I-II, 231; III, 119; VI, 117; VII, 105; XI, 119; XII, 122.
*Хæмыцаты Фузæ.* Хибар куысты хуызтæ ирон æвзаджы урокты. VI, 131.

## УИДÆГТÆ

*Абайты Лаврენти.* Мæ райгуырæн хъæу. XI, 111.
*Гоститы Ларисæ.* Рухстауæг, миссионер, ахуыргæнæг. Уац. III, 112.
*Есиаты Хасан.* Уыд адæмæн лæггадгæнæг. I-II, 218.
«Æфсир»-ы 100 азы. I-II, 227.
Уырнæнтæ æмæ мæнгуырнæнтæ. VII, 99; X, 133.

## «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

Багаты Барисы орнаменталон куыстытæ. I-II, 171.
Дзанæгаты Чермены куыстытæ. V, 28.
Дзантиаты Юрийы куыстытæ. VIII, 124.
Кцойты Виталийы куыстытæ. XII, 89.
Къорнаты Аланы куыстытæ. IV, 127.
Лотиты Игоры куыстытæ. VIII, 93.
Остъаты Варварæйы орнаменталон куыстытæ. X, 89.
Плиты Валерийы куыстытæ. VII, 82.
Соскъиты Владимиры куыстытæ. VI, 110.
Темираты Викторы куыстытæ. X, 125.

Харебаты Аланы куыстытæ. IX, 106.
Хæсты темæ. V, 139.
Лилия Расулова, Светлана Чаплыгина æмæ Бæрæзгаты Натальяйы куыстытæ. XI, 97.

**АРВИСТОН**

I-II, 244; III, 136; V, 156; VI, 138; VII, 125; VIII, 135; XI, 134.
**Нывгæнæг мидбылты худы.** VII, 141.

**Тæфæрфæс**

*Хъайттаты Сергей.* III, 141.
*Тетцойты Таймураз.* V, 159.

**«Мах дуг» 2010 азы ныммыхуыр кодта.** XII, 137.

Цъары фæрстыл:

*2. Нарты кадджытæ.*

*3. Сусæны мæй.*

*4. Нарты фæткъуы.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору за соблюдением законодательства в сфере массовых коммуникаций и охране культурного наследия по Южному Федеральному Округу.*

*Свидетельство о регистрации СМИ ПИ №ФС 10-6649 от 20 июня 2007 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Государственное учреждение «Литературно-художественный и общественно-политический журнал «Мах дуг»*

*Подписано к печати 05.12.10. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Mygl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1200 экз. Заказ № 844. Цена свободная.*



*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru. Тел. 25-09-64; 25-09-74; 25-22-47.*



*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*


Сусэены моей




Индекс 73247